9

2012





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2012

# МАХ ДУГ

9

2012

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ



**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал



Дзæуджыхъæу, 2012

## НОМЫРЫ ИС:

*АБАЙТЫ Эдуард.* **Авд æмдзæвгæйы** 5

*АГЪНАТЫ Гæстæн.* **Темыры кæстæр чызг.** Роман. Кæрон 10

**ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ: 90 АНЗИ**

*ТЕТЦОЙТИ Таймураз.* **Царди дæргъæн тох.** Æмдзæвгитæ 66

*КОБЕСТЫ Зауырбег.* **Чысыл нывтæ** 73

*ГАДЖИТЫ Барис.* **Дардмæ фæцыдтæн.** Æмдзæвгæтæ 77

*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Сæрдыгон райсом.** Æмдзæвгæ 85

**СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ**

*ГАДЖИТЫ Георги.* **Æртæ новеллæйы** 86

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

**Аргъæуттæ** 93

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 101

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*ТЛАТТЫ Хох.* **Фын.** Радзырд 112

**АРВИСТОН** 132

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

*АБАЙТЫ Эдуард*

# АВД ÆМДЗÆВГÆЙЫ

* * *

**Хуыцауы рæтъузæм мах абон къæцæлтæй,**
**Хуыцауы бар нал ыстæм, нал,**
**Æмæ нын æй сисдзæнис искуы нæ сæртæй.**
**Куы систæм æнæкъуди хъал.**

**Нæ хæры къæдзилмæ ‘ввахс сины фыд чидæр,**
**Дзыкку мæм нæ хауы, æргъиу.**
**Хуыцауы бын махæй уæлбикъон нæу иу дæр,**
**Хуыцауы бын иу ыстæм, иу.**

**Æхсæры аппæй, дам, æфсымæртæ авдæй**
**Фæцардысты иумæ кæддæр.**
**Зæххы къори махæн – нæ чырын, нæ авдæн,**
**Хуыцау нын нæ ратдзæн æндæр.**

**Цыкурайы фæрдыг – зæххы къори махæн,**
**Æрмæстдæр цæрыны тыххæй.**
**Уый залиаг калмы хъæстæ дзыхæй скъахæм,**
**Уый дарæм зæлдаджы тыхтæй!**

**Уæхи, уæдæ, адæм, Хуыцауы бар уадзут,**
**Хуыцауы бар уадзут уæхи!**
**Кæрæдзийы сау туг нæ зæххыл цы калут,**
**Ныккалут ыл куысты уæ хид!**

**Уæ царды æвзарты рæнхъ рувгæ фæхæссут,**
**Уæ чъиухиды куыстæй – уæ цард.**
**Ныууадзут уæ быцæу, уæ Хуыцаумæ скæсут,**
**Æмæ уæм æркæсдзæн Хуыцау!**

* * *

Искæйы хорзмæ ды басыгъдтæ
Æмæ, цæхæрайау, асырх дæ.
Дарддæр æй афтæ ымайдзынæн,
Искæйы зынып кæй райдзынæ.

Искæйы хорзмæ нæ басыгътæн,
Фæлæ æфсæрмæй æз асырх дæн.
Бауырнæд дæ, æз дæ бæсты дæр
Абон цæмæндæр къæмдзæстыг дæн...

* * *

О, ды кæй дæ, мæгуыр у,
Сæгъæй уæрыкк нæ гуыры!...
Фаджысыл дæр æрбады
Амонд, зæгъынц нæ адæм.

Хорз, дам, ды у, хорз, абон,
Уæд мæн та, дам, уæд амонд.
Хорз амондæн ахъаз у?..
Ме 'намондыл мæ уадзут!...

* * *

Цы ма хъæуы марды? Сыджыт!
Хуымæтæджы номзонæн цырт.
Мæрдтæм кæнæм мах та кæдтæ,
Æнæхъуаджы бирæ – кæндтæ.

Нæ, дам, дзы уыд цъиуы æхсыр,
Æндæр дзы цы нæ уыди, цы!
Æгæстæн хæринаг ысси...
Хæрдзысты нын мæрдтæ нæхи!!!

* * *

Уыд уæрæх сын иу хæдон,
Бахауд къæм сæ мыды?
Удæнцой цард, иугъæдон
Цард сæ кæд нæ хъуыди?..

Дыууæ дæр – цы ракæнон,
Бауром сæ, марадз!..
Дон куы нæ цæллахъ кæна,
Уæд кæны цъымара?..

О, цы кодтой, уагæры,
Басгуыхтысты 'взаггæл.
Дон йæ былтæй ку' акæлы,
Знаггад кæны, знаггад...

* * *

Сисут уæззау чырын,
лæппутæ,
уæлныхты
сисут!
Ацы ныййарæг мад
махæн нæ ис у,
нæ дис у!..

Фæлæ цыфæнды
куы фæкæнæм, –
зæхх у
нæ раттæг,
æмæ нын уымæй
нæй ахауæн,
асхъиуæн
дарддæр.
Уæдæ йæ зæхмæ,
зæхмæ, лæппутæ,
æруадзут,
фæлæ йын царды
йæ уæззау кад хæссын
фæразут!..

# НÆ ХЪУГ

Дзурын нæ зыдтай,
æндæр
адæймаджы цæстытæй
кастæ.
Де 'нкъараг зæрдæмæ хъардта
уарзт дæр
æмæ маст дæр.
Афтæ дыл сахуыр ыстæм,
æмæ бинонтыл уыдтæ
нымад.
Ды – нæ удлæууæн,
нæ зæрдæдарæн,
нæ мад.
Диссаг,
скъæтæй-иу
бинонты змæлдмæ
хъуыстай.
ницы дæ хъуыдис,
ницы,
æнæ рæвдыдæй,
схуыстæй.
О мæ хъуг,
ды хæдзармæ цæуын та
куыд зыдтай,
рæгъауы разæй йæм
æдзух
тындзыдтай!
Кæртмæ-иу куы бахызтæ,
уæд-иу дæуæй хъалдæр
кæм уыд!
Скъæты-иу куы 'рлæууыдтæ,
уæд-иу дæ уд
æрцыд.
О мæ хъуг!
Ды де 'хсырмæ цыма
дæ уды хъарм
уагътай.

«Уæд уын æвдадзыхос»,
æвæццæгæн-иу
загътай.
Сойуырз
æмæ сойбыл уыдыстæм
мах
дæ фæрцы,
фæлæ нын цы кодтай,
æнæнхъæлæджы дыл
цы æрцыд?!
Де 'ргæвдджытæ дæ
ныр æргæвдæнмæ
фæкæнынц.
Иу каст ма фæкодтай:
зæрдæйы тугтæ
ныккæлынц.
Раздæрау нæм
адæймаджы цæстытæ
сзылдтай,
фæлæ дæ кæдæм кæнынц,
уый
нæ зыдтай.
Иу каст ма акодтон
æз дæр
дæ фæдыл,
фæлæ мæ адæймаджы цæстытæй кæсын
нæ фæндыд...

*АГЪНАТЫ Гæстæн*

# ТЕМЫРЫ КÆСТÆР ЧЫЗГ

*Роман**

*31-æм августмæ ма баззад 8 боны.*
*23-август. Хуыцаубон. 2009 аз.*

Жаннæйы телефоны дзæнгæрæг райхъуыст.

– Æхсар... – æмæ, ох-х. Чи у, уымæ куыд не 'ркаст. Нæ йæ систаид.

– Жаннæ, куысты дæ æви хæдзары? Куы сæмбæликкам.

Чызг йæ уатмæ бацыд. Мад æмæ фыд цæхæрадоны цыдæртæ кусынц, хæдзары – йæхæдæг иунæгæй, фæлæ йæм уæддæр, цыма йæ исчи фехъусдзæн, афтæ кæсы. Æмæ йæм сусæггагæй цы ис, фæлæ...

– Æхсар, сæмбæлынæн мын фадат нæй, стæй куы баныхас кодтам...

– Жаннæ, нæ баныхас кодтам. Ницæуыл баныхас кодтам. Уый дæхимидæг цæуылдæр тыхстæ æмæ... Сæмбæлын нæ хъæуы. Жаннæ, сæмбæлын нæ хъæуы. Хъусыс мæ?..

Æргом ын алцыдæр зæгъæд æмæ... Зæгъид ын, йæ зæрдæмæ хæстæг кæй у, тынг хæстæг. Йæ хъуыдыйæ нæ цух кæны, йæ фынты... йæ фынты йæ цал æмæ цал хатты федта. Суанг ма ныр дæр. Искæд ын кæйдæр æцæгæлон лæппу афтæ зынаргъ æмæ æхсызгон æнкъарæнтæ хæсдзæн, уый æнхъæл никæд уыд, фæлæ...

– Æхсар, ды мын уыдтæ æмæ ныр дæр дæ тынг зынаргъ адæймаг. Исчи мæ зæрдæйы ахæм арф бынат æрцахсдзæн, уый æнхъæл никæд уыдтæн. Фæлæ... – Уый... Уый цытæ дзуры? Йæ зонд фæцыд? Бынтондæр йæхиуыл хæцын нал фæразы æви?..

– Фæлæ цы? Цы Жаннæ? Æргомдæр ма дзур, мæнæй мацы

* Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 7 æмæ 8 номырты.

‘мбæхс. Мæнæн дæ алы ныхас дæр зынаргъ у, дæ алы ныхас дæр мæ зæрдæйыл æмбæлы.

Æмæ йæ Жаннæ зоны. Зоны йæ.

– Æхсар, ды хорз лæппу дæ, дæу хуызæн лæпputæ бирæ нæй. Раст æмæ сыгъдæг адæймаг, æнæфæлывд æмæ æнæхæлд. Ды...

– Жаннæ, æмæ дæ уæд цы къуылымпы кæны? Цы ауæдз нæ хицæн кæны кæрæдзийæ? Уый цавæр цæлхдур сæвзæрд не ‘хсæн? Цы нæ хъыгдары?

– Ды... – Нæ! Жаннæ ницыуал зæгъдзæн. Йæхиуыл хæцын нал зоны æви цы. Йæ зæрдæ ма суынгæг уæд. Æгъгъæд! Æгъгъæд у гæды æмæ мыстытæ ахсынæй хъазынæн. Нæ! Уæддæр ын хъуамæ зæгъа: – Æхсар, ды мæ царды кæй сæмбæлдтæ, уымæй æз амондджын уыдтæн æмæ уыдзынæн мæ фæстаг сулæфты онг.

– Жаннæ, нæ дæ ‘мбарын, нæ дæ ‘мбарын æппындæр. Цытæ дзурыс? Цы кæныс? Цæуыл тыхсыс? Цыдæр мæ сусæг кæныс, фæлæ цы? Ныртæккæ дæм фæцæуын, æфсарм æмæ мæ æгъдау дæр нал бауромдзысты – æмраст уæ хæдзармæ бацæудзынæн.

– Дæ къах дæр ма равæр. Хæрзбон.

– Цы?!. Дæ райгуырæн бон уæд та сæмбæлæм.

– Хæрзбон. Бахатыр кæн. Стыр хатыр.

– Жаннæ, нæ дæ ‘мбарын. Цы кæныс? Æппындæр мацæмæй тыхс, алцыдæр хорз уыдзæн.

– Хæрзбон, – æмæ чызг йæ телефон ахуыссын кодта. Афтæ тынг ыл ныххæцыд, æмæ йе ‘нгуылдз фæрыст. Æхсар ма йæм дзурдзæн. Æмæ иу æмæ дыууæ хатты нæ. Жаннæ телефон афтæ ахуыссын кодта, æмæ йæ цалынмæ йæхæдæг скусын кæна, уæдмæ æдзæмæй лæудзæн, уæдмæ мард у. Абон никæмæуал дзуры. Ох-х, Æхсар, Æхсар... Чызг йæхиуыл схæцыд, сраст. Цы ныллæхъир? Дидинæг куы стонай æмæ дзæгæр хурмæ куы аззайа, уæд уый йæ базыртæ куыд æруадзы, йæ уд куыд фæисы, Жаннæ йæхимæ ахæм дидинæджы хуызæн кæсы. Жаннæ – дидинæг. Ха-ха-ха! Жаннæ – сындз, æнамондхæссæг, ацы дунемæ æнæнхъæлæджы чи фæзынд, ахæм адæймаг, ацы дунейæн æцæгæлон, уæлдай адæймаг. Цæй, æгъгъæд у! Йæ фындз та куы ‘руагъта. Æви Жаннæ Жаннæ нал у – йæхимæ гæсгæ: фидар, хъæддых адæймаг. Æмæ уый тайы. Тайы...

*31-æм августмæ ма баззад 7 боны.*
*24-æм август. Къуырисæр. 2009 аз.*

Жаннæ йæ бандон стъолмæ бахæстæгдæр кодта. Сбадт. Газеттæ йæ цуры æрæвæрдта. Редакци нымадæй исы дыууæ газеты: «Рæстдзинад» æмæ «Северная Осетия», фылдæр рафыссын сæ къух нæ амоны. Ацы units... куы нæма ралæууыд, уæд, дам, истой дæс-фынддæс алыхуызон газеты, журналтæ, республикæйы районты газеттæ. Ныр сын алы капекк дæр – нымад. Исты газет кæсын дæ фæнды, уæд ай рафысс, балхæн æй. Чызг кусын цы бон райдыдта, уæд цалдæр газеты балхæдта. Уæдæй нырмæ алы райсом дæр йæ фæндаг ракæны киоскыл. Уый йын фæтк ссис. Рафæлдахы сæ, йæ цæст сыл ахæссы. Цыдæр æрмæджытæ дзы æнæмæнгæй бакæсы. Йе 'мкусджытæ йыл фыццаг худтысты:

– Хуыцауы тыххæй, дæ мæгуыр капеччытæ цæуылты хардз кæныс?!

– Æмæ-гъа, – дзуапп-иу сын радта. Ныр газеттæ хъæбысыдзаг куы 'рбахæссид, уæддæр æм ничи ницы сдзурид.

Йе 'мкусджытæ дæр ма сæ бакæсынц. Чи газет æнæдзургæйæ райсы, чи та фæзæгъы:

– Æри-ма уыцы газет, мæ цæст ыл ахæссон, – æмæ йæ райсы. Жаннæ арæхдæр æлхæны «Аргументы и факты», «Новая газета», «Независимая газета» æмæ ма йæ зæрдæ кæмæ фехсайы, уыдон. Алы газетæн, суанг сæ районы газетæн дæр – йæхи къухдзæф, йæхи цæсгом. Йæ рæстæг арвита, уый тыххæй сæ нæ фæкæсы. Цымæ, уыцы газеттæ та цæуыл фыссынц? Цы фарстатæ, цы темæтæ, цы проблемæтæ хæссынц адæмы размæ? Куыд фыссынц? Цы формæтæ агурынц? Авторы хъуыды цæмæй газеткæсæгмæ хуыздæр бахæццæ уа, уый тыххæй сæм цы мадзæлттæ ис? Цæмæй сæ ис бафæзмæн? Жаннæ, редакцийы йæ дæндæгтæ чи рафтыдта, бирæ азты дæргъы редакцийы сыкъайы хуызæн чи ныхъхъæбæр æмæ чи ницыуал уыны, уыдонæй нæ уыдзæн. Ныр, ай-гъай дæр – нал уыдзæн. Цæуыннæ хъуамæ ахуыр кæна хистæрты, курдиатджын журналистты фæлтæрддзинад?

Чызджы цæстытæ газетты цъæпæрайыл æрæнцадысты: хæдзары дæр сбирæ сты. Йæ зæрдæмæ тынгдæр цы 'рмæджытæ фæцæуы, уыдон ралыг кæны æмæ сæ хицæн папкæйы сæвæры, иннæ газеттæ бафснайы, науæд сæ акалы. Уæддæр та хъæбысыдзаг авæййынц.

Жаннæ газеттыл иуварс ахæцыд: сызгъæрин æрмæджытæ дæр дзы уæд, абон сæ нал кæсы, нал æй хъæуынц. Цалдæр боны фæстæ редакцийы дæр æмæ хæдзары дæр нал ракæл-бакæл кæндзысты. Сæ газеты бæрнон секретарь хъазгæмхасæнты арæх фæзæгъы:

– Жаннæ, газеттæй нæ цух кæй нæ уадзыс, æрмæст уый тыххæй дæр хъуамæ редакцийы кусис.

Чызг-иу зæгъынмæ хъавыд: «Сымах дæр-иу фæйнæ газеты куы балхæниккат, уæд уæ бюджетыл бæрзæйсæттæн цæф, бæргæ, не 'рцæуид». – Фæлæ никуы ницы загъта. Адæймаджы бафхæрын – æнцон, йе сраст кæнын та – зын. Сæ редакцийы кусджытæ цы мызд исынц? Капеччытæ, сæ къухтæм æфтуæнттæ кæнынц. Афтæмæй сын – бинонтæ, цот. Цæрын хъæуы. Уæдæ æппынæдзух – ирон æгъдæуттæ, сæ иуварсты нæ ацæудзынæ. Тыхтонайы цæрдтытæ. Жаннæйыл та уыцы хæстæ нæма æнцайынц æмæ йын æнцондæр у. Стæй, нал ыл æрæнцайдзысты, тагъд алцæмæй дæр ссæрибар уыдзæн.

Йе 'мбæлттæй ничима зыны. Райсомæй сæ фылдæр афæстиат вæййынц: чи сахатырдæг, чи æнæхъæн сахат, чи та ноджыдæр фылдæр, чи та бон, дыууæ боны дæр нæ фæзыны. Ирон хæдзары, ирон кæрты бирæ куыстытæ, бирæ змæлд æмæ... Ноджы Жаннæйæ фæстæмæ иууылдæр – бинонджынтæ, уый та нырма иунæг, æнæмоймæдзыд. Сæрибар. О, хорз сæрибар у.

Сæ редакцийы ма зæронд кусджытæй чи и? Сæ корректор. Фондз редакторы раивта. Æмæ сæ бæрнон секретарь – æртæ 'мæ ссæдз азæй фылдæр кусы. Æмæ уыдон фæдзурынц: раздæрты, советон хицаудзинады рæстæг ма куыстмæ байрæджы кæн. Бирæ нæ – дæс, фынддæс минуты. Иу хатт, дыккаг хатт дæр дын ныххатыр кæндзысты, стæй дæ фæд фæд фæстæмæ фæцæуыс. Ныр та?.. Закъон нал и, чи цы архайæг у, уый бæрæг нал у.

Жаннæ закъонты æмæ уагæвæрдты ныхмæ никæд уыд, фæлæ уыдон формалон хуызы æххæст кæн, уый дæр æм раст нæ кæсы. Журналист фыссæг нæу, уый дæр сфæлдыстадон кусæг у.

Журналист йæ куыстмæ байрæджы кæндзæн кæнæ иу бон нæ фæзындзæн, Жаннæ уым диссагæй ницы уыны. Йе 'рмæгыл цас фæхъуыды кæны, цас рæстæг ыл фæкусы? Куы æнцонæй, сахат – дыууæ сахатмæ урс сыфмæ раивылы, куы та йыл бон, цалдæр боны, къуыри дæр фæкусы. Журналистыл, йе 'рмæг фысгæйæ, иу æмæ дыууæ хатты æрбабон?

Чызг йе стъолы лагъзæй гæххæтты цалдæр сыфы райста. Иу курдиат ныффыссынмæ йæ ноджы фылдæр гæххæттытæ райсын хъуыд. Уæвгæ, ныффысса ма æви нæ, уый ма исты уæлдай у?

Жаннæ йæ ручкæ стъолмæ, хауæгау, æрæппæрста. Редакцийы кусджытæй ничима зыны. Сæ редактор Дауыты æрбацæугæ нæ федта, фæлæ уый йæ уаты кæй баддзæн, ууыл иу уысм дæр нæ дызæрдыг кæны. Цыдæр æмбырдмæ ма цæуæд, æндæр минут дæр никæд байрæджы кодта. Жаннæйы сахат рæстæг раст куынæ февдисы, уæд æй Дауыты æрбацыдмæ гæсгæ саразы.

Йæ ручкæ систа. Йе 'нгуылдзты æхсæн æй дыууæрдæм кæны. Уæддæр курдиат фысса æви нæ? Ныффыссын æй хъæуы, растдæр уыдзæн. Йе 'нгуылдзтæ... цыма зыр-зыр кæнынц. Нæ, уый уымæ афтæ кæсы. Ирон æвзагыл æй ныффысдзæн. Отпусчы куы фæцæуы, уæддæр æй афтæ фæфыссы. Фыццаг хатт куы ныффыста иронау, уæд æй Дауыт цалдæр хатты бакаст, стæй гæххæтты сыфыл иуварс ахæцыд, Жаннæмæ разылд æмæ загъта:

– Революци аразыс? Æмæ революционерæн нырма æгæр æрыгон дæ.

Чызг цыдæр уысм æдзæмæй аззад. Йæ курдиат иронау кæй ныффыста, Дауыт уый тыххæй исты зæгъдзæн, уый æнхъæл нæ уыд. Уымæн, æмæ йæ ныхас æдзухдæр афтæ райдайы:

– Ирон æвзагыл газеты фылдæр æрмæг уадзын хъæуы. Уæд нæ дзырд адæммæ хуыздæр хъары, ахадгæдæр у.

Æмæ дын уый та, гъе. Йæ уарзон редактор фæстæмæ ма нычъчъыллипп кæнæд? Æмæ йæ Жаннæ ахæмæй нæ зоны. Чызг сулæфыд. Цы дзуапп ратта йæ редакторæн?

– Революци æдзухдæр æрыгæттæ фæкæнынц.

– Æмæ æз дæр æрыгæтты фарс дæн, фæлæ...

Жаннæ фæхъæддыхдæр, Дауыты ныхасы цыдæр ныфс банкъардта:

– Конституцимæ гæсгæ нæм – дыууæ паддзахадон æвзаджы. Дыууæ дæр – æмсæр, æмдых, æмбар. Æмæ, иронау курдиат ныффысс, уым, мæнмæ гæсгæ, рæдыдæй ницы и.

– Зоныс æй, паддзахадон гæххæттытæ иууылдæр фыссæм уырыссагау. Уал æмæ уал азы кусын редакторæй, æмæ мæм ирон æвзагыл иу курдиат дæр никуыма ничи æрбалæвæрдта.

– Цæй, ацы хатт уыцы фæтк фехалæм...

– Хорз, – загъта Дауыт. Курдиат та бакаст, цыма дзы ногæй

исты ссарынмæ хъавыд уыйау, стæй дзы йæ къух бафыста, – æмæ ма йæ ныхасмæ, цыма йæхиимæ дзуры, ахæм хъæлæсыуагæй бафтыдта: – Нæ аууонæй дæр тæрсгæ кæнæм, цæрæнбонты фыртæссæй гуыбырæй цæуæм æмæ иу хатт хи сраст кæнын дæр æмбæлы. – Редактор бахудт, курдиат ирон æвзагыл кæй ауагъта, уый йæхицæн дæр æхсызгон уыд, йæхицæй разыйæ баззад, æмæ уый йæ цæсгомыл зынд.

Уæд æмæ уыйфæстæ дæр Жаннæ йæхи бирæ хæттыты бафарста: курдиат иронау кæй ныффыста, уымæй сæ районыл, Ирыстоныл æмæ æнæхъæн Уæрæсейыл дæр исты бæллæх æрцыд? Ницы. Æрмæст, сæ редакцийы кусджытæ уæдæй фæстæмæ отпусчы ацæуыны тыххæй сæ курдиæттæ фыссын райдыдтой иронау. Æмæ?.. Æмæ ничи ницы дзуры, газет куыд цыд, афтæ цæуы, алчидæр дзы йæ бынаты æнцад кусы. Редактор дæр. Иууылдæр.

Æмæ та курдиат фыссы...

Районы газет «Сæуæхсид»-ы сæйраг редактор Малхазты Алыксандры фырт Дауытмæ газеты уацхæссæг Бæтæты Темыры чызг Жаннæйы

**Курдиат**

Курын дæ, æмæ мын 2009 азы хыгъдæн отпусчы ацæуынæн бар ратт 31-æм августæй фæстæмæ.

*Бæтæты Ж. Т.*
*24.08.2009 аз*

Жаннæ сыстад. Цы зæгъдзæн Дауыт? Ауадздзæн æй? Фæззыгон куыстытæ райдыдтой. Сæ район – хъæууонхæдзарадон, адæмы фылдæр хай – зæхкусджытæ, æмæ ацафон уыдоны тыххæй газетмæ фылдæр æрмæг дæттын хъæуы. Уæвгæ, цæй быдыртæ ма сæм и. Зæххы фылдæр хай – æгуыст, зæрæстон, хæмпæл æмæ хъамылы бын фæци, алыхуызон къудзитæ æмæ талатæ дзы хæрдмæ сæхи ивазынц. Колхозтæ æмæ совхозтæн сæ кой-сæ хъæр дæр нал и, раздæры дæргъæй-дæргъмæ фермæтæн æмæ агъуыстытæн сæ бындууртæ дæр нал зынынц. Цалдæр раны ма дзы цалдæр цæджындзы баззад – ивгъуыд цардæн æвдисæн цыртытæ.

Азы райдайæны цы график скодтой, уымæ гæсгæ хъуамæ отпусчы октябры ацæуа. Цæй, кæд Дауыт ницы зæгъид. Æппынфæстаг, Жаннæйæн уæлдай нæу. Æмæ редакторы уаты дуар бахоста, байгом æй кодта.

– Дæ райсом хорз.

– Жаннæ, мидæмæ, – Дауыт цыдæр æрмæг каст æмæ йыл иуварс ахæцыд. – Æнхъæлдæн æмæ мын хуын æрбахастай...

– Хуын, – æмæ йын йæ курдиат йæ цуры æрæвæрдта.

– Отпуск? Æмæ октябры цæуынмæ куы хъавыдтæ. – Цъæхцъар, бæзджын папкæ йæхимæ æрбахæстæг кодта, гæххæттытæ фæлдахы. Отпуск ацæуыны тыххæй график систа: – О, октябры.

– Афтæ рауад, æмæ мæ ныр ацæуын хъæуы...

– Дзамболат дæр фыццæгæм сентябрæй цæуы. Графикмæ гæсгæ. Æмæ уымæн æнæ ауадзгæ нæй: йæхæдæг дæр – лæмæгъ, йæ кæстæр чызг дæр йæ бронхæтæй хорз нæу æмæ йын хохы Фыййагдоны йæ хорз зонгæ иу мæй йæ фатер дætты, æмæ сæ бакъуылымпы кæнон, уый хорз нæу.

– Дауыт...

– Жаннæ, цы цæстæй дæм кæсын, уый зоныс. Фæлæ ныртæккæ дæуæн отпуск раттынæн фадат нæй. Ды дæр ма куы ацæуай, уæд редакци сафтид уыдзæн. Ноджы ныртæккæ фæззыгон куыстытæ сæ тæмæныл æмæ... Октябры, табуафси, дæ курдиат уал уæдмæ бамбæхс.

Чызг æнцад лæууы, йæ сæр æруагъта. Дауытимæ йæ бон тыхныхас кæнын нæу: йæ хорз хистæримæ. Отпуск райса, ма райса, æппынфæстаг уымæн уæлдай нæу, фæлæ, отпуск куынæ райса, уæд цыма Дауытыл дæр æмæ йе 'мкусджытыл дæр гадзрахатæй цæуы, афтæ йæм кæсы.

– Дауыт, æнæ цæугæ мын нæй.

– Æнæ цæугæ... – редактор йæ сæрыл бæрзонддæр схæцыд æмæ йæм кæсы, цыма йæм джигул кæны, цыма йын йæ сусæгдзинад базонынмæ хъавы. – Иугæр афтæ хъæддыхæй ныллæууыдтæ, уæд уый хуымæтæджы нæу. Кæд... – лæг йæ мидбылты бахудт: – Кæд уын, мыййаг, бухархудджынтæ уæ дуар бахойынмæ хъавынц?

– Уæд æй фыццагдæр чи фехъусдзæн, уый уыдзынæ ды, – бахудт æм Жаннæ дæр. Чызг бамбæрста: редактор сразы, ныртæккæ йын йæ курдиат бафысдзæн.

– Хорз. Хорз. Ævæццæгæн дын чидæр, дæ хорз æфсымæр Вадим денджызмæ путевкæ ссардта, æмæ баулæф. Улæфын дæр хъæуы, цард æрмæст куыстæй нæу.

Путевкæ... Вадим... Жаннæ цасдæр джихæй аззад. Æцæгдæр – путевкæ йæм и. Фæлæ кæдæм, стæй йын æй чи балæвар кодта?.. Путевкæ...

– О, путевкæ мæм и, – цыма йæ хъæлæс фæивта, афтæ йæм кæсы.

– Гъемæ дын мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй хорз баулæфай. Мах дæр ам истытæ кæндзыстæм. Фæлæ æртын фыццæгæм августæй цæмæн? Фыццæгæм сентябрæй йæ скæн, иу бон дæхицæй давыс.

– Æмæ... Æмæ мæ путевкæ уæд райдайдзæн, – чызг йæ ныхасмæ бахудт. Цымæ йæ æртын фыццæгæм августы фæстæ Дауыт цы схондзæн?..

– А-а. Уæд дæ райгуырæн бон куы у. Цæй, арфæтæ кæнынæн ма нын фадат уыдзæн. Дæ курдиат бухгалтермæ ратт, – æмæ дзы редактор йæ къух бафыста.

Чызг та йæ мидбылты бахудт. О, æртын фыццæгæм августы фæстæ йын, фыццæгæм сентябры арфæтæ кæндзысты, зæрдиаг арфæтæ. Уымæн æмæ уæд уыдзæн йæ бæрæгбон. Стыр бæрæгбон. Дывæр бæрæгбон. Жаннæ акъахдзæф кодта, фæлæ йæ редакторы цæстæнгас фæурæдта:

– Курдиат ныффысс æмæ дын иучысыл исты баххуыс кæнæм, иу сом дæр пайда у.

– Дауыт, бузныг, стыр бузныг. – Æвæдза, сæ редактор зæрдæхæлар, цæстуарзон адæймаг у. Жаннæйæн бирæ хæрзтæ фæци. Хуыцау ахæм адæмтæ фылдæр раттæд, æмæ уæд зæххыл æнцондæр цæрæн уыдзæн. Æмæ Жаннæйы сæры февзæрд: разил, дæ цæнгтæ Дауытыл æрбатух, зæрдиаг хъæбыс ын нықкæн æмæ йын зæгъ: – Бузныг, бузныг, Дауыт, æмæ – хæрзбон.

Рацыд цыдæр æхсызгонæй, цыдæр зæрдæрухсæй. Цыма цыдæр хорз хъуыддаг сарæзта.

Фæлæ йын уыцы зæрдæйы уаг ахаста хæрз цыбыр рæстæг. Путевкæ... Ис æм путевкæ. Æмæ йын æй чи балæвæр кодта? Чи?.. Æмæ йын кæдæм у?.. Уый зоны æрмæстдæр иу адæймаг. Путевкæ... Уыцы ныхас, уыцы дзырд ын фæстагмæ цыдæр æнæуынон ссис. Санатори æмæ туристон балцы никæд ма уыд. Иуæйиутæ сæхæдæг денджызы былмæ ацæуынц: Сочимæ, Анапæмæ,

ӕндӕр кӕдӕмдӕрты, фӕлӕ афтӕ дӕр никӕд ацыд. Ӕцӕгдӕр, мӕлӕты мызд мын куынӕ исы. Мад ӕмӕ фыд сӕ пенсийы муртӕй цы капеччытӕ бамбырд кӕнынц, уыдон хъуамӕ йӕхи-уыл схардз кӕна? Уыдонӕй йӕ зӕрдӕйы дзӕбӕхӕн денджызы был улӕфа? Ӕмӕ цы цӕсгомӕй? Стӕй, ӕнӕнхъӕлӕджы цыдӕр хъуыддагӕн агӕпп кӕнынц. Аслан...

Фатимӕ йӕ хъазгӕмхасӕнты фелхыскъ кӕны. Уымӕн – хъазгӕмхасӕнты, Жаннӕйӕн та – зын, зӕрдӕйы цӕф.

– Жаннӕ йӕхи хӕдзарӕй ратонын нӕ зоны. Азтӕ ма йыл фылдӕр куы рацӕуа, уӕд та ма куыд уыдзӕн? Санаторимӕ путевкӕ райс, туристон балцы ацу, фӕсарӕнтӕм дӕр мӕлӕты зынаргъ куынӕ у, ӕмӕ баулӕф, – фӕзӕгъы хо.

– Ацы мӕй мӕ зӕрдӕмӕ нӕ цӕуы, иннӕ мӕй ӕнӕмӕнг ацӕудзынӕн. Кӕнӕ Парижмӕ, кӕнӕ Лондонмӕ, кӕнӕ Кубӕмӕ, кӕнӕ... – дзуапп ын ратты Жаннӕ. Фӕфӕнды йӕ: сыст ӕмӕ иуварс дӕхи айс. Фӕлӕ... Фатимӕ йӕм ахӕм цӕстытӕй фӕкӕсы, ахӕм хъӕлӕсы уаг ын вӕййы, цыма йӕхи ӕхсыры цады фӕнайы. Кӕсыс, мӕ къӕбӕда хо, цы ӕнӕбон дӕ ӕмӕ дӕ куыд хынджылӕг кӕнын. Ӕмӕ уымӕй цы стыр ӕхсызгондзинад фӕисы, уый йӕ цӕсгомыл фӕхъазы: цӕстытӕ ферттивынц, рустӕй хуры тынтӕ фӕивылынц. Фатимӕмӕ уый дӕр фаг нӕ фӕкӕсы ӕмӕ ма йӕ ныхасмӕ бафтауы:

– Де 'хцатӕ кӕдмӕ ауӕрдыс, кӕдмӕ? Дӕ цъындайы хъусы сӕ кӕдмӕ ӕмбӕхсдзынӕ, ӕви сӕ дӕ гобаны бын дарыс?

Ӕвӕццӕгӕн, Фатимӕйы фӕфӕнды: Жаннӕ-иу куы смӕсты уаид, йӕ маст-иу ӕй йӕ уӕлныхты куы сисид, йӕ хъӕлӕсыдзаг-иу куы ныцъцъӕхахст кӕнид, йӕ хъӕлӕсыдзаг-иу куы ныккӕуид. Ӕмӕ смӕсты вӕййы, тынг смӕсты вӕййы, йӕхимидӕг йӕ буар фӕризы. Гыццыл мызд кӕй исы, уый йын йӕ хо, Вадим ӕмӕ суанг Аслан дӕр ма йӕ цӕстмӕ дарынц.

– Испанийы денджызы был хӕдзар ӕлхӕнын ӕмӕ сыл уӕдмӕ ауӕрдын, – фӕзӕгъы чызг.

Аслан дӕр – иу бон дӕр чи нӕ бакуыста, уый дӕр бӕгуылӕгау йӕ ныхас ӕрбаппары:

– Жаннӕ, бомжтӕ дӕуӕй фылдӕр ӕхца исынц.

Кӕд цӕфӕй нӕ мӕлыс, уӕд дын уый та – рӕхуыст.

– Ӕз цы мызд исын, уый мын алцӕмӕн дӕр фаг у, – ӕмӕ сыл сӕрыстырӕй йӕ цӕстытӕ ахӕссы: дзурӕнт, цы сӕ фӕнды, уый дзурӕнт.

*31-æм августмæ ма баззад 6 боны.*
*25-æм август. Дыццæг. 2009 аз.*

Жаннæ изæрыгæтты цасдæр рæстæг компьютеримæ афæстиат вæййы. Хъæугæ дзаума, удæнцой, уæлдайдæр та мах рæстæджы. Раздæр æй куыд не ‘рхъуыды кодтой. Советон цардарæзтæн цы зоны. Йæ астæуккаг цæджындз куынæ уыд, мыййаг. Чи йæ зоны – уыдон хистæр фæлтæр. Жаннæ цы зоны, уый чингуытæй, зæронд кинонывтæй, историон цыртыты хуызæн цы хæлд заводтæ, фабрикæтæ, цехтæ, дæргъæй-дæргъмæ иугай дуртæ ма цы фермæтæй баззад, уыдонæй. Хистæр кары адæмæн Советон цардарæзт у сæ ивгъуыд, сæ æвзонгдзинад, адджын, æхсызгон мысинаг, рухс фын: уый сын у дзæнæтмæ балцы хуызæн. Жаннæ ныры æмæ раздæры цард æмæ æхсæнад афтечы барæнтæй нæ бары. Фæлæ ацы царды, хъæддаг капитализмы дæр ис йæхи хорздзинæдтæ, рухс тæппытæ. Мæнæ компьютер, интернет, мæнæ ацы чысыл телефон... Советон цард, уæд сæ ныр дæр нæма зоникkам.

Чызг копьютермæ хæстæгдæр бабадт, йæхимидæг бахудт. Ныры рæстæгæй цæмæйдæр æппæлы, зæгъгæ, цæмæйдæр дзы разы у, уæд æм Темыр æрбадзагъул кæны:

– Ды дæр, æнхъæлдæн, ацы чъизи царды агитатор сдæ.

Кæнæ:

– Æмæ царды, ды цы федтай хорзæй, æндæр ницы хъæуы?

Мæнæ ныр йæ цуры фæци æмæ йын йæ хъуыды бамбæрста, уæд æнæмæнг йæхи нæ бауромид:

– Æмæ цард æрмæст компьютерæй у? Раздæр нæм компьютертæ нæ уыд, ацы æнæхайыры, фæсивæд æхсæвæй, бонæй сæ хъустæй æмæ сæ былтæй кæй нал исынц, уыцы телефонтæ нæ уыдысты æмæ æвзæр цардыстæм? Уыдоны тыххæй нын æнæкондæй цы баззад?

Жаннæ йæ ныхасы цæг æрдæгыл фескъуыны, кæнæ йæ æндæрыдæм аздахы: зонгæ-зонын йæ фыдæн маст цæмæн кæна? Æнæуый дæр дзы хъуаг нæу. Ноджы фылдæр хатт раст вæййы. Жаннæ æмæ Вадим дæр арæх фæбыцæу вæййынц. Æфсымæрыл йæ къух ауигъы.

– Демæ фæнды дзур, фæнды – ма, ды ницы зоныс, ды цардæй иуварс дæ. Стæй большевиктимæ дзурын мæ бон нæу.

Æфсымæр æй цалдæр хатты фæрæхойыны охыл бафарста:

– Большевикты, мæнæ папайы партимæ цæуыннæ цæуыс? Æрыгæттæ дзы тынг хъæуы.

– Æз куы цæуон, уæд дæ парти Иугон Уæрæсемæ цæудзынæн.

– Уым дæу хуызæтты ницы хъуыддаг и.

– Зонын æй. Уый хъæздгуыты æмæ хицауады парти у.

– Чи дзы хъæуы, уыдон дзы сты.

Жаннæ иу партимæ дæр никæд хъавыд бацæуынмæ. Æнæ парти цæрæн нæй? Æнæ парти раст æмæ сыгъдæг адæймаг уæвæн нæй? Темыр ын æргом никæд ницы загъта, фæлæ коммунистон партимæ куы бацæуид, уый йæ фæсномыг ныхасæй бæрæг вæййы.

Чызджы амонæн æнгуылдзы уырз компьютеры клавишæтыл азгъордта. Цыфæнды дæр уæд, компьютер хорз дзаума у, алцыдæр дзы ссардзынæ. Жаннæйы библиотекæмæ цæуын нал хъæуы.

Моладзан...

Моладзандон...

Нырмæ уыдоны тыххæй куыд никæд ницы бакаст. Бакаст. «Рæстдзинад» æмæ «Северная Осетия»-йы Тæмисчъы сæрмæ сылгоймæгты моладзандоны тыххæй цыдæр æрмæджытæ мыхуыргонд уыд. Бакат сæ, фæлæ сæм йæ хъус не ‘рдардта, ныр сæ æндæр хуызы бакæсид.

Жаннæмæ æрцыд иу хъуыды. Æнахуыр хъуыды. Искæд æм ахæм хъуыды æрцæуудзæн, уый æнхъæл никæд уыд. Фыццаг дзы йæхæдæг дæр фæтарст. Уæд та... Уæд та моладзандонмæ бацæуид?.. Фыццаг йæ фæндыл йæхæдæг дæр фæдис кодта. Кæцæй йæм фæзынд ахæм фæнд? Цæмæн æм фæзынд ахæм æнахуыр хъуыды? Æнæнхъæлæджы? Цыдæр бындур ын и? Æмæ... Æмæ дзы диссагæй та цы ис? Молодзандонмæ фыццаг чи бацыд, уый Жаннæ у? Уый, зæххыл цы не ’рцыд, ахæм хъуыддаг у? Цы зæгъдзысты бинонтæ? Вадим худид æмæ зæгъид:

– Нæ хо æппынфæстаг йæ бынат ссардта, уæддæр ацы царды æцæгæлон уыд.

Фатимæ ма йæм бафтауид:

– Раздæр æй ацæуын хъуыд.

Аслан, æвæццæгæн, ницы зæгъид, йе та зæгъид:

– Куыд æй фæнды, афтæ кæнæд, мæнæн цы уæлдай у. Эфиопимæ дæр ацæуæд.

Фæлæ сæ иу дæр нæ ахъуыды кæнид, фæлæ йæ сæ иу дæр нæ бафæрсид: сæ хо Жаннæ йæ царды уаг цæмæн аивынмæ хъавы? Цы йын нæ фаг кæны? Цы йæ зæрдæмæ нæ цæуа? Моладзан-

донмæ йæ цы тыхтæ ласынц? Цæмæн æй фæнды уырдæм ацæуын?.. Æмæ йæ йæхæдæг дæр нæ зоны. Нæ йæ æмбары. Бафæллад. Сфæлмæцыд. Ацы царды йæ ницыуал æндавы. Ницыуал æй хъæуы. Бафæллад алцæмæй дæр. Йæхицæй дæр. Æмæ... Æмæ лидзы. Йæхи æмбæхсы. Æмæ кæмæй?.. Æмæ-гъа... Йæ дыуузæ æфсымæрæй. Йæ хойæ. Æмæ æрмæст уыдонæй?.. Цардæй...

Уæддæр цы сты бинонтæ? Рæстæг, цард, æхсæнады чысыл æртах? Уыдоны чысыл стъæлфæн? Æмæ паддзахад, æхсæнад рынчын куы уой, сахъат, низджын куы уой, уæд та? Уæд хъуамæ бинонтæ дæр рынчын æмæ сахъат... Цард... Цард – æгъатыр æмæ йын Жаннæ нæ фæразы, æвæццæгæн ын йæ бон ныхкъуырд раттын нæу, йæ ныхмæ æрлæууын йæ бон нæу æмæ дзы æмбæхсы, лидзы дзы, æмæ йæхи сраст кæнынæн алы æфсæнттæ агуры.

Жаннæ компьютеры клавишæйыл иуварс ахæцыд, йæ мидбынат базмæлыд, сыстад. Фæстæмæ сбадт. Йæ хъуыдыты ныссуйтæ. Алцы та рæстæг, цард æмæ æхсæнады æфсон кæнæм. Темыр ын йæ хъуыдытæ æмбары, зæгъгæ, уæд æнæмæнгæй зæгъид:

– Уæдæ чи у аххосджын? Нæ паддзахад! Нæ паддзахад у давджыты, къæрныхты, цæстфæлдахджыты паддзахад æмæ адæмы йæ джиппы уадзы. Адæм, хионтæ, суанг хотæ æмæ æфсымæртæ дæр кæрæдзийæн сæцæгæлон сты, кæрæдзийы нал хъæуынц, æхца æмæ сæм мулчы фæстæ ницыуал зыны, æндæр ницыуал уынынц.

Æмæ Темыр... Темыр раст у. Институттæ нæ фæци, профессоры кадджын ном нæ хæссы, фæлæ уый у царды профессор, академик.

Чызг компьютермæ кæсы: сылгоймæгты моладзандонты тыххæй дзы мацы уа, уымæн уæвæн нæй. Алы моладзандонæн дæр йæхи устав и, Жаннæ уый нæ зыдта. Æмæ иугæр уырдæм бацыдтæ, дæхи Хуыцауæн снывонд кодтай, уæд дæ раздæры цардыл дæ къух сис, ды цæрыс бынтон æндæр цардæй. Аргъуан, моладзандон у удсыгъдæггæнæн, дæ тæригъæдтæ суадзæн бынат.

Жаннæ йæ дзаумæттæ æрæмбырд кодта, йæ хызынтыл схæцыд æмæ сæхицæй моладзандонмæ фæцæуы. Цы зæгъиккой мад æмæ фыд? Мад ыл йæхи баппарид:

– Жаннæ, мæ чызг, мæ хъæбул, æрра сдæ? Цы кæныс? Цы дыл æрцыд?

Нæ! Жаннæйæн йæ зонд нæ фæцыд, нæ сæрра. Цыдæр тых, стыр, æгæрон тых æй цъист кæны, цъист æй кæны, æлхъивы йæ, æлхъивы йæ, æмæ сфæлмæцыд. Æгæрон тых, фæлæ йæ цæст нæ ахсы, уырзæй йын басгарæн нæй. Æмæ лидзы, йæхи æмбæхсы моладзандоны, уым цæрдзæн æндæр цардæй. Уым кувдзæн, уым табу кæндзæн, уым удæнцойдзинад ссардзæн, уым йæ зæрдæ æрсабыр уыдзæн. Æмæ йын дунейы тæккæ хæстæгдæр дыууæ адæймаджы – йæ мад æмæ йæ фыды цæст уый нæ уарзы, сæ зæрдæ йын уый нæ зæгъы?

– Мæ хъæбул, æз дæ иу моладзандонмæ дæр нæ ауадздзынæн, – ныттыхсдзæн ыл мад, йæ цæссыгтæй йæхи æхсдзæн. – Удæгасæй нæ мæрдтæм цæмæн æрвитыс, фæтæригъæд нын кæн.

Чызг бахудт. Мæстджын худт: уымæн та чи фæтæригъæд кæндзæн?

Æмæ та дысоны фын йæ зæрдыл æрбалæууыд. Диссаг, стыр диссаг: æвæццæгæн, мæнæ ныр цы хъуыдыты азары бахауд, уымæ рацыд.

...Кæдæмдæр тагъд кодта. Кæдæм, уый нал хъуыды кæны. Цыди балцы, уыд бæрæгбонарæзт. Æнахуыр хъæлдзæг. Зæрдæрухс. Йæ къухы – йæ куыстмæ цы чысыл хызын фæхæссы, уый. Йæхи æнкъардта бумбулийæ рогдæр. Уый уыд сæрдыгон рог дымгæ. Уымæн æмæ, кæдæм цыд, кæимæ хъуамæ фембæлдаид – нал æй хъуыды кæны, æви йæ фыны дæр нæ зыдта – уый йын уыд уарзон, адджын, йæ зæрдæйæн хæстæг адæймаг, цыд æхсызгон фембæлдмæ, зæрдæйы рухс, æмæ йæ йæ бæллицтæ сæ базыртыл скъæфтой.

Сæ кæртæй рахызт, афтæ йæ йæ мад, йе схæссæг мад Маринæ ауыдта. Æмæ йæ размæ алæууыд, йæ фæндаг ын æрæхгæдта:

– Кæдæм... кæдæм цæуыс, мæ хъæбул, мæн иунæгæй ма уадз.

Жаннæ йын дзуапп радта. Æнахуыр дзуапп. Ноджы уыцы æваст, цыма йæ дæлæвзаг зæгъынæввонгæй цæттæ уыд:

– Æз тæригъæдджын дæн, чъизи адæймаг æмæ цæуын мæ тæригъæдтæ, мæ уды чъизидзинæдтæ ссыгъдæг кæнынмæ.

– Мæ хъæбул, Жаннæ, ды раст æмæ сыгъдæг адæймаг дæ, æмæ дæ зæрдæмæ мацы хæсс, дæхи удхарæй ма мар. Макæдæм цу. Байхъус мæм.

Æмæ та мадæн дзуапп радта, иуцасдæр тызмæгхуыз дзуапп, йæхæдæг дæр æнхъæл куыд нæ уыд, ахæм дзуапп:

– Ǽмæ дывыдон арты уымæн судзын?

– Уымæн, уымæн, мæ хъæбул. Ǽдзæсгом, чъизи, цæстфæлдахæг, цъаммар адæймаг дызæрдыг цы у, уый нæ зоны. Ды раст æмæ сыгъдæг адæймаг дæ, алчидæр дæу хуызæн раст æмæ сыгъдæг куы уаид, уæд цæриккам дзæнæты, уæд цæриккам Рæстдзинад паддзахиуæг кæм кæны, ахæм Дунейы, уæд зæххыл чъизидзинадæн йæ кой, йæ хъæр дæр нæ уаид.

– Мамæ, зын мын у, тынг зын æмæ мæ нæ бауромдзынæ. – Чызг араст. Фæстæмæ фæкæсын æй нæ фæндыд, фæлæ фæкаст: мады цæнгтæ йæ уæрджытыл æрхаудысты, йæ зонгуытыл лæууыд æмæ куыдта. Ǽвæццæгæн, бамбæрста: ацы хатт йæ уæздан, йæ коммæгæс чызг йæ коммæ нæ бакæсдзæн, нæ йæ бауромдзæн. Ǽмæ йæ фæстæ нал азгъордта, йæ цонгыл ын нæ ныххæцыд. Йæ зонгуытыл лæууыд æмæ куыдта. Мад йæ хъысмæтимæ сразы. Фæлæ, диссаг, Жаннæ уæддæр фæстæмæ нæ раздæхт, размæ йæ ных сарæзта æмæ цыд йæ тæригъæдтæ, йæ уды чъизитæ ссыгъдæг кæнынмæ. Ǽрмæст кæдæм, уый нæ зыдта, фæлæ уæддæр цыд æхсызгонæй, зæрдæрухсæй. Мады хъæлæс-иу æм æрбайхъуыст, тар хъæды дымгæ куы ссонт, куы сæрра вæййы, фæйнæрдæм куы фæлæбуры, æмæ æнусон бæлæсты къæс-къæс куы фæцæуы, уæнггай сæ куы бакæны, куы сæ сфæлдахы, куы сæ срæдувы, уæд цы æнахуыр зæрдæриссæн хъæр фæхъуысы, Маринæйы хъæлæс хъуыст уыимæ. Уыцы æнахуыр зæрдæриссæн ниуд мады цъæхахст йæ быны нуæрста, фæлæ йæ чызг уæддæр хорз ахста:

– Мæ хъæбул, Жаннæ, мæ цæстырухс, уый... уый ды нæ дæ тæригъæдджын. Уый рæстæг у тæригъæдджын. Уый... уый ды нæ дæ чъизи адæймаг, уый... уый нæ цард, не ’хсæнад у чъизи æмæ суйтæ. Раздæх! Раздæх! Макæдæм цу!

Чызг не ‘рлæууыд, нæ йæм разылд – тарст: мыййаг, мады дондыппыр цæстытæ куы ауына, йæ зæрдæ куы æрбауынгæг уа æмæ йæ фæнд куы аива, æмæ йæ мад куыд фехъуса, афтæ хъæрæй æмæ хъæддыхæй загъта:

– Мамæ, нал раздæхдзынæн. Ауадз мæ, – æмæ ацыд, ноджы барджындæрæй, ныфсджындæрæй. Йæ равзæрст фæндаг раст кæй у, ууыл иу уысм дæр дызæрдыг чи нæ фæкæны, уый йыл цы фидар къахдзæфтæй фæцæуы, ахæм къахдзæфтæй.

Ǽмæ фын, куыд æнæнхъæлæджы райдыдта, афтæ æнæнхъæлæджы фескъуыд. Фескъуыд, фæлæ... Цымæ, цы амоны?

Фынтæ æвзарын зоныс, уæд, дам, алы фын дæр цæмæ рацæудзæн, уый базонæн и. Кæд дысоны фын, Жаннæ моладзандонмæ ацæуынмæ кæй хъавы, уый райгуырæн у. Æви æндæр цыдæр амоны?..

Жаннæ та компьютермæ разылд. Хъуыдытæ... Хъуыдытæ йæм æрбагуылф кæнынц æмæ сæ йæхи атонын нал фæфæразы, сæ уацайраг æй бакæнынц.

Сылгоймæгты моладзандоны тыххæй интернеты мæнæ æндæр æрмæг. Иугæр моладзан сдæ, адæймаджы зæххон, æрвылбоны цардæй дæхи атыдтай, Хуыцауæн дæхи снывонд кодтай, уæд Хуыцауæй тæрс, мацæмæ хæлæг кæн. Хæлæг у зæрдæйы зулкъ æмæ йæ сабыргай æхсыны, хæры йæ, æмæ дзы дæхи хъахъхъæн.

Чызг хъуыдыйиад ногæй бакаст. Хорз, тынг хорз хъуыды.

Хæлæг... Адæймаджы æрдзон низ, æнусты йемæ æмдзу кæны. Æрдзон... Æнусты... Нæ! Жаннæ раст нæ хъуыды кæны. Сывæллон райгуыры цæссыджы хуызæн сыгъдæгæй, хæлæг цы у, уый нæ фæзоны, фæлæ рæстæгимæ... Рæстæг... Рæстæг...

Жаннæ моладзан куы суа, уæд уым иннæ сылгоймæгтимæ афтæ бахæстæг уыдзысты æмæ йæ йе 'мбал чызджытæ, моладзандоны сылгоймæгтæ хондзысты «хо», кæрæдзимæ нæмттæй нæ дзурынц, фæлæ «хотæй». «Хотæ»... Кæрæдзийæн адджын, уарзон, зынаргъ. Жаннæйæн йæ иу хойы бæсты ныр уыдзæн бирæ хотæ. Æмæ иу мадæй чи нæ райгуырд, уыдон кæрæдзимæ афтæ бахæстæг уыдзысты? Кæрæдзийæн афтæ сзынаргъ уыдзысты? Жаннæ дардмæ дæр кæй никæд федта, уыдоны йæ хотæ схонын йæ бон бауыдзæн? Былалгъæй дзур, уый та хи сайын у.

Чызг йæ къухтæ йæ риуыл сæвæрдта. Моладзандоны къæсæрæй нæма бахызт, æмæ дывыдон арты бахауд. Бауадздзысты йæ? Бауyæнддзысты йыл? Алчи сæм сыгъдæг зæрдæ æмæ сыгъдæг хъуыдытимæ бацæуы?

Жаннæ сыстад, рудзынджы тæрхæгыл йæ цæнгтæ æруагъта æмæ æддæмæ кæсы. Цымæ, моладзандонты цы чызджытæ, цы сылгоймæгтæ и, уыдоны уырдæм цы æркодта? Хуыцауыл æууæндын? Сфæлдисæгæн дæхи снывонд кæнын? Цæмæн систой сæ раздæры цардыл сæ къух, цæмæн дзы атыдтой сæхи? Сæ ивгъуыд цардæй ралыгъдысты? Сæхи сæ ивгъуыд цардæй бамбæхстой? Чи сты? Цавæр адæм сты? Æмæ уыцы адæмæй иу уыдзæн Жаннæ. Йæ хотимæ сæумæйыл кувдзæн, табу кæндзæн, зардзæн, Библи кæсдзæн. Хотимæ йæ алы хъуыддаг, йæ алы ми дæр уыдзæн иу. Ды дæхимæ ницыуал бар дарыс, ды дæхæдæг

дæхи нал дæ, ды дæ Сфæлдисæджы. Дæ зæрдæйы хъарм макæмæн бавгъау кæн, ауд фæндаггæттыл, мæгуыртыл, рынчынтыл. Дæ бон баххуыс кæнын кæмæн у, уыдонæн баххуыс кæн, æмæ уый фыццаджыдæр дæхицæн – удæнцойдзинад. Цæр дæхи къухты фæллойæ, дæхи уды хъизæмарæй æмæ дæ зæрдæ æдзухдæр уыдзæн рухс.

Жаннæ та компьютеры цур сбадт æмæ агуры. Цымæ, интернеты, Тæмисчъы цур сылгоймæгтæн цы моладзандон и, уый тыххæй ницы фыст и? Никæд дзы уыд, фæлæ фехъуыста: сæ фылдæр сты ирон чызджытæ, ирон сылгоймæгтæ. Æмæ уыдоны та цы 'ркодта уырдæм?

Нæй. Тæмисчъы сылгоймæгты моладзандоны тыххæй интернеты ницы ары. Чызг сыстад. Диваны базыл йæ сæр æруагъта. Æваст рабадт æмæ аджих. Цы хъуыдытæ? Цы фæндтæ сты уыдон? Адæймагæн йæхицæй алидзæн и? Адæймагæн йæхицæй йæхи бамбæхсæн и? Жаннæ моладзандонмæ нæ, фæлæ арвы кæронмæ куы ахауа, уæддæр Жаннæ нæ уыдзæн? Æгъгъæд! Æгъгъæд сты уыцы æнæбындур хъуыдытæ! Уыдон сты лæмæгъ, æнæбон адæймаджы хисайæнтæ. Уый та лæмæгъ, æнæбон никæд уыд.

Чызг слæууыд, сраст. Жаннæ фидар адæймаг уыд æмæ у, цы йæ кæнын хъæуы, уый хорз зоны. Тынг хорз.

*31-æм августмæ ма баззад 5 боны.*
*26-æм август. Æртыццаг. 2009 аз*

Жаннæйы куыстæй сæхимæ йæ къах нæ хаста иннæ хæттытæй хъауджыдæр. Цы маст æм æнхъæлмæ кæсы, уый, æвæццæгæн, зæрдæ æмбæрста æмæ... Сихоры улæфты рæстæг редакцийы кусджытæ сæ хæдзæрттæм ауайынц. Чызг тигъыл фæзылд, кæсы, æмæ Аслан дæр сæхимæ фæцæуы. Бæрæг у, йæхимæ та хорз фæкаст: фæцуды, йæ сæр йæ риумæ æрхауæгау кæны, йæ гуыр æй куы иуырдæм фæцæйхæссы, куы иннæрдæм. Цыма ныртæккæ фæдыдагъ уыдзæн æмæ, кæм æрхауа, уым афынæй уыдзæн. Темыр æмæ йæ Маринæ куынæ фениккой... Æмæ чызг ахъуыды кодта: цæй, йæ разæй йæхи фæкæна, мад æмæ фыд кæд хæдзары разыной, уæд Асланимæ йæхи цыдæртæ дзурæг скæндзæн: кæд ын йæ уавæр нæ бафиппаиккой. Уыдонæй кæрты дæр æмæ

хæдзары дæр ничи разынд. Æвæццæгæн, цæхæрадоны цыдæртæ архайынц.

– Аслан, цы хуызæн дæ, цы? Дæхимæ-ма бакæс.

– Хорз дæн, – лæппу йæ хуыссæны, хауæгау, æрбадт, йæхи фæстæмæ ауагъта.

– Дæ дзаумæттæ ралас, æд дарæс ма бафынæй кæн.

– Æз... æз фынæй нæ кæнын. Мæн... – æмæ йæм скаст.

Хо, йе ’фсымæры цы хъæуы, уый хорз зоны. Æхца.

– Мæнмæ ницы и.

– Мæн æхца хъæуы, – лæппу дзойтæгæнгæ сыстад, фæцуды, фæцæйхауы. – Мæн æхца хъæуы.

– Аслан, ницы мæм и, – Жаннæмæ æцæгдæр ницы и. Йæ мызд, æмæ йæ кæд отпусчы ауадзой, уæд æхца райсдзæн æмæ та схъæздыг уыдзæн, финансон магнат та суыдзæн. Вадим æй афтæ хоны: финансон магнат. Уæвгæ йæм æхца куы уаид, йæ хызынæй ракæл-ракæл куы кæниккой, уæддæр Асланæн сом дæр нæ раттид.

– Мæн... мæн æхца хъæуы. Тынг мæ хъæ-æ-уы, – къæзы, тыххæй дзуры лæппу.

– Схуысс, бафынæй кæн. Мæнмæ æхца нæй.

– Ссар мын, – æрбадзагъул æм кодта. – Мæн æхца хъæуы. Тынг мæ хъæуы.

– Мæнмæ æхца нæй.

Аслан фæцудыдта, сынтæджы къух ацахста.

– Кусгæ... кусгæ нал кæныс? Райсом... райсомæй куыстмæ куы ацæуыс.

– Кусын, фæлæ милуантæ нæ исын! – Жаннæ фезмæлыд: йе ’фсымæры уатæй йæ ацæуын хъæуы, сæ ныхас быцæумæ куы расайа. Лæппу дзойтæгæнгæ йæ размæ слæууыд:

– Мæн æхца... æхца хъæ-æ-уы.

– Аслан, капекк дæр мæм нæй.

– Æмæ уæд кусын... кусынмæ цæмæ цæуыс?

– Ме ’фсымæр дæ æмæ мын хуыздæр куыст ссар. Хорз мыздæй æз дæр «нæ» нæ зæгъин.

Лæппу йе ’рдæгцъынд цæстытæ Жаннæйыл æрæвæрдта æмæ йæм кæсы.

– Æз... æз дын хорз куыст... хорз куыст амонын. Мæс... Мæскуымæ ацу. Уым... Уым сылгоймæгтæн хорз... хорз куыстытæ и. Бирæ... бирæ æхца исынц.

Жаннæйы зæрдæ фæкъæпп кодта. Уый... Уый цы дзуры Аслан?

– Цы?!.

– Уым... уым бирæ... хъæздыг адæм... хицæу... хицæуттæ æмæ æхца кус... Æмбæл... Ныртæккæ афтæ... афтæ бирæ чызджытæ кæнынц.

Жаннæ ныхас зæгъынæн нал уыд, йæ мидбынат бандзыг, йæ мидбынат æрцæйхауд.

– Цы?! Цы?! – тыххæй йæ дзыхæй схауд.

– Æхца... Æхца кус, æмæ цыфæнды... цыфæнды хуызы дæр. Æхца... Æхца тæф нæ кæны-ы.

Цы хъусы уый?! Жаннæйы цæстытæ тартæ кæнынц, йæ сæр зилы. Куынæ ахауид. Æваст, Асланы хæдоны æфцæгготы æвзæгтæ ацахста æмæ йæ ныууыгъта, йе 'фсымæры куыд асхуысста, уый йæхæдæг дæр нæ базыдта. Æфсымæр сынтæгыл æрхауд, куыд æрхауд, куыд адæргъ, уый ма ауыдта, æндæр ницыуал: уатæй йæхи раппæрста. Йæ хызын... Фæлæбурдта йæм. Хæдзарæй сарамæ, сарайæ кæртмæ разгъордта. Йæ тыхулæфт хъуыст, уæлдæф ын нал фаг кодта. Уынгмæ рахæццæ æмæ фембæрста: афтæ згъоргæ йæ исчи куы фена, уæд цы фенхъæлдзæн? Тигъмæ бахæццæ. Æрлæууыд. Йæ къæхтæ йæ кæдæм хæссынц? Ацыд паркмæ æмæ тæккæ ауондæр ран сбадт. Йæ бон иу ран æнцад бадын нæ уыд æмæ-иу фестад, рацу-бацу кодта. Йæ цæсгом-иу йæ армытъæпæнтæй амбæрзта, йæ сæрыл-иу ныххæцыд. Циу? Цавæр æнахъинон рæстæг скодта? Де 'фсымæр, чифæнды дæр уæд, цыфæнды адæймаг дæр уæд, æмæ дæм уый цæсгом афтæ бахъæцæд, афтæ дæм сфæразæд: Мæскуымæ ацу æмæ уым кус, дæ буар, де 'нкъарæнтæ, дæ уæрзондзинад уæй кæн. О Хуыцау! Цæмæ æрхаудыстæм! О Хуыцау, уый цы у? Æви Хуыцау дæр нал и æмæ цæрæм куырм дунейы. Кæд нæ сырдты æмæ цыппæркъахыгты туг бацыд.

Чызг куыдта. Йæ цæссыгтæ гæр-гæрæй згъæлдысты æмæ сæ йæ бон бауромын нæ уыд. Йæ буар стъæлфыд, уæлдæф йæ хъуыры къуыбар кодта. Цавæр, цавæр дунейы цæрæм? Ау, æппындæр сыгъдæгдзинад нал и? Ау, бынтон бабын стæм? Æхца!.. Æмæ уый охыл алцыдæр кæн, дæхи дæр уæй кæн. Æмæ йын уый чи загъта? Йе 'фсымæр. Уадз, наркоман дæр уæд, уæддæр адæймаг у. Æви адæймæгтæ нал стæм? Æмæ ма уæд нæ цард цы у?..

Абон – ӕртыццӕг. Къуырисӕрмӕ дӕр бирӕ рӕстӕг нал и, бафӕраздзӕн ма.

*31-ӕм августмӕ ма баззад 4 боны.*
*27-ӕм август. Цыппӕрӕм. 2009 аз*

Жаннӕ йӕ телефон систа. Вадим ӕм дзуры.

– Жаннӕ, зӕрдиаг салам дын.

– Мӕнӕй дӕр афтӕ. Куыдтӕ стут? Сывӕллӕттӕ дзӕбӕх сты?

– Ивуылдӕр дзӕбӕх. Цӕмӕн дӕм дзурын. Ды мӕ не 'мбарыс, фӕлӕ дыл ӕз арӕх фӕхъуыды кӕнын. Ӕмӕ дӕ куыст... Уый ницы куыст у. Адӕймаг ӕхца кӕм нӕ иса, йӕхи дарын кӕм нӕ фӕраза, уый куыст нӕу, уырдыгӕй лидзын хъӕуы.

– Тыхсыс мыл, ӕмӕ бузныг, фӕлӕ...

– Кӕронмӕ мӕ мӕ хъуыды зӕгъын бауадз. Ӕз дыл кӕддӕриддӕр тыхстӕн ӕмӕ тыхсын. Уымӕн ӕмӕ мах бинонтӕ стӕм. Уымӕн ӕмӕ ды мӕ хо дӕ.

– Ӕмӕ...

– Ӕмӕ цы зӕгъынмӕ хъавын. Бухгалтерты курсытӕм куы бацӕуис, уӕд куыд уаид? Дӕсны, йӕ куыст хорз чи зоны, ахӕм бухгалтертӕ ӕдзухдӕр хъуыд ӕмӕ хъӕудзысты. Сӕйрагдӕр та – уыдон чысыл мызд никӕд истой. Стӕй, цӕуыннӕ хъуамӕ суай сӕйраг бухгалтер? Ӕмӕ уӕд алцыдӕр – дӕхи къухы.

– Ӕз...

– Мӕ ныхас нӕма фӕдӕн. Бухгалтеры дӕсныйад ма хорз цӕмӕн у. Дӕхӕдӕг исты куыстуат куы саразай, уӕд дӕ кӕйдӕр ӕххуыс нӕ хъӕудзӕн. Ахъуыды кӕн, ӕвиппайды дӕ къӕхтӕ ма ныссадз.

– Мӕнӕн мӕ куыст...

– Дӕуӕн дӕ куыст ницы у. Зонгӕ-зонын дӕхи сайыс.

– Хорз, хорз, Вадим. Фыццӕгӕм сентябры фӕстӕ нал ацӕудзынӕн, фыццӕгӕм сентябры фӕстӕ нал кусдзынӕн.

– Ӕмӕ хорз бакӕндзынӕ, ӕгайтма цард ӕмбарын байдыдтай.

– Мӕ зондджын ӕфсымӕры фӕрцы.

– Уӕдӕ баныхас кодтам.

– Баныхас кодтам. – Жаннӕ йӕ телефон йӕ хызыны сӕвӕрдта. Баныхас кодтой. Цӕуыл баныхас кодтой? Ницӕуыл.

Чи кæм кусы, æхца чи цас исы, уый тыххæй Жаннæ искæйы фæрсы? Искæмæн йе 'хцатæ нымайы? Куы йæ ныхъхъуытты уадзиккой. Æмæ йæ ныр ныууадздзысты. Ныр Вадимы ныхæстыл разы у. Ныр алцæуыл дæр разы у.

*31-æм августмæ ма баззад 3 боны.*
*28-æм август. Майрæмбон. 2009 аз*

Жаннæ сихоры фæстæ куыстмæ нал цæуы. Йæ къах æй нæ хæссы. Чи зоны, æнæбары, зивæггæнгæ ацыдаид æмæ къуыттыйы бадт фæкæнид. Мацы дзур. Исчи дæ истæмæй фæрсы, уæд ын цыбыр дзуапп ратт, йе дæ сæр банкъуысын кæн. Дæхицæй дæр цалдæр ныхасы ралæмар: ома æгас дæн, уе 'хсæн дæн.

Дыууадæс сахаты æххæст нæма уыд, афтæ йæм Дауыт йæ уатмæ фæдзырдта, æмæ цыма Жаннæйы хъуыдытæ йæ ныхыл фыст уыдысты æмæ уыдон бакаст, афтæ загъта:

– Фæссихор-иу, кæд дын хæдзары исты хъуыддæгтæ и, уæд куыстмæ мауал рацу. Къуырисæры, æртын фыццæгæм августы та – дæ райгуырæн бон, æмæ уый та Хуыцау загъта – хъуамæ баулæфай, дæ зæрдæйы фæндиаг дæ рæстæг арвитай.

Чызг æм хъуыста, йæхинымæр бахудт, йæ редакторæн зæгъынмæ хъавыд: «О, æртын фыццæгæм август мæ зæрдæйы фæндиаг арвитдзынæн».

Æмæ йæ йæ зæрдæйы фæндиаг арвитдзæн. Хорз æй арвитдзæн. Тынг хорз. Афтæ хорз йæ райгуырæн бон, æвæццæгæн, иу адæймаг дæр нæма сбæрæг кодта. Уый уыдзæн йæ царды æхсызгондæр бон.

– Райгуырæн боны тыххæй раздæр нæ фæарфæ кæнынц, фæлæ дын æз арфæ кæнын. Æнæниз, зæрдæрухсæй, хъæлдзæгæй дыл цæуæд. Иу сæдæ азы ма йæ иумæ куыд сбæрæг кæнæм, уыцы хорзæх дæу дæр æмæ мах дæр уæд. Нæ редакцийы астæуккаг цæджындзтæй иу дæ æмæ дæ пъеро æдзухдæр цæхæр калæд.

– Бузныг. Бузныг, Дауыт.

– Мæнæ дын чысыл цыдæр лæвар дæр балхæдтам... Бузныг, бузныг...

– Ныр та, бухгалтермæ бауай æмæ дæ отпускнойтæ райс, – редактор æм скаст, цыдæр гæххæтт йæ цуры æрæвæрдта.

– Дауыт, бузныг, стыр бузныг, – Жаннæйы фæнды ноджы

зærдиагдæр арфæйы ныхæстæ йын зæгъын, фæлæ æндæр ницы зæгъдзæн. Уатæй рахиза, афтæ ма фæстæмæ æхсгæ каст фæкодта. Æхсгæ каст, фæлæ Дауыты цæсгом хорз ауыдта, уæлдайдæр, йæ цæстытæ. Сабыр, морæхуыз стыр цæстытæ уæздан, фæлмæнæй цыдæр уысм Жаннæйыл андзæвыдысты æмæ, йæхæдæг куыд сабыр, уæздан, фæлмæн хъæлæсæй фæдзуры, цыма йæ фæзмгæ кодтой, афтæмæй дзырдтой: «Куыстмæ дæ зæрдæ ма ‘хсайæд. Хорз-иу баулæф».

Искуыдæм цæуы, суанг уынгмæ, уæд, мад æмæ фыдæй раздæр кæй фены, уымæн фæзæгъы. Уæлмæрдмæ куы фæцæуы, уæд та ницы фæзæгъы, исты æфсон акæны.

Мад кæркдонæй йæ раздарæны æйчытæ рахæссы. Жаннæ йæм йæхæдæг фæразæй:

– Ме ‘мбал чызгмæ суайон.

– Хорз. Хорз. Уæдæ æппынæдзух хæдзары бад, уый дæр куыд у.

Маринæ Жаннæйы æмæ иннæ цоты дæр цымыдис фæрстытæ никуы фæкæны.

Сæхи уынджы цæхгæр ацыд: сæ сыхæгтæ нæ, фæлæ йæм сæ хъæуы, сæ районы, æппæт Ирыстоны цæрджытæ куы кæсой, уæддæр афтæ цæуы. Уæлмæрдмæ цæугæйæ йæхи афтæ сæрибар æмæ ныфсджын никæд æнкъардта. Ныгъуылдтытæ, цыма исты адавта, афтæ-иу фæйнæрдæм фæкæс-фæкæсгæнгæ фæцæйцыд, йæ буарыл-иу ризæг бахæцыд. Ныр у æнахуыр сæрибар. Æмæ уыцы сæрибардзинад нырмæ кæм уыд? Уый, Жаннæ цæуы йæ уд ссæрибар кæныны фæндагыл, æмæ уымæн афтæ у. Уый дзы уадзы ныфс.

Чызг йæ мидбылты бахудт, йæ зæрдæ цыдæр рухсдзаст у. Уæлмæрдмæ цу æмæ дæ риуы цыдæр æхсызгондзинад гуырæд! Куыд раст у уый? Раст у! Тынг раст у! Цыртытæ йæм æрбазындысты. Диссаг! Ацы хатт, бирæ хæттыты кæм уыд, цыма йæм уыцы уæлмæрд не ‘рбазынд, уым нæ фæцæуы, фæлæ æндæр кæмдæр. Уæд ыл цыртытæ, гыццылæй, стырæй цыдæр уæз фæкæнынц, цыма йыл æрхауынмæ фæхъавынц. Сæрдыгон тæвд бон дæр сæ цыдæр уазал фæцæуы. Хатт æм афтæ фæкæсы, ныртæккæ йæ сæ быны ацъист кæндзысты. Ныр сæнтсау цыртытæй дæр уазал нæ ивылы, нæ сæ тæрсы. Ныр ын уæлмæрд цыдæр хион у.

Йæ мады цырт. Йæ мады ингæн. Мин цырты, мин ингæны

æхсæн дæр æй базондзæн. Темыр æй йæхæдæг сарæзта, алы стъæлфыл дæр дзы баззад йæ уырзты, йæ зæрдæйы хъарм, æмæ уый Жаннæ дæр æнкъары.

Чызг цыртыл йæ къухтæ æрхаста, йæхи йыл бауагъта, йæ цæнгтæ йыл æрæвæрдта, цыма йын хъæбыс кæны. Æмæ йын хъæбыс кæны. Цырты фæлмæн хъарм йæ буарыл æмбæлы. Уый... Уый йæ мады зæрдæйы хъарм у, мæрдтæй дæр æй тавы. Лизæ нæ амард. Йæ уд сæнусон, æгæрон тыгъдадмæ стахт æмæ уым цæры, уырдыгæй йæм кæсы, уырдыгæй йыл ауды.

Жаннæ мады нывмæ кæсы. Йæ мидбылты йæм худы. О, худы йæм. Æмæ цæуыл цин кæны? Кæй сæмбæлдзысты, ууыл? Кæд... Кæд, Лизæ зæххон царды хъизæмæрттæй кæй фервæзт, ууыл у йæ цин? Уым йæ тыхст, йе 'нæнцой зæрдæ сулæфыд, æрсабыр.

Жаннæ ма скъоладзау куы уыд, уæд-иу æм сæ сыхæгты, урсзачъе зæронд лæг Хъамболат арæх фæдзырдта:

– Гыкъы, уæ Гыкъы, рауай-ма æмæ та мæ фарсмæ абад.

Æмæ-иу рудзгуыты цур бæлæсты аууон йæ фарсмæ даргъ бандоныл сбадт. Хъамболат-иу æм цæмæн фæдзырдта, уæд уый нæма 'мбæрста. Фæлæ фæстæдæр алцыдæр бамбæрста: зæронд лæджы-иу фæндыд искæимæ аныхас кæнын, искæмæ байхъусын, æмæ чи кусгæ кодта, чи – цы, æмæ-иу йæ цæф Жаннæйыл ауад. Ноджы дзы уый йæхи никæд тылиф кодта.

Хъамболат-иу дзырдта:

– Æрцæуудзæн ахæм рæстæг (æви райдыдта), æмæ æгæстæ мæрдтæм хæлæг кæндзысты, – æмæ-иу йæ сæр нынкъуыста, цасдæр-иу æдзæмæй баззад. Дзырдта ахæм хуызы, цыма Жаннæ йе 'мбай, йæ кары адæймаг у, æмдæндæгтæ сты.

Уæд зæронд лæджы ныхæсты апп нæма 'мбæрста, кæдæм цæвынц, цы уæз сæ и, уый йæ зонд нæма ахста. Æмæ та-иу Хъамболаты ногæй бафарста:

– Æгæстæ хъуамæ мæрдтæм куыд хæлæг кæной? Уымæн уæвæн куыд и?

– Тынг хорз, – дзуапп-иу радта зæронд лæг. – Чи амард, уый ницæуылуал тыхсы, ацы æнаккаг цардæй фервæзт, сулæфыд. – Æмæ та-иу ныууынæргъыдта, цасдæр рæстæг-иу аджих, стæй ма-иу йæ ныхасмæ бафтыдта. – Ех-х, æз дæр куы амæлин. Бафæлладтæн. Фæлæ уый Хуыцауæй аразгæ у æмæ йын табу уæд.

Жаннæ йын уæлдай хуыздæр бахъуыды кодта йæ иу ныхас:

– Адæймаг куы амæлы, æрмæстдæр уæд ссæрибар вæййы.

Арæх, тынг арæх æрлæууы йæ зæронд сыхаджы ныхас йæ зæрдыл, йæ хъустыл фæуайы. Диссаг, Хъамболаты йæ даргъ цардвæндаг æркодта ахæм хатдзæгмæ? Цардæй афтæ тынг сфæлмæцыд?.. Æви йæ искæм бакаст, искæмæй йæ фехъуыста? Цыфæнды дæр уæд: уыцы хъуыды йæ зæрдæмæ уыд тынг хæстæг, рацыд йæ удæй, былалгъæй йæ нæ дзырдта.

Жаннæйыл цас фылдæр азтæ цæуы, афтæ йæм зæронд Хъамболаты ныхæстæ тынгæй-тынгдæр хъарынц, цы стыр хъуыды дзы æвæрд и, уый уæззауæй-уæззаудæр, стырæй-стырдæр кæны, цæсты тынгæй-тынгдæр ахады. Раст уыд зæронд лæг: ацы зæххыл сæрибардзинад нæй, сæрибардзинад и æрмæстдæр Уым. Нæ адæммæ уыд куырыхон, пехуымпар, зондджын лæгтæ. Институттæ æмæ университеттæ каст нæ фесты, фæлæ уыдысты философтæ. Æцæг философтæ.

Чызг цыртмæ, йæ мады нывмæ нымдзаст. Лизæ дæр æм йæ мидбылты уымæн худы. Сæрибар у, æмæ йæм худы, цыма йын зæрдæрухсæй цыдæр зæгъынмæ хъавы. Хъавы. Хъавы. Йæ фæлмæн, уæздан хъæлæс ын хъусы. Жаннæ ноджы лæмбынæгдæр ныхъхъуыста. Æмæ хъусы, йæ мады хъæлæс хъусы:

«Ам хорз у. Ам адæймаг сæрибар у. Ам...» – йæ мады хъæлæс нал хъуысы.

Лизæйы ингæны алыварс – нывæфтыд æфсæн гæрæн. Ныр ахæмтæ ничиуал æвæры, фæлæ уæд сæ хуыздæртæ, сæ рæсугъддæртæй иу кæй уыд, уый бæрæг у. Гæрæн ингæнæй цыппар-фондз метры уæрæхдæр. Æмæ йæ Темыр ахæм дынджыр цæмæн скодта? Йæ мад, йæ фыд раздæр куы амардысты. Йæхицæн? Æмæ ма уæд æрыгон уыд. Цал азы йыл цыд? Авд æмæ дыууиссæдз. Лæппулæг, йæ царды фæндæгтæ нырма разæй. Уæд бынат кæмæн бацахста?

Жаннæ та йæхимидæг бахудт. Хуыцау ис, алцыдæр Уæле бæрæг у. Йæ мады фарсмæ уыцы зæхх ныр бахъæудзæн. Хуыцаумæ алцыдæр фыст у. Бахъæудзæн Темыры кæстæр чызгæн.

Йæ мады нывмæ та нымдзаст. Кæрæдзи цæстытæм кæсынц. Дзагъырæй. Хъоппæг цæстытæй. Ныр та... Лизæйы цæстытæ цыма доны зилынц, кæугæ кæны. Йæ цæссыгтæ йæ рустыл æрфæд кодтой. Уый... Жаннæ йæ цæсгом йæ армытъæпæнтæй амбæрзта. Уый, Лизæ нæ, фæлæ Жаннæ кæуы. Æмæ цæмæн? Æвиппайды æндæр адæймаг фестад? Йæ зæнгтæ дон кæнынц,

ныртæккæ æрхаудзæн. Чызг фæцудыдта. Рæстæг, дымгæтæ, хур æмæ къæвдатæй бур мраморæй арæзт ингæны тигъ къухтæй ацахста: йæхи ахауын нæ бауагъта. Ингæны тигъгæрон сбадт – нæ! Æрхауд. Æмæ ныккуыдта. Раздæрты хъæрæй нæ, фæлæ йæхимидæг кæуын дæр æфсæрмы кодта, цæмæйдæр тарст, фæлæ ныр æфсарм, тас цы сты, уый нал зоны. Æмæ кæуы. Йæ цæссыгтæ йæ рустыл уайынц, уыцы цæссыгтæ сты тад здыйы æртæхтæй уæззаудæр æмæ судзагдæр, фæлæ сæ уый не 'нкъары. Жаннæйы æрмæстдæр фæнды...

– Лизæ, бахатыр мын кæн.

Чызг хæкъуырццæй кæуы: зын кæд искæмæн ракодта, æнамонддзинад кæд искæмæн æрхаста, уæд ын ныххатыр кæнæнт. Ныххатыр ын кæнæнт иууылдæр. Барæй, зонгæ-зонын æй зын ракæнын никæмæн фæндыд.

– Ныххатыр мын кæнут. Ныххатыр мын кæнут! – Жаннæ ингæны цур зæххыл йæ зонгуытыл куыд æрхауд, уый нæ базыдта. Æмæ лæууы йæ зонгуытыл, раджы-иу кæддæр нæ фыдæлтæ кувæндоны куыд лæууыдысты, афтæ. Æмæ кæуы, кæуы æмæ дзуры:

– Ныххатыр, ныххатыр мын кæнут иууылдæр.

Стæй... Æвиппайды йæ куыдæй фæсабыр, фæхъус. Слæууыд. Сраст æмæ хъæрæй загъта:

– Æгъгъæд! Æгъгъæд у! – йæ алыварс акаст. Йæ цæсты бынтæ, йæ рустæ йæ къухмæрзæнæй ныссæрфта æмæ разылд.

– Æгъгъæд! Æгъгъæд у! – æмæ фæцæуы. Сæхимæ. Уæлмæрдмæ куыд цыд, афтæ: фидар, ныфсджын, ацы зæххыл йæхи хорз чи 'нкъары, ахæм æрыгон адæймаджы къахдзæфтæй.

*31-æм августмæ ма баззад 2 боны.*
*29-æм август. Сабат. 2009 аз.*

Абон редакцийы ничи уыдзæн æмæ уый хуыздæр у: Жаннæйы никæй уынын фæнды. Чызг йæ мады цурмæ бацыд:

– Æз мæ куыстмæ суайон.

– Æмæ сабаты... – Мад æм фæрсæгау кæсы.

– Мæ фыссинагæй ма чысыл аззад æмæ йæ кæронмæ ахæццæ кæнон. – Йæ мады сайы æмæ сырх дæр нæ кæны. Æмæ, дам, Темыры кæстæр чызг сайын нæ зоны. – Мамæ, ма тыхс.

– Æмæ исты акомдзаг кæн, æххормагæй куыд цæуыс?..

– Бирæ нæ афæстиат уыдзынæн. – Чызг кæртмæ рахызт. Йе стъол бафснайдзæн – цастæ æфснаинаг у – æмæ æрбацæудзæн.

Газеты редакци æмæ типографи – иу кæрты. Жаннæ сæ кусæнуаты дуар бакодта. Ацы уаты къæсæрæй цал æмæ цал хатты æрбахызт. Æхсызгонæй. Зæрдæрухсæй. Уый мæнæ фæстаг рæстæджыты йæхи æруагъта, ныллæхъир, æндæр... Йе стъолы цур-иу куы сбадт æмæ-иу урс гæххæтт йæ цуры куы æрæвæрдта, уæд йæхи хуыдта дунейы тæккæ амондджындæр адæймаг. Афтæ йæм каст, уыцы амонд у æнæкæрон. Никуы! Никуы фæуыдзæн. Фæлæ алцæмæн дæр ис райдайæн æмæ кæрон.

Чызг йе стъолы уæллаг лагъз раласта. Æмæ йæм гæххæттытæ дæр цы ис, фæлæ... Хъуамæ йе стъол æфснайдæй ныууадза. Газеты йын цы æрмæджытæ рацыд, уыдон никуы æмбырд кодта. Йе 'мкусджытæй иу – цыдæриддæр фыссы, уыдон иу хъуыдыйады онг æмбырд кæны æмæ сæ папкæйы æвæры.

Йе стъолы лæгъзтæй цалдæр чиныджы систа. Аивадон, журналисты дæсныйадимæ баст литературæ. Ам сæ ныууадзид æмæ... кæй хъæуынц? Хæдзары дæр... Нæ. Сæхимæ сæ ахæсдзæн.

Чингуытæ пакеты сæвæрдта. Йе стъолы лæгъзты уæлдай гæххæтт нал и. Цалдæр сыфы, æмæ сæ аскъуыдтæ кодта. Йæ къæлиндармæ фæкомкоммæ: фылдæр сыфтыл цыдæр фыстытæ, телефоны номыртæ, мыггæгтæ. Кæсы сæм, тоны сæ æмæ сæ бырæтты чыргъæдмæ калы. Ныр йæ зæрдæ ницæмæуал æхсайы. Дæгъæлтæ...

Жаннæ дуар сæхгæдта æмæ кæртмæ рахызт. Гæс ам и? Ам. Дæгъæлтæ йæм дæтты:

– Иннæтимæ сæ сæвæр.

– Æмæ дæхи нæ хъæуынц, отпусчы чи фæцæуы, уыдонæн семæ вæййынц.

– Мыййаг мын хæдзары куы фесæфой, – зæгъынмæ та хъавыд: «Æз дæргъвæтин отпусчы цæуын». – Чызг цæмæндæр йæ хъуыдымæ бахудт. Отпуск. Даргъ. Æнæкæрон. Æнусты дæргъæн...

– Омæ хорз. Де 'рбацыдмæ ам уыдзысты, ничи сæ райсдзæн.

Жаннæ сæхимæ фæцæуы. Цас бирæ афæстиат, фæлæ йæм мад уæддæр æнхъæлмæ кæсдзæн. Цай дæр нæ ацымдта, æмæ тыхсдзæн, йæ зæрдæ йæм æхсайдзæн. Дысон æм йæ мызд æмæ йæ отпусчы æхца радта.

– Æмæ куыд бирæ сты?

– Иуæндæс мины? Уыдон кæмæндæрты æхца не сты.

– Мах уыцы кæмæйдæрты не стæм. Нæ фаг æмæ ма нын уæлдай дæр сты.

– О, мамæ, бæргæ не сты, фæлæ ды бæркадкъух дæ, дæ армæй сой тæдзы, капекк дын сомы бæркад хæссы.

– Мæ чызг, райдыдтай та, – мад цыдæр уысм ницы сдзырдта, стæй йæм фæзылд: – Фæлæуу-ма, дæхимæ дзы исты ныууагътай?

– Æмæ дзы цы кæнын? Куы мæ бахъæуа, уæд дæуæй райсдзынæн.

– Нæ, нæ, мæнæ дзы æртæ мины дæхимæ уадз. Чызг дæ, чызг, æмæ дæ хызыны хъуамæ иу капекк уа.

Нæ дзы райста иу сом дæр. Цы дзы кæны? Уырдæм... Æмæ та бахудт. Уырдæм фæндаггаг лæвар у.

Йæ къахайст фæсабырдæр. Къуырисæрмæ йæ мадæн æлхæнын ницы бауадздзæн, исты хуызты йæ къуылымпы кæндзæн. Æдзухдæр хорз фынг сцæттæ кæны: дзадждджын уæлибæхтæ, цæхæраджынтæ, фыдджынтæ, дзидза кæртофимæ, нозт цалдæр хуызы, адджинæгтæ, дыргътæ, халсартæ, салаттæ... Ницæуыл бацауæрды.

– Хорз афон райгуырдтæ, фæззæджы къæсæрыл, – фæзæгъы мад.

Бæргæ, хорз афон райгуырд, фæлæ...

Жаннæйы цыд фæтагъддæр. Æмæ кæдæм тагъд кæны?.. Æртын фыццæгæм августмæ. Йæ мидбылты та бахудт. Цыдæр æхсызгонæй, зæрдæрухсæй.

*31-æм августмæ ма баззад 1 бон.*
*30-æм август. Хуыцаубон. 2009 аз.*

Жаннæ йæ халат йæ уæлæ æрбакодта, хæдзарыдаргæ фæлмæн дзабырты йæ къæхтæ атъыста. Сабат æмæ хуыцаубоны, цасдæриддæр дæ зæрдæ зæгъы, уыйбæрц фынæй кæн, цалынмæ йæхæдæг сысты, уæдмæ йæ ничи райхъал кæны. Мад æнæуынæрæй дуарыл зына-нæзына æрбахæцы: йæ чызг нæма рабадт, фынæй ма у? Æмæ афынæй кæнæд, афынæй кæнæд. Азтæ йыл сæ уæз куы 'руадзой, уæд йæ хуыссæг кæдæмдæр лидздзæн,

куы афынæй уаид, уый йæ фæнддзæн, фæлæ цæстытæ æрцъынд нæ комдзысты.

Дæсæм сахат райдыдта. Уæдмæ фæфынæй кæндзæн, уый æнхъæл нæ уыд. Æнхъæлдта: куы-иу йæ иу фæрсыл æрхуысдзæн, куы иннæуыл, рафт-бафт кæндзæн, хуыссæг æм æмгæрон нæ цæудзæн, рабаддзæн-иу æмæ талынг уаты джихæй кæдæмдæр кæсдзæн, удхайраг фæуыдзæн. Бон кæд æрбацъæхтæ уыдзæн, кæд æрбарухс уыдзæн, уымæ æнхъæлмæ кæсынæй йæ цæстытæ ныуурс уыдзысты. Мыййаг, кæд йæ цæстытæ кæрæдзиуыл авæра, уæд æнæмæнг фыдфынты хай фæуыдзæн. Уый уыдзæн йæ фæстаг æхсæв. Фыдæхсæв.

Æмæ, диссаг, фæрæдыд: йе 'хсæв бынтон æндæрхуызон рауад: чызг ахæм адджын фынæй фæстаг рæстæджыты никæдуал бакодта, йе 'нгуылдз дæр нæ базмæлыд. Иу фын дæр нæ федта. Райхъал цыдæр æнахуыр рог, хъæлдзæг æмæ зæрдæрухсæй. Цы хорз бон скодта! Жаннæ рудзынг байтыгъта. Арв – цъæх-цъæхид, хæснагыл ыл иу мигъы тæпп не ссардзынæ, хистæртæ куыд фæзæгъынц: кæсаджы цæстæй – сыгъдæгдæр. Сæууон хуры тынтæ иу бæласæй иннæмæ, иу хæдзары сæрæй иннæ хæдзары сæрмæ сæхи æппарынц, урс æхсидæвты хуызæн судзынц. Цы хорз райсом у! Цы хорз бон скодта! Райсом дæр ахæм ирд, сыгъдæг, хурбон уыдзæн. Хорз бон уыдзæн. Тынг хорз бон! Август нæм адзухдæр хорз рæстæг ахæссы. Æртын фыццæгæм август. Уый сæрмагонд бон у. Жаннæйæн тæккæ адджындæр, тæккæ зынаргъдæр бон. Йæ царды тæккæ амондджындæр æмæ рухсдæр бон уыдзæн райсом! Æмæ уый райдыдта абон, дысон дыууадæс сахаты фæстæ. Нæ! Уый раджы райдыдта, кæд, уый бæлвырдæй нæ хъуыды кæны, фæлæ раджы. Фыццаг къахдзæф æм акодта ацы аз дыууын фарæстæм июлы, æртыццæджы. Уыцы бон цæмæн? Нæ йæ зоны... Нæ йæ зоны... Æвæццæгæн, æнæнхъæлæджы. Æмæ æнæнхъæлæджы ацы дунейы ницы цæуы. Æртын фыццæгæм август цæмæн равзæрста, уый зоны, æмæ тынг хорз. Æртын фыццæгæм август – йæ райгуырæн æмæ йæ мады амæлæн бон. Æнахуыр бон.

Жаннæ йæхи афтæ хорз, рог, амондджын, афтæ хъæлдзæг цæмæн æнкъары, уый дæр зоны: райдзаст, сыгъдæг бон кæй скодта, æрмæст уымæн нæ – æртын фыццæгæм августы къæсæрыл кæй æрлæууыд, кæй йæм æрбаввахс, кæй йæм фæхæццæ кæны, уымæн. Æппынфæстаг, йæ бæллиц сæххæст уыдзæн. Сулæфдзæн. Æрсабыр уыдзæн.

Чызг йæ цæнгтæ фæйнæрдæм аппæрста: цы хорз бон у. Цыма кæмдæр комы доны кæнæ денджызы был лæууы: сæууон сатæг уæлдæф æхсызгонæй улæфы. Сæууон адджын сыгъдæг уæлдæф, йæ хорз зæрдæйы уагыл куы вæййы, сау мылазон мигътæ дæр æм урсæй куы фæзынынц, къæвдайы стыр æртæхты бæсты зæххыл хуры цæхæр стъæлфæнтæ куы фæхауынц, – уæд йæ буары куыд ахъары, уæд æй куыд æхсызгонæй фæулæфы, афтæ улæфы. Алæмæты сæууон уæлдæф йæ буары алы стъæлфы дæр хъары.

Жаннæ йæ уатæй рахызт. Йæ мад... Куыд нæ йæм æрбакаст. Æвæццæгæн, дуары уынæрæй куы фехъал уа, уымæй йын тарст æмæ...

– Мамæ, – æмæ йын æрбахъæбыс кодта, йæ цæнгтæ йыл æрбатыхта.

– Ацу, къулбадæг, уæд мын хъæбыстæ кæн, – мад чызджы сæр йæ риумæ æрбалхъывта.

– Мамæ, цыма дæ нæ фæнды.

– Фæнды мæ, фæнды, мæ къона. Ноджы райсом дæ райгуырæн бон æмæ дыл алцыдæр фидауы. Цу, мæ хур, дæхи ахс, æхсад адæймагмæ фарн кæсы.

– Æз æнæуи дæр фæрнджын адæймаг дæн, дæуæн и рæсугъд æмæ хæрзконд чызг, – худы йæм. Æмæ йын уый цыдæр кæнгæ, аразгæ мидбылты худт нæу. Уый цæуы йæ зæрдæйы арфæй. Мад ын йæ сæр йæхимæ разылдта æмæ йæм кæсы:

– Ахæм ныхæстæ дæ никуы фехъуыстон. Фæстаг рæстæг дæ ахæм хъæлдзæг æмæ цинхуызæй никуыуал федтон. Ды ма мын дæ амонд куы ссарис, æндæр мæ ницы хъæуы. Цæуыл дзурын, уый æмбарыс?.. Алцæмæн дæр афон ис, афон, мæ чызг.

– Æмæ тагъд мæ афон дæр æрбахæццæ уыдзæн.

– Цы? Цы? – ныр та мад æрбахъæбыс кодта йæ чызджы. – О Хуыцау, табу дын æрбауæд.

– Хорз, хорз, мамæ, æхсад адæймагмæ фарн кæсы, – чызг ваннæмæ фæцæуы. Темыр хæдзары кæй нæ разынд, уый цур ахæм къæбæда ныхæстæ нæ бауæндыдаид. Кæрты дæр нæ зыны. Цæхæрадоны та уыдзæн, кусинаг дзы ницы вæййы, уæддæр цыдæртæ архайдзæн. Сæ зæххы хæснагæн иу кæрдæджы хал не ссардзынæ. Фыд арæх фæзæгъы:

– Зæхх чи не 'мбары, зæххæй иппæрд чи у, уыдон æнамонд сты.

Уыцы ныхас арæхдæр фæзæгъы Вадимы цур. Æмæ уый цур, цыма барæй фæдзуры, Жаннæмæ афтæ фæкæсы. Æмæ барæй

фæдзуры. Жаннæ, йе ‘фсымæры, цас æй хъуыды кæны, уæдæй фæстæмæ сæ цæхæрадоны никуыма федта. Зæхмæ æргуыбыр кæныны бæсты йæ фæлтау амар. Бел никæдма райста, къæпийыл никæд æрхæцыд.

Æмæ Темыр Вадимы цур зæххы тыххæй куы фæдзуры, уæд æфсымæр бахуды æмæ фæзæгъы:

– Адæмы фылдæр хай стыр горæтты, бирæуæладзыгон хæдзæртты цæрынц æмæ уый тыххæй æнамонд сты?

– Нæ лæппу, цыма зæххæй тæрсгæ кæны, афтæ мæм кæсы.

– Зæхх хорз у, фæлæ зæххы куыст æндæр исчи кæнæд, – дзуапп ратты Вадим.

– Вадим, зæхх чи æмбары æмæ зæхх кæй æмбары, уыдон, мады риу, мады хъарм æхсыр чи бададта, ахæм сывæллæтты хуызæн сты, зæхх чи не ‘мбары æмæ зæхх кæй не ‘мбары, уыдон та – хъуджы æхсырæй хасты хуызæн.

– Нæ философ та ахæцыд, – йæ къух ауигъы Вадим: ома Темыримæ фæнды дзур, фæнды ма, уый ивгъуыд дуг у, йæ рæстæг раджы фæци.

Мамæ дæр зæххы, фосы куыст бирæ уарзы. Ногдыгъд æхсыр, йæ фынк йæ сæрыл сырсыргæнгæ, куы æрбацæйхæссы, дынджыр кастрункæйы гуымбыл куы фæахсы, уæд ын ахæм хуыз вæййы, цыма дунейы æппæты амондджындæр адæймаг уый у.

– Зæхх адæймаджы цæрын кæны, – фæзæгъы мад, æмæ Жаннæмæ æрбакæсы. – Дæ фыд цæхæрадоны нæ архайы, фосмæ нæ зилы, уæд афонмæ раджы æрхаудтаид. Æгуыст адæймаг йæхимидæг æмпылы. Уæвгæ, алцыдæр Хуыцауæй аразгæ у æмæ йын табу æрбауæд.

Чызг ваннæйы кæсæны йæхимæ фæкомкоммæ. Уый... Æмæ йыл нырмæ куыд нæ ахъуыды кодта. Йæ сæр æй алвынын хъæуы. Райсом æй афтæмæй куы феной, уæд худинаг уыдзæн. Бæрæгбонмæ йæ куыд фелвыны, афтæ йæ алвынын кæндзæн, æрмæст фæстæдæр, науæд ын райсоммæ куы фехæла.

– Мамæ, парикмахермæ мæ ныууайын хъæудзæн.

– Æмæ ныууай, ныууай, хъуамæ дæ прическæ дæр бæрæгбон прическæ уа. Райсом дæ райгуырæн бон æмæ йыл хъуамæ сыгъдæг, æфснайд, хъæлдзæг æмæ бæркадкъухæй сæмбæлæм. Нæхимæ æртæ чъирийы акæндзыстæм, цынæ вæййы, бинонтæй исчитæ куы æруайа. Дæ куыстмæ дæр хуын схæссын хъæудзæн. Æмæ адджинæгтæ, халсартæ æмæ дыргътæ алхæдтон.

– Мамæ, мацыуал балхæн. Райсом... райсом алцыдæр скæндзыстæм. Абон дæхи ма тыхсын кæн.

– Æмæ райсом нæ кусинæгтæ æгæр куы абирæ уой, талфтулф митæ нæ уарзын.

– Мамæ, æз æмæ ды арт стæм, алцыдæр скæндзыстæм хорз æмæ афоныл, – худы йæм чызг.

Аслан йæ уатæй рахызт. Æрдæгæй уæлæмæ – бæгънæг. Цыма хæдзары никæй уыны, афтæ æнæ иу ныхасскæнгæ йæхи æхсынмæ бацыд. Æнæдаст, æнцъылдтæ. Хатгай йæхи дæр нæ ныхсы. Хатгай бон-дыууæ боны йæ уатæй нæ рацæуы: цыдæртæ ахæр æмæ та схуысс, фынæй кæн. Ныр дæр раджы нал у, фæлæ уымæн раджы у. Цымæ, афтæ рагацау цæмæн сыстад, цы йæ зæрды æрæфтыд? Ваннæйæ йæхи сæрфгæ рацæуы.

– Аслан, цыдæр раджы сыстадтæ.

– Паддзахадон стыр хъуыддæгтæ мæм æнхъæлмæ кæсынц, æмæ... – лæппу йæ ныхасмæ бахудт.

– Ацафон нæ сыстыс æмæ дыл ахуыр не стæм.

Мад чызгмæ бакаст, йæ цæстæнгасæй йын ацамыдта: мацы дзур, ма йæ къах.

– Афтæ раджы цæмæн сыстадтæн? Райсом нæ принцессæйæн йæ райгуырæн бон у, æмæ уый æрмæст нæ бинонтæ, нæ мыггаг, æрмæст ирон адæмæн нæ, фæлæ нæ паддзахадæн дæр стыр цау, стыр хъуыддаг у. Уый цур Англисы королевæйы райгуырды бон цы у? Æмæ хъуамæ нæхи бацæттæ кæнæм, иууылдæр нæ къæхтыл слæууæм.

Мад та йæ цæстæнгасæй Жаннæйæн ацамыдта: мацы сдзурæд.

– Хорз, хорз, Аслан, – æмæ чызг йæ уатмæ бацыд. Йæ цуры ма куы афæстиат уа, уæд та йе ’фсымæр цытæ дзурдзæн, Хуыцау – йæ зонæг. Уæвгæ, зоны сæ, æмæ Жаннæйæ абон, йæ бæрæгбоны райдайæны, иу ныхас дæр не схаудзæн. Райсом та... Кæй-иу цы фæнды, уый дзурæд.

Чызг шифанеры дуæрттæ байгом кодта: йæ зæрдæ ницæмæ æхсайы, фæлæ уæддæр... Йæ дзаумæттæ, йæ дарæс – иууылдæр æфснайд, итувæрд. Фæлæ... мацы дзы ферох уæд. Æмæ шифанеры лæгъзтæм кæсы, йæ цæстытæ уаты къуымты æрзылдысты. Уат цалдæр боны размæ бафснайдта, аивæй, сусæгæй: мад куыд ницæуыл фæгуырысхо уа, афтæ. Асланы уат дæр бæргæ бафснайдта, фæлæ та уыцы змæст, æнæфснайд уыдзæн. Дæ цъындатæ кæм раластай, уым сæ ныууадз: дæ уæлæ цы дзаумæттæ

нал кæныс, уыдон сынтæгмæ кæнæ диванмæ баппар. Æмæ йæ дарæс, йæ дзаумæттæ алырдыгæй ракæл-ракæл кæнынц. Шифанер ма цæмæн хъæуы? Дæ майкæ батух æмæ йæ сæвæр, уымæй дын исты уыдзæн? Фæстаг хатт ма æфснайы йе 'фсымæры уат. Аслан, æнхъæлдæн, ацыд. Ацыд.

– Хæргæ уал акæн.

– Хорз, хорз, мамæ. – Чызг дзаумæттæ шифанеры æвæры. Рыгтæ сæрфы. Пъолтæ рахсадта. Рудзгуытæ уæрæх байтыгъта: уадз Асланы уаты дæр сæрдыгон адджын сыгъдæг уæлдæф праддзахиуæг кæнæд.

Жаннæйы зæрдæ ницæмæуал æхсайы. Сæ хæдзар сыгъдæг, æфснайд у, уæд ын цыдæр æхсызгон вæййы.

Мад чызджы цур хæринаг æрæвæрдта: пырындзы кас æхсырыл фых, цыхт æмæ дзул, цай. Цыхт æй нæ хъæуы, фæлæ кас ахæрдзæн. Нæ. Тыххæрд нæ кæны. Æцæгдзинадæй... Æцæгдзинадæй та йæм хæрын нæ цæуы. Хæры æнæбары, цыма сыджыт хæры, афтæ йæм кæсы. Мадæй не 'фсæрмы кæны, уый зæрдæхудтæй нæ тæрсы, уæд иу комдзаг дæр не скæнид. Кас йæ хъуыры куынæ фæбадид, аныхъуырын нæ комы. Ма фæхуыдуг уæд. Чызг йæхинымæр бахудт: уæд æй, цы хостæ æрцæттæ кодта, уыдон нал бахъæудзысты. Хæры, йæхицæн тыхми кæны. Хæры, æмæ афтæ зыны, цыма йын æххормаг у, зæрдиагæй хæры.

– Цæй, ныр парикмахертæм ныууайон.

– Ацу, ацу, мæ къона.

Парикмахер, йæ зонгæ сылгоймаг, Жаннæ æдзухдæр уымæ фæцæуы. Арæх – нæ. Иуæй-иутæн парикмахерты хæдзар дыккаг хæдзар ссис: мæй дыууæ-æртæ хатты сæ сæртæ æлвынынц, цыма сын æндæр ницы куыст и.

Сылгоймаг ын йæ сæрыхъуынтыл фасæгау йе 'нгуылдзтæ цалдæр хатты æрхаста, бакаст æм:

– Дæ прическæ нырма хорз у. Ацы хатт раздæр æрбацыдтæ.

– Æмæ-гъа, фæкомкоммæ йæм дæн æмæ...

– Куыд дæ фæнды, афтæ.

Сылгоймаг ын йæ сæр, куыд фелвыны, афтæ æлвыны, хионхуызы йæ дзæбæхтæ кæны. Жаннæ дзы æдзухдæр разыйæ баззайы. Сау хæмпус дзыккутæ уылæнтæ-уылæнтæ уæхсчытæм æрхæццæ сты. Цымæ сæ фаст, се 'вæрд райсоммæ нæ фехæлдзæн? Зоны йæ, нæ фехæлдзæн, фæлæ...

– Ма тыхс, дæ сæрыфаст куыддæриддæр у, дыууæ-æртæ боны афтæ уыдзæн.

– Бузныг, бузныг, – чызг сыстад, йæхимæ айдæнмæ кæсы. Æнхъæлдæн, ацы хатт йæ прическæ ноджы рæсугъддæр у. Уæдæ йæ райсом адæм, суйтæ, хæмпæлсæрæй куы феной, уæд цы зæгъдзысты? Райсом йæ бæрæгбон у æмæ хъуамæ алцæмæй дæр аив уа.

Сæ кулдуары цур – Вадимы машинæ. Æнæуи дæр сæм арæх цæуаг нæу, сабат æмæ йын хуыцаубон та... Уыдон ын не сфæлдисæг æмæ паддзахад баулæфыны тыххæй радтой, æмæ йæ бинонтæ кæнæ йæ хорз æмбæлттимæ сæхи куы доны былмæ айсынц, куы кæмттæй искæдæм, куы та – Бехъаны цадмæ, куы та – ресторанмæ. Вадим арæх фæзæгъы:

– Кусгæ чи кæны, уый хъуамæ улæфын дæр зона.

Чызг кæртмæ бахызт. Фыд æмæ фырт сарайы лæууынц, цæуылдæр дзурынц. Дуары уынæрмæ разылдысты.

– Йæхæдæг дæр фæзынд, – худы йæм Вадим. – Райсом – дæ райгуырæн бон æмæ дын зæрдиаг арфæ кæнын. Адæймаг йæхæдæг йæхицæй фылдæр никæй уарзы, æмæ дæхи зæрдæ дæхицæн цы зæгъы, уый дыл æрцæуæд. – Йе 'хцадонæй æмхæст мин сомы систа æмæ, цыма æппынкъаддæр ссæдз мины сты, ахæм хуызæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Исты-иу дзы алхæн. Цы дæ хъæуы, уый дæхæдæг хуыздæр зоныс.

Жаннæ цыдæр уысм ахъуыды кодта: райса сæ æви нæ, хъæугæ ма йæ цæмæ кæнынц, фæлæ...

– Бузныг, Вадим, бузныг.

– Райсом мын æруайынæн фадат нæ уыдзæн æмæ – хатыр. Æмæ кæм бæрæг кæндзынæ дæ райгуырæн бон?

Жаннæ йæм бахудт:

– Райсом æй фендзынæ.

Вадим Темырмæ разылд, Маринæ æмæ Жаннæмæ бакаст.

– Цæй, дзæбæх ут. Мæ хо, дæ бæрæгбоны хорзæх дæ уæд, – æмæ йæ машинæйы бабадт. Цæмæндæр уынгмæ йæ фæстæ ничи ахызт.

– Бон агæпп ласта, – дзуры мад. – Дæ куыстмæ нæ цы хъæуы, æххæст ма уыдон куы алхæдтаикам...

– Мамæ, ма тыхс, райсом алцыдæр балхæндзыстæм.

Рæстæг абон æнахуыр тагъд цæуы. Хуры фæстаг тынтæ кæмдæр арвгæрон судзынц. Чысыл рæстæг ма æмæ йæхи бамбæхсдзæн. Бæрæг у, райсом дæр хорз бон уыдзæн: ирд, сыгъдæг.

Жаннæ сæ хæдзары алы къуым дæр аивæй басгæрста. Сара æмæ кæртыл æрзылд. Алцыдæр – æфснайд.

– Жаннæ, кæм дæ? – дзуры йæм мад. – Æхсæвæр цæттæ у.

– Зæрдиагæй чи бахæрдзæн, уый æз. – Чызг хæдзармæ бацыд.

– Рауай, рауай, мæ къона, абондæргъы дæ цæнгтæ иу ран не 'руагътай. Ныр баулæфын дæр æмбæлы.

Бинонтæ æхсæвæр бахордтой. Аслан нæма фæзынд. Æмæ фæзындзæн? Кæд фæзына, уæддæр æрæджиау. Йе 'хсæв æрбахæсдзæн.

Жаннæ ваннæмæ бацыд. Йæ прическæ... донæй йæ хъахъхъæны. Хъæрмуст дон йæ лæгъз буарыл æхсызгонæй кæлы. Цы хорз у! Бафæллад, фæлæ йæ не 'нкъары. Йæ уæнгты фæллад ын хъарм, фæлмæн дон йемæ кæдæмдæр скъæфы. Æмæ йæ уæнгтæ, йæ буар рогæй-рогдæр кæнынц. Райсомæй цы рухсзæрдæимæ сыстад, ныр дæр афтæ рухсзæрдæ у. Цыдæр æбæрæг цин риуы гуыры. Цыдæр уæз ыл æнцад æмæ ныр ахауд, атад... Æмæ сулæфыд, къæлæтæй раирвæзт. Йæхи æнкъары æнахуыр сæрибар. Жаннæ, цы уæз ыл æнцад, уый хорз зоны. Уый раздæр тайын райдыдта: йæ абонмæ фæндагыл фыццаг къахдзæф куы акодта, уæд. Ахсæв дзы бынтондæр фервæздзæн. Æмæ йын куыд æнцон у! Цыма ног райгуырыд, ног адæймаг у.

Мад æмæ фыд схуыссыдысты, сæ уатæй рухс нал кæлы. Фæлæ уæддæр Жаннæйы зæрдæ æхсайы: æнæуынæрæй, цыма хъуызгæ кæны, афтæ йæ къахфындзтыл рацыд, талынджы йæ цæст цас ахсы, афтæ алырдæм дæр акаст, алырдæм дæр лæмбынæг айхъуыста: хæдзар – сабыр, æдзæм сабыр, фæлæ райсом æмызмæлд кæндзæн. Æхсæвы иуæндæсæм сахат. Темыр æмæ Маринæ фынæй кæнынц. Хæдзары æдзухдæр – бирæ змæлд, уыдон та, куыст куынæ уа, уæддæр исты куыст ссардзысты, æнцад бадын нæ зонынц æмæ сыл изæрмæ сæ фæллад æртæфсы. Фыд фараст сахатыл йæ уат бацагуры, мад дæр бирæ нал афæстиат вæййы.

Жаннæ, йæ уаты дуарæй фæстæмæ мидæмæ бахиза, афтæ æрлæууыд. Ракаст. Ныххатыр, ныххатыр ын кæнæнт йæ мад æмæ йæ фыд: зонгæ-зонын сын сæ зæрдæтæ сау хъæдгæмттæ кæны...

Йæ уатмæ бацыд, йæ фыссæн стъолы лагъзæй къонверт, урс гæххæтты дыууæ сыфы æмæ ручкæ систа. Иу дамгъæ иннæйы фæстæ гуыры.

Зонын æй, мæхимæ мæ къух кæй систон, уый Хуыцау æмæ адæмы цур дæр у стыр тæригъæддзинад. Йæ зæрдæмæ хæстæг кæмæн уыдтæн, мæ зæрдæйæн адджын чи уыд, уыдонæй се 'ппæтæй дæр хатыр курын. Фыццаджыдæр мæ мад æмæ мæ фыдæй. Ныббарут, ныххатыр мын кæнут, уæ хорзæхæй.

Бафæлладтæн. Тынг бафæлладтæн æмæ ныр сулæфдзынæн.

Ацы дунейæ цæуын мæхи фæндонæй, аххосджын иу адæймаг дæр нæу.

*Хæрзбон.*
*Жаннæ.*
*30.08.2009 аз.*
*22'17.*

Гæххæтты сыф бадыдагъ кодта æмæ йæ къонверты сæвæрдта. Чи йæ райсдзæн, чи йæм фæкомкоммæ уыдзæн фыццаг? Мад? Фыд? Нæ! Уыдон ницы уындзысты, уыдон уыдзысты сонты хуызæн. Сыхæгтæй Маринæ æмæ Темыры цъæхахстмæ раздæр чи æрбазгъора, уыдонæй йæм исчи фæкомкоммæ уыдзæн...

Жаннæ шифанеры бинаг лагъзы, йæ мидæггаг дзаумæтты æхсæнæй дыууæ флаконы, дыууæ шприцы æмæ фынæйы хостæ систа.

Укол... Æппындæр ын нæ фæрыст, цыма йыл бындз дæр нæ абадт. Иу укол, дам, фаг у. Уый кæны дыууæ: хъуамæ йæ зæрдæ мацæмæ 'хсайа, æнæдызæрдыг уа.

Жаннæ фестад: шприцтæ æмæ флаконтæ къахбавæрæны ныппарын хъæуы. Цæугæ-цæуын хуыссæджы хостæй иуы бæсты фондз йæ хъæлæсы баппæрста. Æмæ – диссаг! Аныхъуырдта сæ. Æнæ донæй.

Схуыссыд, цыма йын уазал у, афтæ хъæццулæй йæхи æрæмбæрзта. Рабадæгау кодта, базыл йæхи фæстæмæ ауагъта. Ау, цардæй мæлæты æхсæн арæн афтæ цыбыр у? Цыбыр рæстæг – æмæ нал дæ. Ау...

Цас рæстæг рацыд? Нæ. Жаннæ сахатмæ не 'ркæсдзæн. Йæхи цыдæр æнахуыр хорз æнкъары. Йæ фæстаг минуттæ... Æмæ... Диссаг! Мæлын афтæ æнцон у? Цыдæр æхсызгон уылæнтæ Жаннæмæ сæхи ивазынц, сæ хъæбысы йæ кæнынц, тыхсынц ыл... Хъарм, фæлмæн, æхсызгон уылæнтæ. Диссаг! Æмæ уый цы у?.. Хуыссæг... Хуыссæг... Цы хорз у. Йæ быны йæ ныуæрды. Æмæ кæд уый... Кæд уый мæлæт у. Мæлæт?!. Æмæ, ау, мæлын

афтæ æнцон у?.. Æмæ дзы уæд цæмæй тæрсæм цæргæ-цæрæнбонты? Лидзæм дзы, лидзæм дзы æмæ цæмæн?..

Чызг йæ цæстытæ ахгæны æмæ та сæ байгом кæны. Хатыр... хатыр... Кæд искæмæн зын ракодта... Ныххатыр ын кæнæнт. Цы хорз у! Цыма ваннæйы хъарм, фæлмæн доны ауагъта йæхи. Æнахуыр æхсызгондзинад æй йæ хъабысы ныуæрды, йæхи йыл тухы. Ох-х, цы хорз у... Жаннæйæн, йæ цæссыгтæ, урс-урсид къуыбар цæссыгтæ йæ рустыл куыд уадысты, уый нал базыдта.

Жаннæ уыдта фын. Æви уый фын нæ уыд...

...Стыр цад. Æнæкæрон цад, цæстытæ йыл не ʻххæссынц. Сыгъдæг доны хуыпп æм никæцæй цæуы, бирæ азты дæргъы йæхимидæг æмбийы. Цъæх хъуына йыл сбадт, йæ алывæрстæ – бырынцъаг, йæ быны сау мила ныббадт. Алырдыгæй хæфсытæ уасынц, сау кæлмытæ дзы дыууæрдæм бырынц. Адæммæ чъизийæ, фæлхорæй, бырæттæй цы и, уыдон уырдæм фæкалдтой æмæ калынц. Йе ʻвзæр смаг фындзыхуынчъытæ æхгæны, йæ сæрмæ алыхуызон бындзытæ уылæнтæй тæхынц. Æмæ Жаннæ уыцы цады февзæрд. Дуне адæм ма дзы: сылоймæгтæ, нæлгоймæгтæ, зæрæдтæ, æрыгæттæ... Адæмы иу хай сау чъизи доны сæхи найынц, сæ хъæлдзæг ныхас, се ʻнæмæт худын хъуысы. Цыма æлгъаг, чъизи, алы хъылмæйæ йедзаг доны нæ, фæлæ цæссыджы хуызæн сыгъдæг цады найынц сæхи, цæссыджы хуызæн сыгъдæг доны улæфынц сæ зæрдæйы дзæбæхæн. Жаннæ бамбæрста: ацы дзыллæтæ рæстæгмæ не сты ам, фæлæ сæ цард æрвитынц ам. Исты хуызы ардыгæй куы аирвæзид. Мæлы. Хуыдуг кæны. Хъылма смаг ын йæ улæфæнтæ ʻхгæны, йæ хурхысæртæ йын арауы. Цады былмæ йæхи æппары, ленк кæнын хорз зыдта, фæлæ ныр... Чъизи, бырынцъаг, бæзджын смаггæнаг дон æй йæхицæй æддæмæ нæ уадзы. Æмæ чызг йæ дзыхæй уæлдæф ахсы, фæдæлдон вæййы, фæлæ та тыхамæлттæй цады уæлцъармæ йæхи сивазы. Сæфы. Мæлы. Æмæ ʻрмæст уый нæ кæны афтæ хъизæмар. Цады йæхи хорз чи ʻнкъары, уыдон – адæмы фылдæр хай – ох-х, цы тæхудиаг сты! Иннæтæ та Жаннæйы хуызæн –хуыдуг кæнынц, Цадæй раирвæзынил сæхи хъарынц. Адæймæгты хуызæн нал сты: æлгъаг, чъизи, хъуына донæй сæ буар нал зыны, сæ цæсгæмттæ мила æмæ алы бырæттæй сызмæстысты. Цады былгæрæттæм бырынц. Хæрдмæ хилынц. Чи æрдæгмæ схæццæ вæййы, кæй та ма чысыл фæхъæуы раирвæзынмæ, фæлæ сæхи нæ бауромынц æмæ, сæ

гуыбынтæ хафгæ, фæстæмæ смидæг вæййынц. Чи раирвæзы, уæлбыл чи фæвæййы, ахæм амонддджынтæ дæр разыны. Иугæйттæ. Ех-х! Уыдонæй фест. Æмæ Жаннæ дæр хæрдмæ быры, йæ къæхты, йæ къухты æнгуылдзтæ сау бырынцъаг зæххы ныссадзы. Исты хуызы куы аирвæзид æмæ... Фæлæ дзы аирвæзæн и?.. Ногæй-ногмæ хæрдмæ хилы æмæ хилы. Йæ фæстаг хъарутæй йæхи хæрдмæ ивазы. Цады уæлбылгæроныл фæхæст. Аццы хатт йæхи куы бауромид, здыйы хуызæн ныууæззау æмæ... Цыдæр къутæры къалиутæ ацахста. Нал... нал сæ суадздзæн. Æмæ... О Хуыцау! Йæ фæстаг тыхтæй йæхи хæрдмæ æппары. Цыдæр хуызы фæуæлбыл. Сулæфыд. Ау, раирвæзт? Ныр... Лидзгæ! Ардыгæй лидзгæ! Дард кæдæмдæр... Æндæр дунемæ...

Жаннæ сыстад. Ау?.. Раирвæзт?.. Йе 'мбæрц æмраст слæууыд æмæ размæ йæхи аппæрста. Ардыгæй лидзгæ. Кæдæмфæнды дæр уæд. Æмæ тæхы. Хъаруйы мур æм нал уыд, фæлæ йæм ныр йæ тыхтæ фæстæмæ здæхынц, æмæ размæ! Йæ тых, йæ хъаруйæ згъоры цыдæр тъунелы. Тъунел рухсæй рухсдæр кæны. Æмæ рухс кæны чызджы зæрдæ дæр. Раирвæзт! Раирвæзт! Ахæм рухс дуне... Цы хорз у! Жаннæ йæхæдæг дæр урс-урсид дзаумæтты фестад, йæ къæхтæ зæххыл нал ныдзæвынц. Базыртæ... базыртæ йыл фегуырд æмæ тæхы уæлдæфы. Зæды хуызæн. Урс зæд. Рухс, æнахуыр рухс тынгæй-тынгдæр кæны, йæхимæ йæ æлвасы, сиды йæм, æмæ йæм уый дæр тындзы. Охх! Цы хорз у! Йæ уд сулæфыд. Цы хорз у! Рухс. Æнахуыр рухс дуне. Жаннæ уыцы æнахуыр рухсы тайы, æмæ йын у æнахуыр хорз, æнахуыр æхсызгон. Афтæ хорз, афтæ 'хсызгон ын никæдма уыд, ахæм æхсызгон æнкъарæнтæ никæдма бавзæрста. Рухс. Æнахуыр урс дуне. Æмæ уый дæр уыцы дунейы иу хай ссис.

*31-æм август. Къуырисæр.*
*2009 аз.*

Темыры хæдзармæ адæм фæдисы згъордтой. Жаннæйы мардæй чидæриддæр федта, уыдон дис кодтой: цыдæр, æнахуыр, хъæлдзæг, рухс цæсгом ын. Йæ мидбылты худы. Цыма фынæй аци, цыдæр адджын, æхсызгон фын уыны æмæ ныртæккæ райхъал уыдзæн, ракæсдзæн æмæ зæгъдзæн:

– Цы хорз фын федтон...

Темыр ын йæ дæрзæг, куыстдзагъд армытъæпæнтæ йæ рустыл хаста, йе схæссæг мад Маринæ йæм ныггуыбыр æмæ йæ уыгъта...

## Эпилоджы бæсты

Дæсæм сахат райдыдта, Жаннæ уæддæр нæма сыстад. Мад уаты дуарыл зына-нæзына бахæцыд: йæ чызг æгæр бирæ нæ фынæй кæны? Абон – æртын фыццæгæм август, йæ райгуырæн бон, æмæ сæ истытæ бацæттæ хъæуы. Хæдзары æртæ чъирийы акувдзысты. Сæ бинонтæй дæр сæм кæд исчи æрцуаид. Вадим знон ам уыд, фæлæ иннæтæ... Жаннæйæн йæ куыстмæ хуын сцæттæ кæнын хъæуы, йе ‘мбæлттимæ абадæнт, баулæфæнт. Æмæ нырма рæстæг и, фæлæ... Уадз, йæ хъæбул уал афынæй кæнæд. Маринæ, дуары уынæр куыд нæ райхъуыса, афтæ йæ хъавгæ бахгæдта.

Мад йæхимидæг куыддæр тыхсы, цыдæр ын нæ фаг кæны, цæмæндæр йæ чызгмæ йæ зæрдæ ‘хсайы. Æмæ авд – дæс минуты дæр нæ рацыд, афтæ та дуарыл бахæцыд, уатмæ бахызт. Жаннæ цыдæр... цыдæр æдзæмæй хуыссы. Æмæ афтæ тарф фынæй... Йæ улæфт... Сылгоймаджы буар æмхуызонæй ныззыр-зыр кодта, йæ сæрыл цыма уæззау цыдæр æрхауд, ток æй ныццавта, афтæ йæ цæстытæ атартæ сты. Маринæ сынтæгмæ йæхи баппæрста, ныхъхъæр, ныцъцъæхахст кодта:

– Жаннæ! Жаннæ!

Уый æдзæмæй хуыссы.

– Жаннæ! Мæ чызг, мæ хъæбул, уый цавæр фынæй у?! Сыст-ма...

Уый... уый фынæй нæу. Нæ-æ! Уымæн уæвæн нæй! Изæрæй дæ цардбарæг хъæбул схуыссæд æмæ дæм райсомæй... Нæ-æ!

Йæхи йæм нылвæста, йæ сæры бын ын йæ армытъæпæнтæ бакодта æмæ йыл схæцыд:

– Жаннæ! Мæ чызг, райхъал-ма у, уый дын цавæр фынæй у?

Маринæ йæ риу ныххоста, йæ удаист цъæхахст, йæ удаист богъ-богъ уаты ныццарыдта, уаты къултæ тонынц. Рудзгуыты æвгтыл сæхи хойынц. Йæ зонгуытыл æрхауд æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодта:

– Бабын стæм! Бабын стæм!

Темыр, йæ бинойнаджы зæрдæхалæн кæуын, йæ удаист цъæхахстмæ цыдæр уысм цавддурауæй аззад, стæй разгъордта:

цы сыл ӕрцыд? Цы кодтой? Цы хабар у? Фӕкалд. Сыстад ӕмӕ та азгъордта. Аслан... Аслан мацы кӕнӕд. Иухатт дӕр ма фӕцӕймард ӕмӕ уӕд аирвӕзт. Аслан... Йе 'фсины богъ-богъ хъуысы Асланы уатӕй нӕ, фӕлӕ Жаннӕйы... Мад йӕ чызгыл ныддӕлгом.

– Цы?! Цы?!

– Бабын стӕм! Бабын стӕм!

Мад чызгыл ныттыхст, йӕ фӕлурс, ӕдзард рустыл ын йӕ армытъӕпӕнтӕ куы иуырдӕм ахӕссы, куы иннӕрдӕм, йӕ цӕссыгтӕй йын йӕ цӕсгом ӕхсы.

– Мӕ хъӕбул? Мӕ чызг? Сыст-ма, рабад-ма, дӕ куыстмӕ нӕ хуын хӕссын хъӕуы. Рабад-ма...

Аслан аууоны хуызӕн уатмӕ куыд ӕрбацыд, йӕ цӕстытӕ доны куыд зылдысты, йӕ къухтӕй сӕ цалдӕр хатты куыд асӕрфта, ӕмӕ уатӕй фӕстӕмӕ куыд ацыд, уый мад ӕмӕ фыд нӕ бафиппайдтой: сӕ цӕссыгтӕй ницы уыдтой.

Цыдӕр уысм мады цъӕхахст кӕуын фескъуыд, йӕ цӕстытӕ Жаннӕйӕ нал исы: цыма йӕм йӕ чызг йӕ мидбылты худы, цыма ракӕсынмӕ хъавы, цыма... Кӕд ... Кӕд ма фынӕй у? Кӕд... Ӕмӕ та мад йӕ чызджы ныуууыгъта:

– Жаннӕ, рабад-ма! Жаннӕ?.. – Йӕхимӕ йыл схӕцыд, цыма йӕ рабадын кӕнынмӕ хъавы. – Жаннӕ?! Мӕ чызг?! Ды... ды... Худгӕ мыл кӕныс? Ӕмӕ ӕз бын куы бадӕн! Ӕмӕ мӕнӕн мӕ бон куы бакалд! Ӕмӕ мӕныл мӕ сӕууон хур куы аныгуылд!

Темыр къулы 'нцӕйтты ӕддӕмӕ рацыд ӕмӕ сарайы, кӕрты куы иу къуымы ӕрлӕууы, куы иннӕйы, йӕ хъуыр ӕрбахгӕны, ферхӕцы. Фӕцуды. Фӕцӕйхауы. Сыхы сылгоймӕгтӕ фӕдисы згъорынц, сӕ кӕуын, сӕ цъӕхахст арауы. Лӕгтӕй дӕр чидӕртӕ кӕугӕ ӕрбацыдысты. Иугай, дыгӕйттӕй лӕууынц ӕмӕ кӕуынц. Ничи сӕ ницы дзуры. Чидӕр сӕ кулдуар байгом кодта, ӕмӕ Темыр бамбӕрста: нырмӕ дӕр ӕй куыд не 'мбӕрста, фӕлӕ ныр... мард сыл ӕрцыд, судзаггаг мард. Арвӕй дур ӕрхауд ӕмӕ – йӕ хӕдзарыл.

Фӕлӕ Жаннӕ уыдӕттӕн ницыуал зыдта...

Жаннӕ изӕрӕй, иннӕ хӕттыты куыд вӕййы, афтӕ йӕ уатмӕ ацыд, ницы дзы рыст. Нӕ фӕлӕ знон дӕр ӕмӕ дысон дӕр уыд уӕлдай хъӕлдзӕгдӕр, йӕ цӕстытӕй цины рухс калд: йӕ райгуырӕн боны къӕсӕрыл лӕууы ӕмӕ рӕсугъд, уӕлмонц ӕнкъарӕнтӕ

сæхи нæ уромынц. Йæ цинæй циндзаст уыдысты Маринæ æмæ Темыр дæр. Æмæ дæ чызг изæрæй хъазгæ-худгæ йæ уатмæ ацæуæд æмæ йæ райсом йæ сынтæджы... О Хуыцау, уый цы у?! Цы кодта? Цы йыл æрцыд? Мад дæр æмæ фыдæн дæр сæ сæр ницы ахсы.

Сыхæгты сылгоймæгтæй фыццагдæр фæдисы чи æрбазгъордта, уыдонæй иу стъолыл къонвертмæ фæкомкоммæ æмæ йæ зæрдæ фæкъæпп кодта: уый хуымæтæджы къонверт нæу!

Адæм фæфылдæр сты æмæ сылгоймаг къонверт аивæй систа, йæ риуты æхсæн æй амбæхста, хъуызæгау ваннæмæ бацыд, дуар йæхиуыл ахгæдта æмæ йæ тагъд-тагъд бакаст. Уый та куыд? Жаннæ Хуыцауы низæй нæ амард? Ацы дунейæ йæхи барвæндæй ацыд? Диссаг, æнахуыр диссаг!

Цалдæр минуты фæстæ адæм зыдтой Жаннæйы фыстæджы хабар: чи йæ сусæгæй йæхæдæг бакаст, кæмæн та йæ чидæр йæ хъусы бадзырдта. Æрмæст æй дыууæ адæймаджы нæма зыдтой: мад æмæ фыд.

Вадим йæ бинойнагимæ æрхæццæ. Æрхæццæ Фатимæ дæр йæ лæгимæ, æрмæст фæстæдæр. Куысты сæм ахæм фæтк и: цалынмæ операци ахицæн уа – цыфæнды бæллæх дæр æрцæуæд! – уæдмæ хирургæн радзурæн ницы и.

Жаннæйы фыстæг фыццаг цы сылгоймаг бакаст, уый Вадиммæ фæдзырдта æмæ йын стъолмæ ацамыдта:

– Мæнæ ам цыдæр къонверт æмæ...

Уый йæ æнæдзургæйæ систа, иуварс рацыд æмæ йæ бакаст. Йæ мидбынат цасдæр æдзæмæй лæууыд, стæй фезмæлыд. Сылгоймæгты æхсæн Фатимæйæн йæ цæстæнгасæй ацамыдта: хъæуыс æй. Уый рацыд, æмæ йæм къонверт радта.

– Уый та куыд? – йæ цæссыгтæ сæрфгæ загъта Фатимæ.

– Нæ хо цæрæнбонты дæр æнамонд уыд, – йæ кæуын тыххæй урæдта Вадим.

– Æнамонд. Тынг æнамонд.

– Уæддæр ма йæм уыцы зонд разынд, æмæ аххосджын никæй кæны.

– Æмæ йын чи у аххосджын? Йæхæдæг. Маринæ æмæ Темыр фыстæгæн ницыма зонынц æмæ...

Фыдæн йæ цурмæ бацыд, йæ дысыл ын рахæцыд, адæмæй йæ иуварс ракодта.

– Мæнæ... мæнæ Жаннæ ныууагъта...

– Цы?

– Йæхæдæг йæхимæ йæ къух систа... Æвæццæгæн, цыдæр хостæ банызта. – Æмæ Вадим Жаннæйы писмо бакаст сабыргай, уæнггай. Фатимæ дæр сæ цурмæ бацыд, фыды риуыл йæ сæр бауагъта:

– Папæ, цом, укол дын скæнон...

– Ницы мæ хъæуы...

Æфсымæр æмæ хо сæ фыды цурæй рацыдысты. Сылгоймæгтæй чидæр кæуынхъæлæсæй ныфсæвæрæгау дзуры:

– Раздæр азтимæ абаргæйæ ныр сæхимæ сæ къух бирæ фылдæр адæм исынц, суанг хæрз æрыгæттæ дæр ацы цардæй сфæлмæцыдысты æмæ...

Фатимæ пъолæй Жаннæйы фыстæг систа æмæ йæ цæссыгтæ сæрфгæ уатæй рацыд.

Зианмæ æрцыдысты дзыллæтæ бирæ. Темыр йæхæдæг дæр, йæ цардæмбал Маринæ дæр – адæмимæ цæрæг адæм, къабазджын, хæстæгджын. Вадимæн дæр æмæ Фатимæйæн дæр – бирæ хæлæрттæ, зонгæтæ, æмкусджытæ, æмæ уæрæх сара æмæ кæрты, суанг хæдзары цур уынджы дæр къах æрæвæрæн нæй.

Ахуырбег йæ бинонтимæ дысон стахт. Йæ кæуын нал æмæ нал урæдта. Нoджы ма-иу æм Маринæ куы бахъарæг кодта:

– О, мæ бон, Ахуырбег, хъулон уарзт цы хойы кодтай, хъулон уарзт дæ цы хо кодта, уый нæ тæргайæ куы цæуы. О, мæ бон куыд бакалд!..

Темыры фарсмæ лæууынц хæрз хионтæ, йæ лæппутæ Вадим, Ахуырбег æмæ Аслан. Аслан куы ацæуы, куы ‘рбацæуы.

Вадим хъуыды кодта: йе ‘намонд хойы дыккаг бон бавæрдзысты. Æмæ хуыздæр уыдаид. Уæдæ бинонтæ, хæстæджытæ цалдæр боны сæхи куы хæрой, уæд цы уыдзæн? Æмæ, горæтæй куы ‘рцыд, уæд Темырæн бамбарын кодта. Уый, цыма йæ фыццаг хатт федта, афтæ йæм æдзæмæй каст, йæ сæр цалдæр хатты банкъуыста, стæй æрæджиу загъта:

– Уый та куыд, гормонфæуинаг, карчы цъиу куынæ у, мыййаг.

Вадим йæхи иуварс райста.

Жаннæйы æмкусджытæ æмхуызонæй æрбацыдысты. Йæ райгуырæн боны арфæйы бæсты сæ дæттын бахъуыд некролог, Жаннæйы къам – сау фæлгæты.

Темыры кæстæр чызг йæхи кæй амардта, уый мæрддзыгой

адæмæй чи нæ базыдта, æвæццæгæн, иу дæр ахæм нæ уыд. Сусæгæй-æргомæй дзырдтой, къæхтæ æмæ ма йыл къухтæ сагътой. Адæм уасæгыл саргъ сæвæрынц.

– Дæ-дæ-дæй, уыцы кары æмæ дæхицæн афтæ бакæн.

– Уыйас маст дзы цы бацыд, цымæ?

– Йе 'фсымæр хъылмайы уацары бахауд æмæ, дам, уымæн афтæ бакодта. Сфæлмæцыд дзы.

– Рæдыд, дам, ыл æрцыд, рæдыд. Сывæрджын, дам, уыд.

– Мæ арт бауазал, дæхицæн афтæ бакæн.

– Хицауадимæ, дам, фæбыцæу æмæ йæ маргæ акодтой.

– Йæхимæ йæ къух исы кæнæ бынтон лæмæгъ, кæнæ бынтон фидар адæймаг.

– Цыдæр лæппуйы, дам, тынг уарзта, фæлæ уый æндæры ракуырдта æмæ, дам, йæхи уымæн бабын кодта.

– Цы рæсугъд чызг уыд, зæды хуызæн.

– Уымæн цы у? Мæгуыр Темыр æмæ Маринæ сты.

Жаннæйы баныгæдтой йæ ныййарæг мад Лизæйы фарсмæ. Адæм рацыдысты. Иу лæппу мæрддзыгойæ куыд фæхицæн æмæ фæстæмæ ингæны цурмæ куыд бацыд, Лизæйы ингæны тигъыл куыд сбадт æмæ куыд куыдта, уый ничи фæхъуыды кодта. Уыцы лæппу уыд Æхсар.

Вадим æмæ Фатимæ уæлмæрдæй цыдысты фæрсæй-фæрстæм. Фатимæйæн уыд зын цæуæн. Йæ фæллад ыл æртæфст æмæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ йе 'фсымæры уæхскыл йæхи бауагъта. Ахæм æфсымæр ын кæй и, уый цы хорз у. Алы хъуыддаджы дæр ын ныфс у. Фатимæ йæхи æгæр æруагъта, йæхиуыл æй фæхæцын хъæуы: райсом иу лæппуйы операци кæны æмæ хъуамæ йæ гаччы уа.

Цасдæр рæстæг цыдысты æнæдзургæйæ. Сæ хæдзармæ тигъыл куы фæзылдысты, уæд Фатимæ загъта:

– Уæдæ нæ хо цы æнамонд разынд.

– Тынг æнамонд. Йе 'намонддзинадæй æнæхъæн бинонты дæр æнамонд кодта.

– Цыма ацы дунемæ æнæнхъæлæджы фæзынд, афтæ мæм кæсы.

– Цыдæр æцæгæлон уыд. Бинонтæн дæр. Цардæн дæр.

– Нæ бон ын ницыуал у.

– Ницыуал. Æнамонд уыд, æндæр дæхимæ дæ къух сис.

– Уый дæр низ у.

– Ӕмæ мах Хуыцау ахæм низæй бахизæд.

Ӕфсымæр æмæ хо хæдзармæ бахæстæг сты æмæ сæ дзурын ныууагътой. Мæрддзыгой адæмы æхца чи фыста, уыцы лæппутæй иу Вадиммæ бацыд æмæ загъта:

– Ӕхца банымадтам æмæ сæ райсут, бафснайын сæ хъæуы.

– Ӕмæ Темыр кæм и?

– Нæ бакуымдта, Вадим кæнæ, дам, Ахуырбегæй искæмæн зæгъут.

Адæм сæ куыд нæ уыной, афтæ мидæггаг уаты сбадтысты. Лæпputæ ма æхца иу хатт банымадтой æмæ сæ Вадиммæ радтой. Бирæ адæм æрцыд, тынг бирæ, æмæ йæ зыдта: дзæвгар дзы æрæмбырд уыдзæн, фæлæ уыйбæрц... Хæдзары сын уадзæн нæй, адæм алыхуызæттæ сты æмæ уал сæ аивæй машинæйы сæвæрдзæн. Изæры бинонтæ сæхæдæг куы баззайой, уæд сæ Темыр æмæ Маринæмæ ратдзæн. Фæлæ сæ тæккæ райсом æфснайæн кассæйы сæвæрын хъæуы.

Вадиммæ иуæй-иутæ диссаг кæсынц. Ӕмæ иуæй-иутæ цæмæн? Бирæтæ. Советон цардарæзты рæстæг Хуыцау æмæ дзуæртты ныхмæ фыццаг тохгæнджытæ чи уыд, уыдон уыйфæстæ дины тырысахæсджытæ æмæ дзуарылæгтæй агæпп кодтой. Ӕмæ, чи зоны, раст сты: цы пайдадæр сын у, уый кæнынц. Вадим уыдонæй никæд уыд, Хуыцауыл дæр æмæ, мæрдты исты ис æви нæй, ууыл никæд æууæндыд æмæ не ’ууæнды. Уый æууæнды æрмæстдæр йæхиуыл: кæд исты саразай, уæд дæм исты уыдзæн, науæд – ницы. Ацы сабатизæртæ, мæрдты бæрæгбæттæ... Цы сты уыдон? Хихæрæнтæ. Мæгуыргæнæнтæ.

Абон – Жаннæйы фыццаг сабатизæр, æмæ Вадимы не ‘вдæлд, фæлæ уæддæр æруад. Темыры æфсæрмæй. Фатимæ кусгæ кæны æмæ йын æрцæуынæн фадат нæ фæци, иннæ сабатизæрмæ кæд йæхи исты хуызы ратонид.

Лæппу цалдæр хатты йæ фыдыл йæ цæстытæ æрхаста: Жаннæйы фæстæ бынтондæр фæцудыдта, æрхауд, фæгуыбыр. Йæхи нæ дасы. Ахуырбег дæр. Аслан та æдзухдæр саударæг у. Вадим, йæхи адаса æви нæ, ууыл хъуыды дæр нæ кодта. Йæхи нæ адасдзæн, схæмпæл уыдзæн æмæ цы? Сау дарыс, нæ дарыс – уыдæттæй исты куы уаид, уæд, бæргæ. Уæлдай, æнæфенд митæ.

Сыхаг устытæ æмæ лæгтæй цалдæр æрбамбырд. Фыццаг, дам, лæгтæ сабатизæрмæ нæ цыдысты. Ныр устыты разæй фæвæй-

йынц. Ӕмæ цæуыннæ цæуой: сæ разы – дзадждзын фынгтæ, хорз бахæр, баназ æмæ æфсæстæй дæ хæдзармæ ацу. Мæнæ адон куыд цæуынц, афтæ. Сæ цæсгæмттæ – хъæлдзæг, райдзаст, цыма судзаггаг марды хæрнæгæй нæ, фæлæ цины фынгæй сыстадысты.

Вадим Темыры цурмæ бацыд. Ацы цалдæр боны йæм дохтыртæ дыууæ æви æртæ хатты æрбацыдысты. Йе 'лхъывдад куы бынмæ æрхауы, куы та – хæрдмæ ныццæвы, дыууæсæдæйæ ахизы, йæ зæрдæ зæронд машинæйы моторы хуызæн – йæхиуыл нал хæцы. Ӕмæ йын афтæмæй рынчындоны кой ма скæнай!

– Темыр, не 'ппæтæн дæр зын у, уæлдайдæр та дæуæн, фæлæ фидар фæлæууын хъæуы.

– Бæргæ йæ æмбарын, фæлæ зæрдæ йæхионтæ кæны.

Йæ дыууæ фыртмæ фæдзырдта:

– Рæстæг тагъд цæуы, Жаннæйæн йæ дыууиссæдзæм бонмæ цырт сæвæрын хъæуы, йæ алыварс ын банывыл хъæуы. Мæнæн мæ бон ницыуал у, æз мæхæдæг æрдæгмард дæн æмæ уый сымахмæ хауы.

– Ӕз... отпуск мын нæма 'мбæлы, фæлæ мæхи хардзæй райсдзынæн, – фыды фарсмæ 'рбадт Ахуырбег. – Дыццæг, æртыццæджы мæ бон фæстæмæ стæхын у.

Вадим ницы дзуры. Цырт сæвæрыныл æгæр тагъд нæ кæнынц? Фæсте сæ исчи суры? Лæппу йæ фыдмæ хæстæгдæр балæууыд:

– Ӕгæр тагъд нæ кæнæм? Уадз æмæ уал зæхх æрбада.

– Уый æрыгон чызг уыд, æмæ йын алцыдæр афоныл æмбæлы.

Темыр йемæ кæй не сразы уыдзæн, Вадим уый æмбæрста, фæлæ уæддæр... Йæ фыдæн йæ бон ницыуал у, уæддæр ма хивæнд у.

Вадим йе 'фсымæры уæхскыл йæ къух æруагъта:

– Ахуырбег, мацæуыл тыхс, мах ам не стæм. Кæд дын фадат фæуа, уæд-иу дыууиссæдзæм бонмæ ссу.

– Ссæудзынæн, ай-гъай дæр.

– Ныр та Маринæимæ абадон, – сыстад Ахуырбег æмæ хæдзармæ бацыд. Вадим æнцад лæууы. Асагъæсхуыз. Темыры куыд нæма афарста: уыцы æхца банкмæ ратта æви нæ? Уыйбæрц æхцайæн афтæ уадзæн нæй. Стæй, сæ хæдзары цы адæймаг и, уый нæ зоны?

Нæ, уыцы æхца банчы сæвæрын хъæуы. Ницæйы тыххæй куы фесæфой, уæд худинаг у. Стæй... исты дзы балхæн, уый та

æппæтæй хуыздæр. Банчы дæр цы фидынц? Нæ, исты дзы балхæнын хъæуы. Зæгъæм, Куырттаты комы зæхх кæнæ, бафтау ма сæм æмæ – квартирæ. Уæдæ ныртæккæ æхца цы у? Дон. Инфляци ивылы, æхцайы аргъ цæстыты раз тайы. Æмæ Темырмæ йæ хъуыды куыд фæкæсдзæн... Цыдæр фарстатæ, цыдæр хъуыддæгтæ алыг кæнынмæ хистæртæ уыйас нал фæарæхсынц æмæ-иу сæ кæстæрты бар куы бакæниккой. Уыдон ныры царды фæзилæнтæ хуыздæр зонынц, хуыздæр арæхсынц.

– Темыр, уыцы æхца банчы нæма сæвæрдтай?

– Нæма. Сæвæрын сæ хъæуы, фæлæ... Мæнæ мæхиуыл куы фæхæцон, уæд сæ ахæсдзынæн.

– Ноджы хуыздæр та уаид, исты дзы куы балхæнис, уæд.

Фыд æм разылд. Скаст æм:

– Ома?

– Инфляци кæй хонынц, уый тынгæй-тынгдæр кæны, æхцайы кад сæфы. Знон минæй цы дзаума кæнæ хæринаг балхæнæн уыд, уый абон уыцы аргъæй нал балхæндзынæ.

– Уый афтæ у.

– Æмæ дзы исты балхæн... Зæгъæм, Куырттаты комы зæхх, йе ма сæм бафтау – æмæ фатер.

Темыр йæ сæр æруагъта, цыма йæ хуыссæг ахсы. Ницы дзуры. Æвæццæгæн, хъуыдытæ кæны. Вадимы фæнд æвзæр нæу.

Фыд хъæрзæгау ныуулæфыд, йæ сæр банкъуыста æмæ загъта:

– Цалынмæ йæ кæндтытæ фæуой, цалынмæ аз ахицæн уа, уæдмæ уыцы æхцатæм æвналæн нæй. Кæд ма дзы исты баззайа, уæд ам уыдзысты.

Вадим йæ уæхсчытæ размæ æрбалхъивæгау кодта, уый дæр йæ къæхты бынæй ныуулæфыд: ацы хистæртæ диссаг сты, æдзухдæр сæхи раст хонынц. Уæлдайдæр та, Темыры хуызæн хивæнд чи у, уыдон дын ницы хуызы басæтдзысты. Вадим цы хуыздæр у, уый нæ зоны? Йæ фыд рæдийы æмæ...

– Гъемæ хорз.

Темыр æнцад бады.

– Æз цæуон, – Вадим йæ машинæйы дæгъæлтæ йæ дзыппæй систа. Тагъд æй цæуын хъæуы, хæдзармæ бауайынмæ йын фадат нал и. Йæ фыд рагæй фæстæмæ дæр æгæр цæхгæр, æгæр къуызыр адæймаг уыд æмæ дзы цы спайда кодта?

Маринæйæн йæ бинонтæ иууылдæр æмхуызон зынаргъ сты,

никæд сæ никæй хъулон кодта, зулцæстæй дзы никуы никæмæ ракаст, стæй нæ ракæсдзæн. Уымæн æмæ Темыры цот уый цот дæр сты. Фæлæ сын уæддæр сæ цардраттæг мады ад никæд скодта. Æмæ йæ зоны. Нæ, йæ зæрдæ сыл нæ худы. Æрмæстдæр æй Жаннæ хуыдта мамæ, мамуля, ма. Маринæ хъæбулы адджын ад уымæй базыдта. Хъæбулы рæсугъд, сыгъдæг, уæлмонц æнкъарæнтæ уымæй æнкъардта. Уыцы æнкъарæнтæй зæрдæ зæрдæ нал вæййы, фæлæ хур, рухс дуне, цъæх уалдзæг, сæр сæ разилы. Æмæ Маринæйæн уыдон нал сты. Æмæ цæуыннæ? Хуыцау æй афтæ цæмæн ралгъыста?

Сылгоймаг йæ чызджы сынтæгыл ныддæлгом æмæ кæуы. Бабын! Йæ цард цард нал у. Йæ хур аныгуылд. Темыр уатмæ куыд æрбацыд, уый нæ бафиппайдта. Лæг ахъавыд: æнæуынæрæй фæстæмæ куы азилид, уадз, йæ бинойнаг йæ кæуыны мондæгтæ суадзæд, кæд ын фенцондæр уаид. Фæлæ ма уымæн дæр æмæ йæхицæн дæр искæд фенцондæр уыдзæн? Темыры цæстытæ доны разылдысты, йæ хъуыр æрбахгæдта. Ус æм йæ цæссыгтæй дзаг цæстытæй скаст æмæ йæ уæрджытæ ныххоста:

– Кæуинаг куы фестæм, кæуинаг, мæнæ лæг.

Темыр æм æргуыбыр, йæ дæлæрмтты йын йæ къухтæ бакодта æмæ йыл схæцыд:

– Мард, дам, цæссыгæй не 'фсæды, фæлæ æгæр кæуын дæр хорз нæу, уæд, дам, йæ дзаумæттæ схуылыдз вæййынц, къæвда йыл стыр æртæхтæй фæуары, йæ ацæуæн, йе 'рлæууæн – хуылыдз.

Лæг æмæ ус кæрæдзийы æнцæйтты сарамæ рахызтысты æмæ сæ даргъ бандоныл сæхи æруагътой. Сылгоймаджы мæллæг цæнгтæ йæ мæллæг уæрджытыл æрхаудысты æмæ кæугæйæ дзуры:

– Уæддæр... Уæддæр æй мæ сæр нæ ахсы, уыйас цæуыл смæсты.

– Нæ йæ зонын. Нæ йæ зонын, – йæ цæссыгтæ сæрфы Темыр.

– Йæ гыццыл зæрдæ уыйас цæмæй ныттыппыр, – Маринæ цыма хъарæг кæны.

– Бафæллад. Сфæлмæцыд. Цыдæр æгæрон маст дзы бацыд... – йæхицæн дзурæгау дзуры лæг.

Аслан сæ цурмæ бацыд:

– Цæмæн, уый уын зæгъон?

Лæг дæр æмæ йæм ус дæр уыциу каст скодтой: Аслан... Æмæ, Жаннæ йæхи цæмæн бабын кодта, уымæн уый цы зоны?

– Нæ рæстæджы алцыдæр æхца у. Информаци дæр.

Темыр йæ сæр æруагъта, йæ цæстытæ бахгæдта. Ох-х, куы амæлид. Уый дæр бафæллад. Тынг бафæллад. Хъæрзгæ сыстад, ам бадын æм нал цæуы. Фезмæлыд. Лæппу йын йæ фæндаг æрæхгæдта:

– Папæ, æхца мæ хъæуы.

– Цавæр æхца?

– Æхца цы вæййы, ахæм.

– Мæнмæ æхца нæй, – фыд акъахдзæф кæнынмæ хъавы, фæлæ лæппу йæ ныхмæ куыд лæууыд, афтæ лæууы, йæ цæстытæ уæрæх байгом кодта æмæ йæм комкоммæ кæсы, цæстытæ сæхимидæг æнахуыр зилынц.

– Уæдæ зианы цы ‘хца æрæмбырд, уыдон цы фесты?

– Уыдон йæ кæндтытæн хъæуынц.

– Мæн æхца хъæуы, – Асланы хъæлæс ноджы фæкарздæр, йæ цæстытæ йæ фыды ныссагъта, цыдæр æнахуыр сонт каст æм кæны. Маринæ йæ раздарæны дзыппæй æхцадон систа.

– Мæнæ дын, – фондзсæдæ сомы йæм дæтты.

– Уый гыццыл у. Мин ма.

Маринæ йæ сылгоймаджы зæрдæйæ бамбæрста: ныртæккæ цыдæр æрцæуудзæн, уыйфæстæ срастгæнæн кæмæн нал уыдзæн, ахæм цыдæр, æмæ æмхæст мин сомы систа.

– Уый – æндæр хъуыддаг, – лæппу æхцатæ йæ хæдоны риуы дзыппы нытътъыста æмæ ацыд, фæстæмæ кæсгæ дæр нал фæкодта.

Иннæбон – Жаннæйы дыккаг сабатизæр. Темыр хæдзары бады. Фæталынг, рухс ссудзын афон у, фæлæ йыл мæрдон зивæг бахæцыд, йæ уæнгтæ йæ бынмæ æлвасынц. Хатт æм йæ цæнгтæ, йæ зæнгтæ донласт къодæхты хуызæн фæкæсынц. Ныртæккæ æфсин ногдыгъд æхсыры бедраимæ ‘рбацæудзæн æмæ цырагъ скъæпп кæндзæн. Рухсæй дæр ма цы кæнынц, Жаннæйы фæстæ сæ хæдзар сафтид, боныгон дæр – талынг.

Темыр знон йæ бинойнагимæ цыртгæнджытæм ацыд. Уыйразмæ уæлмæрды æрзылдысты, фæкастысты: цавæр цырт сæвæрой сæ хъæбулæн? Ех-х, уый аккаг кæм и, фæлæ... Æмæ равзæрстой: йæхи йас сæнтсау дур. Уадз уырдыгæй сæм кæсæд, цыма йæ цыртæй ракъахдзæф кæндзæн æмæ сæм æрбацæудзæн.

Чызджы къамтæ рахастой æмæ дзы равзæрстой, фарон йæ райгуырæн бон цы къам систа, уый: сæ хæдзары цур лæууы, уыцы хъæлдзæг, уыцы рухсдзаст, чызг нæ, фæлæ сæууон хуры тын. Ныр уыцы тын батар...

Сæ хъæуы хорз цыртгæнджытæ и. Къамтæ афтæ скæнынц, æмæ цыма мард удæгас у, цыма ныртæккæ демæ дзурын райдайдзæн. Алы районтæ, алырæттæй сæм цæуынц. Ноджы Темыртæм дæрддзæф не сты. Уæвгæ уымæн дæр æмæ æфсинæн дæр фæстаг рæстæг алы акъахдзæф дæр хохы сæрты ахизæгау ссис.

Лæг йæ цæстытæ бацъынд кодта æмæ йæ сæр стъолыл æруагъта. Темырæн дæр æмæ 'фсинæн дæр сæ цард фæци, дæ фыдгул йæ хъæбулы сау чырыны фена. Дæ фыдгулы йæ кæстæрæн рухсаг зæгъын бахъæуа. Уый цыфыддæр æлгъыст у.

Æфсин æрбацыд æмæ рухс ссыгъта. Темыры бæргæ ницæмæн хъæуы, фæлæ... Сау ингæны бадæгау талынджы дæр куыд бадой? Айфыццаг Вадим ахъавыд телевизор скъæпп кæныныл: фыд дæр æмæ Маринæ дæр бынтондæр сæхи цæуыл хæрынц, сæхимæ æгæр ныхъхъуыстой æмæ-иу телевизормæ бакæсæнт, кæд сын фенцондæр уаид. Лæг дæр æмæ йæ ус дæр сдзурын нæ бауагътой: уыдон телевизормæ кæсыныл сты? Гормонфæуинаг, дæ хо амард, дæ хо! Темыр ын бауайдзæф кæнынмæ хъавыд, фæлæ тыххæй йæхиуыл ныххæцыд, йе 'взаг ныххуыдта.

– Мæнæ лæг, кæд дæ сынтæджы æрхуыссын нæма фæнды, уæд уал диваныл дæхи æруадз, – дзуры йæм æфсин.

Лæг йæ сæрыл схæцыд. Æфсин, æвæццæгæн, афтæ æнхъæлы, æмæ Темырмæ фынæй цæуы. Нæ. Афтæ не 'нхъæлы. Нæ йæ зоны? Æхсæвы куы нæ фынæй кæны, уæд ма ныр... Дæ иу фарсыл æрхуысс, стæй та иннæуыл. Цыма гобан нæ, фæлæ дойнаг дуртыл хуыссыс. Рабад, дæ къæхтæ пъолмæ æруадз, дæ цæнгтæ зæнгтæм сбыцæу кæн, дæ цæсгом дæ армытъæпæнты бакæн æмæ æдзæмæй бад. Фæлæ бафæлладтæ. Дæ бон афтæ бадын нал у: дæ хæррæгътæй дæ уæлæ исты баппар æмæ æнæуынæрæй сарамæ рацу. Зоныс æй: де 'фсин дæр нæ фынæй кæны, фæлæ дæхи афтæ скæн, цыма фынæй у. Хъуызæгау сарайы иу къуымæй иннæ къуыммæ бацу, даргъ хъæдын бандоныл дæхи æруадз. Кæртмæ ахиз æмæ æдзæмæй лæуу. Цæмæн? Цæмæн æрцыд ацы æвирхъау бæллæх? Дæ цоты кæстæр, дæ цардбæллон чызг цæмæй сфæлмæцыд афтæ? Уыйас дзы цы маст бацыд?

Темыр фæзоны: æфсин дæр фынæй нæу, иу рæстæг уый дæр сыстдзæн, хæдзары дуары тарвазыл банцой кæндзæн æмæ æдзæмæй лæудзæн, кæнæ сарайы даргъ бандоныл сбаддзæн, стæй йæ цурмæ бацæудзæн æмæ зæгъдзæн:

– Цом. Цом мидæмæ.

Æмæ ацæудзысты. Аууæтты хуызæн. Æнæуынæрæй. Сæ сынтæджыты схуысдзысты æмæ, кæд æрбабон уыдзæн, уымæ æнхъæлмæ кæсдзысты. Цæй цард у уый? Уый ма цард у? Цард царды ад куынæуал кæна, уæд ма цæмæн хъæуы?

Темыры хуыссæг нæ ахсы. Стæй нырма раджы у. Базæронд, йæ хъизæмæрттæ йыл æртæфстысты æмæ бынтондæр ныллæмæгъ. Лæг ныуулæфыд. Жаннæйæн йе 'гъдæуттæ, куыд æмбæлы, афтæ скæнын хъæуы. Вадимæн дæр æмæ Фатимæйæн дæр сæ зæрды афтæ уыд: æртыккаг сабат æмæ дыууиссæдзæм бон иумæ скæнæм. Ныртæккæ афтæ бирæтæ кæнынц. Афтæ йæ куы скæной, уæд къаддæр хæрдзтæ ацæудзæн. Ирон адæмы «Стыр Ныхас» дæр ахæм хъуыдыйыл хæст у.

Ууыл куы дзырдтой, уæд фыд йæ фырты ныхас фескъуыдта:

– «Стыр Ныхас» уа, чи уа, кæй куыд фæнды, афтæ кæнæд. Мах Жаннæйæн йæ алы кæнд дæр, æгъдау куыд амоны, афтæ уыдзæн.

Лæппу ницыуал загъта.

Фæлæ ма Темырæн уыдæттæ скæнын бантысдзæн? Ацы æнæхайыры зæрдæ, ацы æнæхайыры æлхъывдад – фæстаг рæстæг, уæлдайдæр та йæ ацы бонты скаст нал уадзынц. Æндæрæхсæвы фын... Æфсинæн дæр æй нæ загъта: куы фætæрса. Цæй, æнæмæлгæ дуне нæй, иу бон алкæй дæр ацы дунейæ ацæуын хъæуы. Æрмæст хистæрæй уæд, йæ кæстæры зын мачи фенæд. Æмæ Темыр æфсиныл йæ зæрдæ дары: уый куынæуал уа, уæддæр Маринæ æгъдæуттæ кæронмæ ахæццæ кæндзæн.

Уыцы фын... Хуымæтæджы фын нæ уыд. Темыры фыд куы амард, ууыл ныр авд æмæ ссæдз... Нæ – аст æмæ ссæдз азы рацыд. Темыр æндæрæхсæв йæ фыны Жаннæйы нæ, фæлæ йæ фыд Амырханы федта.

...Хъæууон клуб. Адæм æм цæуынц. Фæцæуы Темыр дæр. Адæмæй бирæтæ сæ бынæттæ бацахстой, чи та Темыры хуызæн нырма ныр фæцæуы. Йæ хъустыл ауад зонгæ хъæлæс, æхсызгон хъæлæс – йæ фыды хъæлæс. Æмæ кæм и? Кæцæй хъуысы? Йæ

цæстытæ адæмыл æрзылдысты. Мæнæ... Мæнæ йæ фыд Амырхан, фæндзæм рæнхъы бады, йæ фарсмæ йæхи кары лæгимæ хъæрæй дзуры. Куы амард, уымæй кæстæрхуыз, йæ сæр-иу куыд алвыдта, афтæ – цыбырæлвыд, бынтон ын нæма сурс. Фыд дæр æй ауыдта æмæ сыстад. Худы йæм, йæ къухтæ йæм тилы. Цас нал федтой кæрæдзи? Æнæхъæн аст æмæ ссæдз азы.

Темыр йæ фыдмæ фæцæуы. Иу сылгоймаг æй æрурæдта:

– Цæмæй йæм бацæуай, уый тыххæй æхца бафидын хъæуы.

Сылгоймаджы цур стъолыл лыстæг æхцаты рагъ, адæмæй кæй фæиста, уыдон. Темыр ыл схъуыр-хъуыр кодта: йæ фыды феныны тыххæй хъуамæ æхца фида? Адæмыл бынтондæр цæсгом нал и. Фæлæ йын хуыздæр гæнæн нæй. Йæ дзыппы лыстæг æхцатæ æмæ къафеттæ. Иууылдæр сæ систа æмæ сæ иннæ æхцаты сæрмæ мæстджын калд бакодта. Йæ фыд Амырхан дæр æм ракъахдзæф кодта æмæ кæрæдзи ныхъхъæбыс кодтой.

Диссаг, йæ фыд ма æгас куы уыд, уæд кæрæдзийæн хъæбыс нæ, фæлæ кæрæдзи къухтæ дæр никуы райстой. Фæлæ ныр...

Уыцы фын хуымæтæджы фын нæу. Йæ фыд æм æнхъæлмæ кæсы. Æмæ... Æмæ кæд сæмбæлдзысты? Темыр ныртæккæ дæр цæттæ у.

Темыр йæхиуыл схæцыд. Сыстад. Йæ уат конд у, цымæ? Æмæ нæма бафынæй уыдзæн, фæлæ... Маринæ рухс ахуыссын кодта, уый дæр схуыссыд.

Мæйрухс рудзгуытæй мидæмæ йæхи ивазы. Лæг ныуулæфыд: се 'намонд гуырд та нæ фæзынд. Кæм уа, цымæ? Цымæ, цас у рæстæг? Йæ къахфындзтыл хæрæндонмæ рацыд æмæ къулыл ауыгъд тымбыл сахатмæ скаст: дыккаг сахат райдыдта.

– Дæхи ма удхарæй мар, – дзуры йæм ус.

– О. О. – Æрхуыссыд Темыр. Исты хуызы куы афынæй уаид. Æмæ, æнхъæлдæн, хуыссæг æрбахæстæг, æнхъæлдæн, ныртæккæ афынæй уыдзæн. Æмæ афынæй.

...Темыр базмæлыд. Уый... Фын уыны æви?.. Чидæр ын йæ уæхсчытыл ныххæцыд æмæ йæ уигъы. Чидæр æм æргуыбыр:

– Æхца... Æхца кæм сты?

– Цы?! – Ницы 'мбары. Нæ. Уый... Уый фын нæу. Дыууæ сау æндæрджы. Чи йæм æргуыбыр, уый йæм афтæ хæстæг у, цыма йын йæ къубалыл бахæцынмæ хъавы. Æндæргты цæсгæмттæ нæ зынынц, цыдæр маскæтæ сыл.

– Чи стут?! Цы стут?! Ардыгæй цæугæут! – ныцъцъæхахст

кодта Маринæ. Уайтагъд уынæрмæ фехъал. Лæппутæй – æндæргтæй – Темырмæ чи æргуыбыр, уый нæ, фæлæ иннæ иу гæппæн йæ цуры фегуырд æмæ йын йæ къухтæй йæ былтæ ахгæдта.

– Гъæ-æ! Лæгсырдтæ! – Темыр хъуамæ сыста, йæхи размæ аппара æмæ уыцы цъаммары йæ разæй ахæсса. Лæппу йæ змæлын дæр нæ бауагъта. Ау, Темыр афтæ сæнæхъару? Афтæ ницæмæнуал бæззы?

– Æхца! Æхца æри! – Лæппуйы хъæлæс ноджы фæхъæрдæр, ноджы фæтызмæгдæр.

Ацы хъæлæс... Цыдæр зонгæ хъæлæс у. Йæ уæнгтæ ныррызтысты. Уый... Уый Аслан ма уæд? Æваст лæппуйы цæсгоммæ фæлæбурдта æмæ йын йæ маскæ æррæдывта. Мæйрухсмæ йæ лæппуйы цæсгом хорз ауыдта.

– Аслан?!.

Лæппу дуары ‘рдæм йæхи куыд аппæрста, йе ‘мбал Маринæйы куыд феуæгъд кодта æмæ йæ фæстæ куыд агæпп кодта, Темыр ма уый ауыдта. Фæлæ æфсин рухс куыд ссыгъта, удаист цъæхахстгæнгæ Асланы фæдыл куыд атындзыдта, уымæн ницыуал базыдта.

Райсомæй дохтыртæ загътой:

– Инфаркт. Тæккæ уæззаудæр, карздæр хуызы.

Бирæ адæм æрцыд Темыры йæ фæстаг фæндагыл афæндараст кæнынмæ. Бирæ цæссыг ахаста йемæ.

Вадим æмæ Фатимæ, Жаннæйы фæстæ уæлмæрдæй куыд цыдысты, афтæ цыдысты фæрсæй-фæрстæм, хо-иу йе ‘фсымæры уæхскыл йæ сæр бауагъта.

– Бабын стæм, – загъта Фатимæ.

– Æгæр бын, æгæр бын.

– Жаннæ тынг æнамонд разынд.

– Æнамонд та ма цы вæййы.

– Нæ фыд дæр уый аххосæй амард.

– Йæхицæн дæр æмæ бинонтæн дæр – æнамонд. Царды дæр йæхи не ссардта. Алы хуызы дæр æнамонд. Уымæн йæ ном Жаннæ нæ уыд, фæлæ Æнамондхæссæг.

– Ныр ма йæ фæстиуджытæ разæй сты.

– Ацы бæллæхтæ нын æгъгъæд фæуæнт.

Кæртмæ бахызтысты æмæ сæ дзурын ныууагътой. Мардмæ

ӕрцӕуӕг адӕмы ӕхца цы лӕппутӕ фыстой, уыдонӕй сӕ иу Вадиммӕ бацыд, Жаннӕйы рӕстӕг дӕр ӕм уый бацыд ӕмӕ загъта:

– Ӕхца банымадтам ӕмӕ сӕ бафснайын хъӕуы.

Вадим зӕгъынмӕ хъавыд: ӕмӕ Темыр кӕм и? Фӕлӕ афоныл йӕхи фембӕрста. Ох-х! Куыд зын у, куыд зын, дӕ фыды дӕ хӕдзары мауал фен, уый. Куыд ӕнамонд сты, куыд!

Адӕм сӕ цӕмӕй ма уыной, афтӕ мидӕггаг уаты сбадтысты. Лӕппутӕ ма ӕхца иу хатт банымадтой, ӕмӕ сӕ Вадим райста. Куыд ничи йӕ бафиппайа, афтӕ сӕ йӕ машинӕйы сӕвӕрдта. Жаннӕмӕ цы 'хца ӕрӕмбырд, уыдон дӕр райсын хъӕудзӕн, кӕм ӕвӕрд сты, уый Маринӕ зондзӕн. Ныр йӕ хо ӕмӕ йӕ фыды марды хабӕрттӕ скӕнын уымӕ кӕсы. Ӕмӕ сӕ скӕндзӕн.

Жаннӕйы ӕртыккаг ӕмӕ Темыры фыццаг сабатизӕр ахицӕн сты. Бафӕллад. Бафӕллад Маринӕ, йӕ бон ницыуал у. Ӕцӕгӕлонӕй сӕм ничиуал и, ӕрмӕстдӕр сӕхи бинонтӕ: Вадим, Фатимӕ ӕмӕ Ахуырбег. Аслан кӕм и, уымӕн чи цы зоны…

Аслан сӕм цыдӕр йӕхи хуызӕнимӕ стигъӕгӕй ӕрбацыд, уый никӕмӕн загъта. Стӕй, куы йӕ зӕгъа, уӕддӕр цы уыдзӕн? Бинонты ма кӕрӕдзиуыл сардаудзӕн, ӕндӕр ницы. Уӕвгӕ, Вадим ӕмӕ Фатимӕйӕн кӕмдӕр – бӕхы хуыррытт. Ахуырбег йӕхимӕ ныхъхъусдзӕн, йӕхи масты хай бакӕндзӕн. Ам уал кӕй баззад, уый хорз у. Иу мӕй ам уыдзӕн. Йӕ бинойнаг ӕртыккаг бон ацыд: сӕ сывӕллӕттӕ – иунӕг, ӕмӕ кӕд бынтон ӕнахъом нал сты, уӕддӕр сӕм зӕрдӕ 'хсайы. Вадим ӕмӕ Фатимӕ ацы хатт цыдӕр бирӕ фӕстиат кӕнынц, иннӕ хӕттыты уайтагъд фӕцӕуӕг вӕййынц. Цыма сын сӕ хӕдзар ӕцӕгӕлон у, кӕйдӕр къӕсӕрӕй бахизынц. Цыма афтӕ фӕхъуыды кӕнынц: нӕ фыды хӕдзарӕй ма исты хуызы куы аирвӕзиккам…

Дыууӕ 'фсымӕры ӕмӕ хо цӕлгӕнӕнмӕ ӕрбахызтысты. Цыдӕр ӕнахуыр цыд ӕрбакодтой. Вадим – разӕй. Маринӕ бадгӕйӕ йӕхимидӕг базмӕлыд: йӕ бон сыстын нӕу ӕмӕ йын ныххатыр кӕнӕнт. Чызг йӕ фарсмӕ сбадт, Вадим – стъолы уӕлхъус, Ахуырбег рудзынджы цур лӕууы. Ничи сӕ ницы дзуры. Цыдӕр ӕнахуыр цӕстӕнгас сын и, цыдӕр ӕбӕрӕг тас сӕ цӕуы. Исты бӕллӕх та сыл ӕрцыд? Иу ӕнамонддзинад иннӕ ӕнамонддзинады йӕ фӕстӕ ласы. Цы та кодтам? Цы та ныл ӕрцыд? Маринӕйы тарст зӕрдӕ базмӕлыд, цыма ныртӕккӕ атондзӕни, афтӕ йӕм кӕсы.

– Цы... цы та кодтам?

– Ницы, ницы, ма тæрс, – разылд æм Вадим. – Иу фæнд нæм ис æмæ...

– Фæнд?..

– Нæ хæдзар уæй кæнæм.

Сылгоймаг дзагъырæй баззад. Цы дзуры Вадим?

– Цы?!

– О. Нæ хæдзар уæй кæнæм...

Маринæйы цæстытæ дыууæ лæппу æмæ чызгыл æрзылдысты. Цы хъусы уый? Куыд хъуамæ ауæй кæной сæ фыды хæдзар, сæ райгуырæн къæс? Йæ райгуырæн хæдзар чи уæй кæны, уый йæ хæдзаримæ уæй кæны йæ ивгъуыд, йæ фыдæлты фарн. Цы дзурынц Вадим æмæ Фатимæ? Алчи фæстæмæ йæ фыдæлты бынæттæ куы агуры. Алчи фæстæмæ йæ мæсыг ногæй куы аразы. Æви адонæн нæ ивгъуыд нæй, нæ фидæн?

– Æмæ... Æмæ йæ цæмæн уæй кæнут?

– Аслан æй уæддæр нæ бахъахъхъæндзæн. Мæй – дыууæ мæйы фæстæ ам хæдзар нал уыдзæн, – æрбакаст æм Фатимæ. Йæ хъæлæсыуаг æмæ йæ хуыз фидарæй дзурынц: ацы хъуыддаг лыг у, уæлдай ракæ-бакæ дзы нал хъæуы.

Маринæ йæ сæр æруагъта. Цытæ уыны? Цытæ æвзары? Ау, цард бынтондæр карды комыл цæуæгау у? Адонæн ацы фæнд абон æмæ зноны фæнд нæу. Æвæццæгæн ыл рагæй хъуыды кодтой. Æвæццæгæн сын, сæ фыд ма æгас куы уыд, уæд дæр хъуыдыгонд уыд.

Сылгоймаджы цæстытæ доны разылдысты. Уый дæр куы амæлид æмæ... Сæ хо æмæ сæ фыд мæрдтæм нæма бахæццæ сты, нæма æруазал сты æмæ...

– Æмæ...

– Æмæ ды мацæуыл тыхс, – йæ ныхас ын фескъуыдта Вадим. – Фондз стæм æмæ, нæ хæдзарæй цы æхца райсæм, уый фондз дихы акæндзыстæм. Алкæмæн дæр, суанг уыцы сæфтæн дæр – æмхуызон. Стæй... Ды уынджы нæ баззайдзынæ: уæ хæдзар – дæ фыды хæдзар – нырма хорз, цæрæн хæдзар.

– Мæн ницы хъæуы, – загъта сылгоймаг. – Фæлæ Аслан цы фæуыдзæн? Тæригъæд нæу? Цыфæнды дæр фæуæд, фæлæ адæймаг у, уе ʻфсымæр у.

– Уый адæймаг рагæй нал у. Махæн ахæм æфсымæр нал и, – разылд æм Фатимæ.

Сылгоймаг йæ сæр банкъуыста: мæнæ цы æнæхатыр сты йæ бинонтæ æмæ сæ куы нæ зыдта.

Маринæ базмæлыд, йæхиуыл схæцыд. Фæлæ сыстын йæ хъару нæу, йæ зæнгтæ ныддур сты.

– Уæ хо æмæ уæ фыды афæдзы бонмæ дæр нал æнхъæлмæ кæсут?

– Кæд хæдзар уæдмæ нæ ауæй уа, уæд сæ ам скæндзыстæм. Æрмæст иумæ. Кæд хæдзар ауæй уа, уæд та – нæхимæ, – сыстад Вадим, фæлæ фæстæмæ сбадт.

Сылгоймаджы сæр ницы ахсы. Кæдæм тагъд кæнынц? Фæсте сæ исчи суры? Адæмæй худинаг нæу?

– Æмæ адæм, хионтæ та цы зæгъдзысты?

– Чи? – бахудт Фатимæ. – Кæм ис адæм?

Цымæ, Ахуырбег дæр афтæ хъуыды кæны? Куыд ницы дзуры?

– Ацы фæнд уе 'ппæты фæнд у?

– Ахуырбег чысыл æндæрхуызон хъуыды кæны, фæлæ гæнæн нæй, – йе 'фсымæрмæ скаст Вадим. – Уый махимæ разы нæу.

– Æмæ йæ ма ауæй кæнæм. Дæ хæдзар ауæй кæн, уый дæ авдæн ауæйгæнæгау у. Нæ хæдзарвæндаджы бындур ардыгæй рацыд æмæ уый фесаф, уый раст нæу, – загъта Ахуырбег æмæ уый дæр стъолы фæрсмæ сбадт. Вадим ын йæ уæхскыл йæ къух æрæвæрдта:

– Ме 'фсымæр, дæ рæсугъд, кæркæ-мæркæ, фæлæ цардæй иппæрд ныхæстæ та райдыдтай.

Ахуырбег Вадимыл дæр, Фатимæйыл дæр, Маринæйыл дæр йæ цæстытæ ахаста æмæ ныуулæфыд, зæронд лæг куыд ныуулæфы, афтæ. Сылгоймаг ахъуыды кодта: Темыр дæр-иу афтæ ныуулæфыд. Фыд æмæ фырт æнгæстæ сты, хуызæй дæр, удыхъæд, зондахастæй дæр. Ахуырбеджы хуызы Темыры туг бынтон нæма фесæфт.

Маринæйæн уыцы хъуыдыйæ куыддæр фенцондæр.

– Кæд хæдзарæн æнæ уæйгæнгæ нæй, уæд æй æз æлхæнын.

– Ды?! Æмæ дæ цæмæн хъæуы? Цы дзы кæныс? – йæ сæр банкъуыста Вадим. – Стæй дæм уыйбæрц æхца ис?

– Ссардзынæн.

Фатимæ Ахуырбеджы цур æрлæууыд:

– Æз фарстон, æмæ ахæм хæдзары аргъ рæстæмбис нымадæй у милуан æмæ дыууæсæдæ мин сомы. Фæлæ базар базар у: ис дзы аппæрæн, ис æм бафтауæн дæр.

Маринæ йæ сæр æуагъта. Дæ цæстытæ бацъынд кæн æмæ мацы уын, къуырма фест æмæ мацы хъус, уæд уый уаид æппæты хуыздæр, фæлæ...

Вадим сыстад æмæ йе 'фсымæрмæ кæсы:

– Ацы хæдзар дæ цæмæн хъæуы, уый мæ сæр нæ ахсы. Стæй... Уыйбæрц æхца кæм ссардзынæ?

– Мæ машинæ ауæй кæндзынæн.

– Дæ машинæ? Æмæ æвгъау нæу?

– Нæу.

Маринæ æфсæрмы куы нæ кæнид, уæд сыстид æмæ йæ ахъæбыс кæнид. Тыххæйты сыстад æмæ загъта:

– Мæн ацы хæдзарæй ницы хъæуы. Уæ хо æмæ уæ фыдæн сæ дыууиссæдзæм боны кæндтæ куы скæнæм, уæд ацæудзынæн.

Ахуырбег Маринæйы цурмæ бацыд:

– Макæдæм ацу, ацы хæдзар дæ хæдзар дæр у, хæдзар хистæрæй фидауы æмæ нын Темыры фæстæ хистæрæн ды баззадтæ.

– Æз куыд зæгъын, афтæ хуыздæр уыдзæн, – Маринæйæн, йæ цæстытæ доны зилынц. – Дыууиссæдзæм бон ахæссын æмбæлы, уæ фыды æртыккаг сабатизæры сын сæ дыууиссæдзæм бонтæ иумæ скæндзыстæм.

– Уый раст хъуыды у, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Вадим.

– О, афтæ хуыздæр у, – загъта Фатимæ дæр.

– Уæдæ баныхас кодтам, – цæуынхъус фезмæлыд хистæр æфсымæр, фæлæ фæлæууыд. – Дыууиссæдзæм боны кæндтæн цы хъæуы, уыдонæн уæм æхца ратдзынæн. Æмæ ма... Зонут æй, Жаннæйы æхца дæр мæнмæ сты. Нæ хойыл дæр æмæ нæ фыдыл дæр цы хæрдзтæ бахъæудзæн, уыдон банымайдзыстæм, æмæ ма æхцайæ цы баззайа, уыдон байуардзыстæм. Мæн дзы сымахæй уæлдай капекк дæр нæ хъæуы.

– Мæн дзы ницы хъæуы, – йæ къух хæрдмæ сисæгау кодта сылгоймаг, цыма йын Вадим йæ дзыппы тыххæй æхца тъыссы.

– Мæн дæр ницы хъæуы, – загъта Ахуырбег.

– Уæ ирон ныхæстæ ныууадзут, – Вадим æддæмæ акъахдзæф кодта. Йæ фæстæ ацыд Фатимæ дæр.

Маринæ æмæ Ахуырбег лæугæйæ баззадысты.

Арæх уæлмæрдмæ фæцæйцæуы, азты уæзæй чи фæгуыбыр, ахæм сылгоймаг. Жаннæ, Темыр æмæ Лизæйы ингæнты цур

ӕрлӕууы. Йӕ мигъбадт цӕстытӕй цыртытӕм ӕдзӕмӕй фӕкӕсы. Жаннӕйы кӕнӕ Темыры ингӕны тигъыл сбады, нӕ фезмӕлы. Иуафон йӕхиуыл схӕцы ӕмӕ, йемӕ цы пысул рахӕссы, уымӕй, кӕдӕм ӕххӕссы ӕмӕ йӕ хъару куыд у, цыртытӕ афтӕ ныссӕрфы ӕмӕ та сбады. Нӕ фезмӕлы. Афтӕ ӕдзӕмӕй фӕбады, ӕмӕ йӕ дардмӕ чи фена, уый банхъӕлдзӕн: зӕронд ус бафынӕй, кӕнӕ, уӕлмӕрды йӕ рыст, йӕ хъӕдгӕмттӕ зӕрдӕ нал бафӕрӕзта ӕмӕ бадгӕйӕ баззад.

Зӕронд ус иу кӕддӕр рӕстӕг сысты, цыртытӕ ӕмӕ ингӕнтыл ногӕй йӕ цӕстытӕ ӕрзилынц, йӕ армытъӕпӕнтӕ сыл ӕрхӕссы ӕмӕ сабыргай, йӕ къӕхтӕ уӕззау исгӕ, уӕлмӕрдӕй рацӕуы Маринӕ.

*2009 аз, июль – 2011 аз, август.*

# ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ: 90 АНЗИ



*ТЕТЦОЙТИ Таймураз*

# ЦАРДИ ДÆРГЪÆН ТОХ

* * *

**Игуруй не ‘сон нæхеми,**
**Махæй рацæуй дуйнемæ.**

**Фæххæссæн æй мах нæ къохти,**
**Фæррæвдауæн нæ гъæбести,**
**Фæгъгъæуай кæнæн стур тохти,**
**Устур катæйтти, фæдести.**

**Рауайуй къахбæл нæ фæрци,**
**Базонуй дзорун не ‘взагæй,**
**Исуарзон уй æнæбæрцæ,**
**Æнæбæрцæ исзæрддаг уй.**

**Мах ибæл бæттæн нæ фæндтæ,**
**Амондау бæллæн æ фæдмæ,**
**Æ фæхъау сæттæн зин бæнттæ,**
**Æ фæхъау цæуæн мæлæтмæ.**

**Ци хузи ни ‘й знаг фенсона,**
**Кæд нæхуæдтæ мах не ‘сон ан!**

* * *

**Æз фæсмойнаг нæ дæн, ме ‘нгарæ.**
**Зин æй мæ куст æма мæ цард,**
**Рæстæй бавзарун гъезæмарæ,**
**Фал хуарз – нæ равдесун ме ‘нкъард.**
**Фал хуарз – мæ гæдзи мæ рæстадæ**
**Æз бафæразун нимæхсун,**
**Цума ме ‘науæрдон ристадæ**
**Бæрзонд куйгæлдзæнæй æхсун.**

Ес ма еуетæ ба мæ рази:
Царди бавзарæд уотид зин –
Некæмæйбал фæууй арази,
Исуй нæ равгæ ин фудгин.
Уæхæн ефстаги хуарз зундгинти
Æппун нæбал фæгъгъæуй уарзт.
Дзилли сæраппонд кадгин зинтæй
Æнцæ се 'носи дæр тогтарст.
Сæхе хъал цард сæ зунд, се 'гъдау æй,
Се 'хæс – лæгдæрти исафун.
Сайун сæ царди исхуцау æй,
Сæ лæгдзийнадæ 'ссæй давун.
Нæ 'нцæ абони сконд. Æзини!
Зæронд – сæ миутæ 'ма сæ кой.
Уинун мæ царди 'сгуæлхт мæ зини,
Мæ зин не 'вæрун уони 'ккой.
Мæ зин – мæ уарзт æма фæллойнæ,
Фæнди уæд маст, фæнди – æрхун.
Куд фæсагæни стур æнцойнæ,
Æз еуемæн дæр нæ дæттун!

* * *

Ратунстæй еу рæсог
сауæдонæ Теркбæл æмбæлунмæ,
Терки хæццæ æ тог,
æ уарзтадæ æносмæ сбæттунмæ.

Исуста æй æнхъуæт,
ниххауидæ сугъд зæнхи æскъудти,
исистидæ æвæд
фæтæн таги,
хилдæй ма тух-фудти.

Нур гъæуама – се 'мбæлд,
хъал Терки зар имæ исигъустæй,
фал райивта æ бæлд
ма уайтагъд æрдæгнадбæл нийсустæй.

Сауæдонау æд бæлд
бæргæ уадтæ мæнмæ фуррæсугъдæй,
фал дæбæл хæрхæмбæлд
фæууиуонцæ не 'лгъагдæр фудцъухтæ.

Мæн фаудтонцæ хъæбæр.
Дæ гурусхи се 'нхузон фестадтæ...
Сауæдонау ду дæр
кæмидæр æрдæгнадбæл байзадтæ.

* * *

Мæ зæрдихатт раййевун нæ фæразун.
Æмбесмæ 'ма рæстæгмæ некæд уарзун.

Мæнæн мæ уарзт æй царди дæргъæн догъ.
Мæнæн мæ уарзт æй царди дæргъæн тох.

Хуарз догъ нæййес догъони еунæг гæппæй.
Карз тох нæййес тугъдони еунæг тъæппæй.

* * *

Фæнди къæвда, фæнди æнхъуæт,
Фæнди мæ дунгæ кæнæд хъан,
Æз æрмæст размæ цæун, уæд
Æрмæст зæрдесгæ мæ нисан.

Нæ, нæ, не 'суодзæнæн цагъар
Листæг гъуддæгтæ 'ма фæткæн!
Фингæ, хæдзари адгин гъар
Нæбал раздахдзæнæнцæ мæн.

Зинбæл байиивтон æз æнцон,
Бийнонти цардбæл – цæугæ цард,
Фæнди уæхерити мæцон,
Фæнди фæууон идарди мард.

Нæ дæн бæласæй тунд сифтæр,
Мегъи фæскъауæ дæр нæ дæн.
Æз дæн ме 'сонмæ æхст цæхæр
Мæ дзилли нифс æма зæрдæн!

Мæ над цифæнди зин фæуунæд.
Хонхау лæгæрдгæ 'й цæудзæнæн!
Æрмæст нисан! Нисан мин уæд!
Æнæ нисан нæййес цæрæн!

* * *

Уауу, куд баргъæвстæй мæ зæрдæ
уазал уодти фудгъизтæй,
соцъа уодти фудæфхуæрдæй,
хахур уодти æлгъистæй!

Ку мæ 'ртавуй еске цитæ
цæстингас æма цъухæй,
уæд мæ зæрди хæкъурццитæ
ниууорамун ма тухæй.

Фал мин еске ку райдайуй
æцæг лæги 'гъдау дæттун,
уæд мæ зæрди салд ратайуй,
'ма фурцийнæй искæун.

Кæмæн нæбал ес дзилагæ,
æ фиддæлти коймæ дæр
ка никкæнуй æрдеуагæ,
никкæун уоййау æз дæр.

* * *

Цума ци 'фсарæй фæззæгъуй
фингæн зæронд лæг æ рæнгъæбæл:
«Бауæр бафтуйуй сау зæнхæбæл,
уод ба уæларвмæ фæттæхуй...»

Кæд сосæггадау рæстдзинадæ
уомæн йе скувди æй æвæрд,
æма нурмæти нæй лæдæрд,
цума не ‘нæбавзурст цийнадæ.

Кæд æндæр æрвтæ нæ цибæл
лæг хумæтæги нæ басгаруй,
кæд хумæтæги нæ фæлваруй
æндæр дуйнемæ тæхунбæл.

Кæд дин дæхеми сосæггадæ
байгон кæндзæнæй лæги зунд –
се ‘нæмæлæти цардмæ хунд
æрцæудзæнæнцæ хуæрзæг адæн.

* * *

Ку некæд фæууидтайнæ готони
Нæ дзæгъар хъоппæгъдзæстæ сурх гъог!
Цæстæбæл ку рагъазуй абони,
Уæддæр ма рауазал уй мæ тог.

Ци мæгур рацæуидæ ауæдзи,
Гъеуæдта æрхауидæ æваст,
Никкæуидæ Хуцаумæ, æвæдзи,
Никкæнидæ æ уæсмæ тухст уаст.

Ис-æй-цид æргъувидæ мæ фидæ.
Тухфудтæй ислæууидæ нæртон,
Æ фæстагдæр тухтæй рахуæцидæ,
Раласидæ туххæйти готон.

Фидæ дæр готонбæл еунæг къохæй
Æнхусæн æрмæст размæ хуæстæй.
Æ фæллад ин саста æ хъурдохæн,
Хед, тогау, æ уадæлттæй лæстæй.

Исхъæртидæ и хуми кæронмæ,
Фурæстонг, фурфæлладæй сонтау
Кæрдæгбæл бахауидæ дæлгоммæ,
Пулеметæй хуфийнæгондау.

Нæуæгæй исистидæ, готони
Сиуæбæл ниххуæцидæ федар,
Æрдеуаги бæсти æ зинбони
Игъусидæ будури æ зар:

«Тох æнбесбæл нæ ниууадздзинан.
Мах не ‘ности тогцъиртæн
Стонгдзинадæ нæ ниссадздзинан
Багъæуагæдæр циртæн!

Алли зинтæн ниффæраздзинан
Аци стонгæй, æфхуæрдæй.
Нæуæг цард ба исараздзинан
Мах нæ тох æма зæрдæй!»

Отæ зардта рæстзæрдæ муддзæстæ,
‘Ма фесавдæй æ царди хъурдох.
Цума ин фæрсаг кодта нæ бæстæ,
Отæ мæмæ кæсидæ æдзох.

Еци зар мæ иста æ уæлкъохтæ,
Лæвардта мин дессаги исон,
‘Ма нæ бæстæ æд фæткæ, æд тохтæ
Æз мæ фиди цæсгони уидтон.

* * *

Дæн дæуæй сæйгæ, дæуæй ресун.
Дæн дæ катаййæй æнæ фун,
Незау, никки ми арфдæр хезис,
Фал æнæбарау инæфун.

Мæ уод хуæрунцæ дузæрдгутæ,
Хатгай фенод ун зин ниндæй,
Уайуй мæ росбæл гъар фæрдгутæ,
Бунтон ферра ун дæ уиндæй.

Уæддæр цифæнди рохс изæр дæр,
Цума мæ фуни арвмæ стахт,
Кæнуй биццеуи тæлфт мæ зæрдæ,
Кæнуй æхсицги адгин тад.

Цума дзæвгарæ фæххуæрзконддæр
Æма февзонгдæр дæн, уоййау
Сбадтæй серабæл мæ амонд дæр,
Фиццаг æртæхгæ сау мæлгъау.

Лæги фæстагмæ ка рамаруй,
Еци кæронмæ фуднезау,
Мæ уарзт, цæрæ ми уæгъдебарæй,
Цæрæ, не ‘нцайгæ фæдесау.

Æз уалæ хормæ исцæйтæхун,
Хæссун лæфинтти баст нæуæй...
Нæ, нæ мæ фæндуй исдзæбæх ун
Дуйней кæронмæ дæр дæуæй!

*КОБЕСТЫ Зауырбег*

# ЧЫСЫЛ НЫВТӔ

## СЫЛГОЙМАДЖЫ ТЫХ

Мӕхӕлар, сылгоймагӕй дӕ амонд нӕ фӕцис, уӕд дӕ къух дӕхиуыл ауигъ. Мӕнӕ уын иу ахӕм хабар.

Цӕрынц, уӕдӕ цы уыдаид, Дӕхци ӕмӕ Фузӕ.

– Уӕллӕгъи, нӕ лӕг, мӕн куы бафӕнда, уӕд дӕ ӕз адӕмы астӕу ӕдылыйы хуызы равдисдзынӕн.

– Ау, адӕм ӕй нӕ зонынц ныронг, ӕз цы дӕн, уый?

Уыцы ныхасыл иу къуыри рацыдаид. Райсомӕй Дӕхци йӕ тракторыл абадтис ӕмӕ хуым кӕнынмӕ фӕраст. Мӕнӕу ӕркарстой, ӕмӕ зӕхх хъуыди фӕлдахын. Уыдис тынг тӕвд рӕстӕг. А Фузӕ чи у, уый йӕхи базармӕ арӕвдз кодта, йемӕ айста бедра. Базары балхӕдта ӕгас кӕсӕгтӕ ӕмӕ тӕксийы бамидӕг ис, йӕ лӕг хуым кӕм кодта, уыцы быдыры. А ныр, зӕгъгӕ, лӕг хуымгонды ӕрбазила, афтӕ кӕсӕгтӕ ауӕдзы ӕркалдта. Йӕхӕдӕг абадт машинӕйы ӕмӕ ныххоста сӕхимӕ.

Дӕхци кӕсы, саумӕрыл кӕсӕгтӕ куыд гӕппытӕ кӕнынц, уымӕ. Рахызтис тракторӕй, фӕлгӕсы алырдӕмты, фӕлӕ никуы ӕмӕ ницы.

– Ай дын диссаг! – загъта лӕг. Тракторы йӕм цы резинӕ бедра уыдис, уым авгӕдта кӕсӕгтӕ. Уыд раст сихорафон.

«Цæй, нæхимæ сæ сдавон æмæ хæргæ дæр акæндзынæн», – афæнд кодта Дæхци. Быдыры доны боцкъа лæууыдис. Кæсæгтыл дон акодта æмæ тындзы хæдзармæ.

– Не 'фсин, рауай ма, мæнæ дын цас кæсæгтæ æрластон быдырæй!

Фузæ йæхи дисгæнæг скодта:

– Цы нæ вæййы ацы царды! Изæрмæ сæ æз ацæттæ кæндзынæн.

Дæхци сихор ахордта æмæ фæстæмæ фездæхт быдырмæ.

Фæскуыст заргæ смидæг хæдзармæ:

– Гъе, не 'фсин, уыцы кæсæгтæй мын авæр.

– Æмæ кæсаг ахсынмæ уыдтæ, æви хуым кæнынмæ?

– Рæвдздæр кæн!

Лæг йæ къухтæ ахсадта æмæ сарайы фынджы уæлхъус абадт. Фузæ йын цыдæр хæринæгтæ авæрдта йæ разы.

– Кæсаг та?

– Дæ хорзæхæй, цы мæ агурыс?

Загъд сын бацайдагъ. Ус сыхæгтæм адзырдта, мæнæ, дам, нæ лæг цыдæр кæны, зæгъгæ. Сыхы устытæй цалдæр æрбахызт кæртмæ.

– Цы кæнут? Уæ цард уæ хъуыры нал цæуы?

– Байхъусут ма, уæртæ цытæ дзуры, уымæ.

Лæг хабар ракодта. Сыхæгтæ йæм джихтæ кæнынц.

– Кæд, мыййаг, хурмæ стæвд дæ?

– О, кæд мæ магъз тайгæ нæ акодта, – загъта лæг, æмæ та ногæй радзырдта, хабар куыд уыдис, афтæ.

– Ацу æмæ баулæф, – дзуры йæм йе 'фсин.

Дæхци йæхиуыл дæр нал æууæндыд, ацыдис æмæ ныххуыссыд. Райсомæй фындз кæсаджы тæф ацахста. Рабадт йæ хуыссæнæй æмæ фæрсы йе 'фсины:

– Уый цæй тæф у?

– Мæнæ, знон цы кæсæгтæ сластай быдырæй, уыдоны тæф у. Мæ хин дыл не 'рцыд, нæ?

## ХÆСТОН

Хъæдгæрон. Хуырымты кæрт. Таймураз саргъы бæхæй куы иуырдæм йæ хъæбулмæ йæхи æривазы, куы йæ бинойнагмæ.

Хærзбон зæгъы йæ къабæзтæн. Æрвонг дæр нæу барæг. Йæхи рарæвдз кодта мæхъхъæлы хæстмæ. Йæ мад æмæ йæ фыд дæр рахызтысты дуарæй кæртмæ. Мады цæссыгтæ æнцъылдтæ рустыл æрызгъæлдысты.

– Кæмæн нæ уадзыс?

– Кæдæм цæуыс?

Лæппу бæхы фæрстæ æрбатъæпп ласта, ома, рæвдздæр кæртæй куы федде уаин, зæгъгæ. Бæх уынгмæ асæррæтт ласта. Лæппуйы сæр бæласы цонгыл сæмбæлдис, æмæ дæ балгъитæг афтæ... Зæххыл уадзыгæй радæргъ. Фыд уынгмæ рахызт æмæ сыхы лæппутæм дзуры:

– Уæ хорзæхæй, ацы хæстоны йæ хуыссæны æрæвæрут...

## ДЫУУÆ СЫХАДЖЫ

Дыууæ сыхаджы кæрæдзиимæ хуызæнæн зонгæ нæма удысты. Иу дзы зулдзæст уыдис, аннæмæн та йæ къух æрдæгхуыскъ. Кæрæдзийæн зæрдиаг салам никуы раттынц.

– Дæ хорзæхæй, къух ма-иу лæгау райс, – бауайдзæф кодта зулдзæст иннæмæн.

– Æмæ мæм уæдæ фæрсырдæм куыдзы каст цы фæкæныс? – дзуапп радта иннæ.

## ДЫУУÆ ЛИМОНЫ

Рацарæзты рæстæг Уæрæсейæ сыздæхт иу ирон дохтыр. Йæ мыггаг уыди Бердиатæй, фæлæ йæ Уæрæсейы Бердяевæй баивта. Уыцы заман æхцатæ милуантæй нымадтой. Дохтыр рынчын зæронд усæн операции скодта. Йæ лæг бацыди дохтырмæ æмæ йæ фæрсы, цы хорзы дын бацæуон, зæгъгæ.

– Дыууæ «лимоны» мын ме стъолыл авæр.

Лæг ацыдис æмæ фондз лимоны балхæдта. Дыууæ дзы йæ рынчын усы фарсмæ æрæвæрдта, иннæ æртæ дохтырæн бахаста.

– Адон цы сты? – фæрсы йæ дохтыр.

– Афтæ мын нæ загътай, дыууæ лимоны мын ме стъолыл авæр, зæгъгæ? Æмæ дын мæнæ 'ртæ!

# ХУЫЦАУЫ ÆУУÆНК

Мæ хъæуккаг Æккæлаты Уазадже Жириновскийы хуызæн тæвд туг уыдис. Йæ разы къæрцхъусæй лæууын хъуыдис. Йæ ныхас æмæ ракæндтытæ топпы гæрахау уыдысты. Иуæй, зæрдæмæ цæугæ ирд, æгъдауыл уыдысты йæ митæ, фæлæ йын-иу æгæр фесты. Луарæй лæппутимæ хос æрласта. Йæ бинойнаг Зоя æнхъæлмæ каст се 'рцыдмæ.

Чъиритæ тъæпæн æркодта, фæлæ йæ фæндыдис, пецæй сын сæ фынгыл куыд авæра тæвдæй. Ноземондаг лæппутæ хосы мæкъуылтæ рæвдз фæмидæг кодтой, къухтæ ахсадтой æмæ фынджы уæлхъус абадтысты. Уазадже æрхъæцмæ нал хъæцыд. Фынг мæсты хост æркæны: рæвдздæр иу чъири, иу чъири рæвдздæр.

Ирон пецы дыууæ чъирийы баппарынц, уый зындгонд у. Афыхтысты уал уыдон. Зоя сæ сæ разы авæрдта, æртыккаг та духовкæйы фæмидæг кодта. Уазадже кувынмæ фæрæвдз.

– Фæлæуу, – дзуры йæм лæппутæй иу, – дыууæ чъирийы кæдæм кувыс?

– Ау! Мах ардыгæй уырдæм куы 'ууæндæм Хуыцауыл, уæд уый махыл ардыгæй пецмæ не 'ууæнды?

# НАЛ НУАЗЫН

Мæ сыхаг Уæлладжыр æгæр анызта дысон. Райсомæй катай кæнгæ уынгты разил-базил кæны. Хинымæр кувы, иу æмбæлæг, Хуыцау, рауадз.

Уый æртæккæ кæлы нозт Теркау, уæд-та уыдис тынг кадавар. Уалынмæ дын уæлæсыхæй Цогойты Сидæ æрцæуы. Сидæ Уæлладжырæн фыдæн бæззы йæ азтæм гæсгæ. Салам радтой кæрæдзийæн.

Уæлладжыр æм дзуры, цом фæйнæ баназæм, зæгъгæ. Лæппу цинæй амард, мæнæ мæ ирвæзынгæнæг. Хæдзармæ ссыдысты. Æххæст нартхор цармæ сисæм, зæгъгæ та йæм дзуры Сидæ. Систой йæ, уæдæ цы.

Æххæст картоф дæр пъадвалмæ ныййисæм. Ауагътой та картоф дæр йæ бынатмæ. Цæй, æххæст ма доны хæтæл дæр...

Уæлладжыр Сидæйы хъæлæсы фæбадт:

– Сидæ, æз нал нуазын. – Æмæ кæрты дуарæй федде.

*ГАДЖИТЫ Барис*

# ДАРДМÆ ФÆЦЫДТÆН

* * *

**Фæллад дæн. Бафæллад мæ зæрдæ!**
**Мæ зонд мæм нал хъусы, цы уа?**
**Æз алкæй нал хæссын мæ сæрмæ,**
**Мæлæты хайуан дæн цыма!**

**Кæд азтæн равдæлон сæ голлаг,**
**Фæривад и сæ куырой тагъд,**
**Сæ «бæхтæн» нал фаг кæны холлаг.**
**Рæстмæ сыл нал æвæрынц саргъ!**

**Йе коммæ нал кæсы мæ кæстæр –**
**Фыдазты райгуырдис, фыд-зонд?!**
**Æгæр дыууæрдæм у йæ рæстæг,**
**Йæ мидис – ахæм, здыхт – йæ конд!**

**Фæллад дæн. Бафæллад мæ зæрдæ.**
**Тыххæй ма ахæссын мæ сæр.**
**Æгæр мын бантысти нырмæ дæр,**
**Рæхджы бон нал хъуысдзæн мæ хъæр.**

**Æмæ уæд чи фæзмдзæнис æрдзæн**
**Йæ митæ, йе сныхас, йæ дзырд!**
**Йæ бон куы нæ бауа мæ фыртæн**
**Рæстæгыл бафæзмын мæ цыд.**

* * *

**Кæм дæ, мæ рагон хъуыдыйы къуыбылой,**
**Хуымæллæгау цы ныссуйтæ дæ, зæгъ?**
**Дæумæ цæуын зæронд лæгау гуыбырæй,**
**Нæмын дæу æнхъæл бон-изæрмæ зæхх.**

Зын у кæмдæр фæцæрын æмæ кусын,
Æцæгæлон у алцыдæр лæгæн.
Дæ дзырд ма арæх ивгъуыд бонтæй хъусын.
Æфхæры сагъæс алы исдуг мæн.

Кæм дæ, мæ рагон хъуыдыты къуыбылой?
Æрхæсс мæнæн мæ кæддæры цæхæр.
Дæумæ цæуын зæронд лæгау гуыбырæй,
Ысдон ыздыйау сагъæстæй мæ сæр...

* * *

Мæ фыд, мæ фыд! Цæмæн рафтыдтæ Нармæ?
Цы ма бæллыс дæ сабибонты кармæ?..

Дымгæтау рæстæг атахти дæ сæрты, –
Фæбадыс ныр фæрæты хъæдау кæрты.

Ныззæронд дæ... Дæ фосы дзуг дын комы
Æрбатыхта фæззыгон мигъ йæ роны.

Дæ фыды кæртæй сабийæ фæхаудтæ,
Æнхъæлдтай, у быдыры цæрын цауддæр.

Мæн дæр дæуау кæддæры фын фæсайдта.
Йæ фæдыл мæ Мæскуы-горæтмæ ‘рсайдта.

Ныр æз мæ цард æнæ фарнæй æнкъарын,
Мæ рухс бæллиц мæ сагъæстæй ныммарын.

Мæскуы рæсугъд, ыстыр сахар у, зонын,
Уæддæр мæхи æнамонд хохаг хонын...

Ам нæй лæгæн æнæ Ирыстон зарæн, –
Ис не ‘хсæн хæйрæг – цавæрдæр зынг арæн...

Мæ фыд, мæ фыд! Цæмæн рафтыдтæ Нармæ?
Цы ма бæллыс дæ сабибонты кармæ?..

## ХАСИТЫ РАГЪ

Хæстæг у Хаситы рагъ ардæм,
Мæнмæ та дард касти кæддæр –
Кæфтæй Кæсæгмæ. Цымæ рагæй
Нæ уыдтæн ам æви уыдтæн?

Цымæ дзы арвыстон цæрæнбон?
Мæ фыны федтон æви ‘ппæт?
Кæрдо хъæд, йе ‘мбуæртты цæугæдон,
Йæ сæрмæ – Дыдоты лæгæт...

Мæнæн у ацы хорз зæхх зонгæ –
Æз хъусын æфсинты ныхас:
«Дзæбæхæй раздæхт, кæд ыстонг у
Нæ бæлццон?.. Цас нал уыди, цас!..»

Ам донбыл хъæугæрон Фæспиткъар, –
Куыд ма йæ ‘рхъуыды кодтон, куыд! –
Мæ уæхскæй ‘рæргъæвтон мæ рифтаг,
Мæ фæндаггæгтæй скодтон куывд.

Хæстæг у Хаситы рагъ ардæм –
Къæсæр мæм хох касти кæддæр...
Уæ хорзæхæй, зæгъут-ма, адæм,
Лæппу ма дæн æви лæг дæн?..

* * *

Фæззæг ралæууыди, фæззæг,
Мигъæй ком – цыма цъæх фæздæг.

Азгъæлд сау хъæдæн йæ сыфтæр,
Мæргътæн нал хъуысы сæ сым дæр...

Уазал митрагъæй æрхизы,
Бæлас уады хъæрмæ ризы.

Быдыр, афтид быдыр, дардæй
Хæхтæм баджих и æнкъардæй.

Дон дæр нал ивылы комы –
Бамбæхст дойнаг дурты роны.

Хурзæрин кæсы бæрзондæй,
Хъазы къулбадæгау бонтæй.

Хъал у бур ыстур йæхицæй, –
Цъынайæ нæ кæны хицæн.

Халон ратæхы уæзбынæй,
Цыма бафæллад тæхынæй.

Зымæг рувасау æрхъуызы, –
Дзаг у урс митæй йæ хызын.

## МИГЪ

Мигъ – цъæхснаг къуымбил – æркалд
Хохы фисыныл.
Дымгæ йæ ысцагъта тагъд –
Цыма ‘лвисынæн.
Уайтагъд фесæфтис кæмдæр
Комы нарæджы.
«Рæвдздæр ку’ ахæссин мæ сæр –
Загътон, – Уастырджи!..»
Фæлæ арвы риу ныцъцъæх, –
Хур дзы ахъардта.
Хæрды фесхуыстон мæ бæх
Æмæ... Сахсатмæ.

## МÆНÆ ДИССАГ

Мæнæ диссаг æмæ ‘мбисонд!
Ахæм хабар искуы ‘рцыд?!
Дуне фыны ссыгъди дысон, –
Стæй Ирыстон дæр ыссыгъд...

Адæм тахтысты уæлæрвты –
Зæххы ‘мдзугæнджытау раст.
Уыд бынмæ ‘рхизын мæ зæрды,
Фæлæ зæхх мæнæй фæтарст.

Уый фын уыд, – йæ бон æй рарди!
...Дысон кæрты райхæлд уарди.

## ФÆЗЗЫГОН ЭТЮД

Зæхх фæхуыдуг и хъазау
Тæркхъæвдайæ, ныллæгуын...
Уаддымгæйы ахъаззаг
Иу ран, сонтау, кæм лæууы.

Хъазы, хъазы мæ удæй –
Уазал ласы цæгатæй, –
Куы æррайау ныххуды,
Куы ныффутт кæны дардæй.

Мæн æппындæр нæ уырны,
Митхаст фестдзæни фæндаг, –
Хуры бахсыдта уыры?!
Асæтта мын йæ дæндаг.

* * *

Æвзæрст лæгтæ... Цæй чъизи у нæ дуг:
Хæссынц уынаффæ: давынæн мадзал.
Кæлы зæххыл нæ хорз хъæбулты туг,
Фæллойгæнджыты бауарзта адзал.

Æвзæрст лæгтæ... фырнæрдæй хауынц тъæпп,
Сæ фарсмæ та фæллойгæнæгæн цард
Ысси зындон, æнæ ыссады тæпп
Йæ арынг ниуы, хæдзары нæй арт.

Уæддæр, мæгуыр, фæлитойтыл æууæнды,
Æмæ цæуынц хуыздæр æнхъæл æвзæрст,
Цæмæй йæ ногæй райдайой æууæрдын,
Æмæ уа мастæй, тухитæй æфсæст.

Бæргæ сæм кæсы ахæстон æнхъæлмæ,
Фæлæ куырм у тæрхонгæнæджы цæст.
Мæн та фæнды, куы ма фенин æххæст, –
Кæмæн фесхъиудзæн ауындзæн йæ сæрмæ.

## РÆЙЫНЦ ТА РЕГАХЫРДÆМ КУЫЙТÆ

Рæйынц та Регахырдæм куыйтæ
Ныр афонмæ фæсус хъæлæсæй.
Мæ зæрдыл та æрбалæууыд мæ хабар –
Æрцæуугæ ‘мæ æнæ æрцæуугæ чи уыд.
Мæ фыд æрцыди уæтæрæй – хъæрзгæ уыд.
Йæ бæсты уырдæм бахъуыди цæуын –
Дыууадæсаздзыд гомкъах лæппу – мæн.
Æрталынг, афтæ схæццæ дæн.
Мæ фыды ‘мвыййау саурихи Дзидан
Уæйлаг нымæтыл мусонджы хуыссыди
Æмæ мæм дзуры: «У, лæппу, сырдæй тас,
Фæлæ æддейы обауыл ыслæууу
Æмæ куыдзфæзмæгау чысыл уырдыгмæ арæй.
Уадз, куыйтæ базмæлой,
Æмæ нæ уæтæр уа æвыд».
Æз уый базыдтон, цы! –
Мæ тых, мæ бонæй райдыдтон рæйынтæ,
Æрдæгæхсæвмæ нал банцадтæн раст.
Сæумæцъæхтыл ысхæццæ и баба,
Куыд ацыд æхсæв уыдæттæй мæ фарста.
Фæлæ уыдтæн æз тынг фæсус
Æмæ мæ бон кæм ысуыдаид дзурын?
Баба ыстыхсти: «Суазал дæ кæмдæр,
Дæ улæфæнтæ нал ысты сæ уагыл...»
Дзидан нæм хъуыста иуварсæй æнцад
Æмæ йæ рихиты бын худти...

## РУХС ЦАРД СÆ УЫРНЫ

Æз гыццыл лæппуты хъазтмæ
Иуварсæй кæсын.
Ехх, цæй диссаг ысты уастæн,
Ма базоной зын!

Куы сæхи Болайыл барынц,
Куы кæуыл...
Семæ ног «Уæрæйдæ» зарын,
Фырцинæй кæуын.

Цардæн та куыннæ ис иу уаг:
Æз мæхи уынын, –
Лæппутæ хæссынц мæ рифтаг,
Рухс цард сæ уырны.

* * *

*А.*

Дæ бонæй уай, цъæх ыскъæлдзой, дæ бонæй –
Дæ фæстæ уадзыс байзæддæгтæ зæххыл.
Æз та нырма æнæрай дæн мæ цотæй –
Нæма лæууынц куыд æмбæлы сæ къæхтыл.
Куы ахауынц, куы атагъд кæнынц размæ,
Куы боны тынджы басудзы сæ хъæстæ...
Ды та куы цæрыс сæрд-сæрддæргъы хъазгæ –
Цы мæт дæ ис! Дæ байзæддаг дæ фæстæ
Ысхъæл æмæ гуырвидыцæй ысбырсы
Цъæх арвырдæм цъæх уалдзæджы тæмæны.
Мæ хъæбултæн хъуыддаджы хорз куы 'нтысы –
Æнæмæнгæй йæ райдйаны фæкæлынц
Сывæллæттау...

* * *

*А. Ю.*

**Ныттынг кодта йæ цъæх фæдджитæ Балтикæ,**
**Тæргæбæхау йæ комы фынк æнхъизы.**
**Лæгæрдын дзы мæ куыстæмсæр æмгаримæ.**
**Æмбаргæ нæ цыргъ уылæн арвмæ сисы.**
**Æмхуызæттæ стæм денджызимæ, уастæн дæр!**
**Æмудыхъæд нæ иу Хуыцау фæкодта.**
**Иу – бафæразон æз æнæ уый уалдзæгмæ,**
**Æндæр та йæм фæхæсдзынæн мæ бонтæ.**

* * *

*К. Д.*

**1**
**Уæдæ мæ лæджыгъæд равдисон истæмæй, загътон,**
**Райстон хæцæнгарз –**
**Æмæ фæндагмæ фæраст дæн,**
**Иронæн куыд æмбæлы, афтæ.**
**Хъæуы ныууагътон**
**Мæ мады, мæ фыды, –**
**Алчи нæ кæсы йæ хистæрты коммæ...**

**2**
**Дардмæ фæцыдтæн,**
**Хылкъахæнтæ сырдтæй дæр кодтон.**
**Фæлæ хæцаг галау**
**Алкæд мæ ныхæй туг калдис...**
**Уыйас фæхæц**
**Æмæ ма скæн дæхицæн лæджы ном...**
**Ферох дæн ме ‘мгæрттæй, хъæуæй.**

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

## СÆРДЫГОН РАЙСОМ

**Дымгæ ‘рбасимдта мæ рæзты,**
**Дзурын æм: «Фæлæуу, кæдæм?**
**Ахæсс-ма дæ рог базыртыл**
**Мæн алæмæты бæстæм».**

**Къутæрæй ныгъуыли стахти,**
**Айсæфт уæлдæфы кæмдæр.**
**Ехх, тæхуды, арвы цъæхмæ**
**Атæхын фæнды мæн дæр.**

**Бæстæ райхъал ис, ызмæлы.**
**Зызын уадындзæй цæгъды.**
**Цæй-ма, йе ‘рдхæрæны зæлтæм**
**Базарæм æз æмæ ды.**

# СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*ГАДЖИТЫ Георги*

## ÆРТÆ НОВЕЛЛÆЙЫ

## ÆНÆНХЪÆЛÆДЖЫ ФЕМБÆЛД

Фарон сæрды зæронд Бобоимæ æз фыццаг хатт ацыдтæн тæрхъусдзуан. Немæ ма уыдис нæ зонгæтæй дыууæ. Сæ иу – Дагко, бæрзонд тæнтъихæг, астæуккаг карджын. Иннæ цуанон хуындис Тох, саджы фисынтыл амад кæмæй фæзæгъынц, ахæм лæппу, æрмæст йæ цæсгомыл цы 'хсаргарды нос уыд, уый йæ чысыл æнаив кодта.

Фæссихормæ фæцуан кодтам, стæй Тулдзбыны нæ тæрхъустæ байуæрстам. Æз иу йеддæмæ нæ амардтон, фæлæ мæм дзы уæрсты æрхаудта фондз. Мæ астæуыл сæ куы абастон, уæд иуæй цин кодтон, иннæмæй та мæм худинаг каст. Фæлæ мын Дагко ныфсытæ авæрдта:

– Иннæ хатт дæхæдæг хъуамæ дзæбидыр рафæлдахай! Гъе уый лæппу у, гъе! Бакæсут ма йæм, æцæг цуаноны хуызæн у æви нæ? – æмæ мын ме уæхск æрхоста.

– Гъей-джиди, Бæппи, ныр дын бинонтæ куы уаид, уæд дын дæхицæй раппæлынмæ замманай фадат бæргæ ис! Фæлæ ныр дæ кад, дæ намысы кой дæ уаты къуымæй дарддæр нæ айхъуысдзæн, – загъта мын Бобо дæр.

– Æмæ дын бинонтæ нæма ис? – бафарста мæ Дагко.

– Нæма! – дзуапп радтон æз.

– Лæг дæ! нырмæ кæй не 'рхастай ус, уымæй хорз бакодтай. Амæй дарддæр дæр куы не 'рхæссай, уæд та ноджы хуыздæр уыдзæни!..

– Гормон, Дагко! – баурæдта йæ Бобо. – Галиу зондыл ма ардау лæппуйы. Ныр йе 'мгæрттæн дыгай-æртыгай сабитæ ис, уый та сын сæ мады дæр нæма бацагуырдта.

Дыууæ лæджы фæбыцæу сты: Бобо мын ус курын кодта æмæ сылгоймæгтæй æппæлыд, Дагко та мын ус курын нæ уагъта æмæ, сылгоймæгтыл цы нæ алывыд мысыд, ахæм нæ уыди. Мæнмæ сæ иумæ дæр æмæ се 'ннæмæ дæр хъусын нæ цыд; мæ зæрдæ цъæх уыд ахæм ныхæстæй. Æгæр-æгæр куы кодтой, уæд

Тох йæ хордзентæ йе ‘ккой акодта æмæ загъта:

– Нæхимæ уал – еблуагъæ æмæ уым фынджы уæлхъус бафидаудзыстут.

Мах Тохы фæдыл цасдæр æнæдзургæйæ цыдыстæм, стæй Дагко райдыдта:

– Нæ, нæ, Бобо, мæ мæрдтыстæн, ды раст нæ дæ! Дуне куы сæвзæрд, уæдæй фæстæмæ сылгоймæгтæй иунæг дæр нывыл нæ фæци! Мæнæн цытæ бавзарын кодтой, уый куы зонис, уæд афтæтæ нæ дзурис.

– Уагæр цытæ бавзæрстай? – бафарста йæ Бобо.

– Цы куы зæгъай, уæд мæнæ ацы лæппуйы карæн уыдаин, афтæ мæ хæстæгæй, хиуонæй адæм иу ран нал уагътой: «Бинонтæ æрхæсс! Бинонтæ æрхæсс!» Иу чызджы мын банымыгътой, уындджын, дам, у, хорз мыггагæй, дам, у. Æрхастон æй, æмæ дæ фыдгул уый ахæсты куы бахауид! Сыгъдæг «гæрæдскойтæй» разынд. Сыхæгты кæрт никуы ныммарзта, сабатизæры устытæн уырдыг никуы алæууыд, уый нæ, фæлæ ма мын мæ къæхтæ дæр никуы ныхсадта; уыцы талынг æгъдау, дам, раджы амарди. Раст зæгъын хъæуы, мæ ныййарджытæн мын хорз уыди. Уыдон дæр дзы æппæлын райдыдтой, мах хуызæн чындз, дам, никæмæн ис, æмæ бынтондæр мæ сæрмæ схызти. Колхозы куыстмæ-иу куы нæ ацыдтæн, уæд – хыл, ноztджынæй-иу куы фæзындтæн, уæд – загъд, замана.

Æнæхъæн афæдз ын фæбарстон, зæгъын, кæд æрæмбарид. Фæлæ, марадз зæгъай, кæд къæрттæй цъула æппæрста. Дæ сæры магъз, дам, зæронд, мæлинаг æгъдæуттæй йе ‘дзаг у, æмæ, дам, дын сæ æз иууылдæр æддæмæ ракалдзынæн. Æз дæр мæхи нал баурæдтон æмæ... Æнхъæлдæн, Хетæджы бон уыди. Ме ‘мгæрттимæ дзы мæхимæ фæкастæн, стæй сæ нæхимæ бахуыдтон. Хæрынтæ, нуазынтæ байдыдтам... Нæ бадт йæ тæккæ тынгмæ куы бахæццæ, уæд дын кæсын, æмæ фынгыл цæхх нæй. Искуы дæр ма хæдзары сылгоймаг фынгыл цæхх не ‘рæвæры? Иудзырдæй, ме ‘мгæртты æхсæн фæхудинаг дæн. Æз айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, фæлæ иннæ уатмæ рауадтæн æмæ ма сымах дæр уым куы фæуыдаиккат – хорз ыл æрцыдтæн. Сомы мæ нæ кæнын кæнут, нæ уæ бауырндзæнис, фæлæ дын мæм уый дæр йæ галиу къухæй куы февзилид, æмæ дын мын рахиз къухæй ме ‘хсæрфарс куы ныггæрах ласид, æмæ дын мæ цæстытæ цæхæртæ куы акаликкой!

– Гъе уый сылгоймаг уыд, гъе! – худæгæй марди Бобо.

– Уастырджийыстæн, амардтаин æй, фæлæ уыцы изæр йæ цæгатмæ афардæг!

– Æмæ ма ныр дæр уым ис? – бафарстон æз.

– Уæдæ кæм уыдзæн? Чызджыты курæг куы нал ис, уæд ма уагъд усæй чи цы кæны! Кæмæйдæрты фехъуыстон, тынг, дам, æй фæнды, цæмæй та, дам, фæстæмæ бацæрæм, уый. Фæлæ мæ хæдзар халын! Уыдон æмгæрон уадзын нæ, фæлæ куыддæр райгуырой, афтæ сын сæ къубæлттæ скъуынын хъæуы.

– Нæ, Дагко. Сылгоймæгтæ се 'ппæт æмхуызон не сты: иу цæстæй кæсын сæм нæ хъæуы. Уæллæй, æз дзы ахæмтæ федтон, æмæ зæд ницы у йæ разы, зæд! – загъта Бобо.

– Чи зоны... Алцы дæр амондæй у. Фæлæ уыдонæй ныртæккæ зæдтæ уа, уый мæ никуы бауырндзæн!

– Мæн та уырны!

– Дæу?!

– О, Мæн! Дæ фарн фынæй уæд, Бобо, ды дæр, кæстæр, бахатыр кæн: мæнæн ныр дыууæ азы ис бинонтæ æмæ цыма дыууæ боны дæр нæма цæрæм, афтæ мæм кæсы. Æз бирæ фыдæбæттæ бавзæрстон, фæлæ мæ хъысмæтæй уымæй бузныг дæн, сылгоймагæй мæ амонд кæй фæци. Бобо, ды федтай абон, дыууæ хатты кæй фæивгъуыдтон, уый. Дæ фарн фынæй уæд, фæлæ уыцы рæстæджы ме 'фсины сурæт мæ цæстытыл ауад... Лæг йæ къæбæргæнæгæй куы æппæла, уæд уымæй æвзæрдæр ницы ис, фæлæ дзы махоны хуызæн дунейыл нæй... Уæвгæ йæ ныртæккæ уæхæдæг фендзыстут! Дæлæ хъæугæрон, уый мæ хæдзар у...

Уалынмæ нæм разынд агуыридурæй арæзт рæсугъд агъуыст: нывæфтыд рудзгуытæ æмæ йын кæрдæгхуыз кулдуар. Сывæллон йæ хъæбысы, афтæмæй йæ цуры лæууыд æрыгон, хæрзконд сылгоймаг æмæ махырдæм касти. Куы йæм баввахс стæм, уæд дын æм Тох дзуры:

– Уазджытæ дæм фæцæуы, не 'фсин!

– Уазæг – Хуыцауы уазæг, – йæ мидбылты адджын худт бакæнгæйæ, загъта уый æмæ мидæмæ фæндаг ацамыдта.

Дагко йæм фæджих, стæй йæ раздæры бинойнаджы куы базыдта, уæд йæ цæсгом афæлурс, цæхгæр фæзылд æмæ каурæбынты дæлæмæ йæхи айста.

# СЫВÆДÆГ

Сæрибары фæзы стыр уæладзыг хæдзары цур хостæ уæйгæнæг чызджы алыварс æрæмбырд сты фæсивæд. Сæ худын, сæ хъазæн ныхас хъуысы. Чызг сæ стыхсти, фæлæ сæм тызмæг куыд сдзура!

Цы цымыдис сты ныры фæсивæд! Цыма чызг никуы федтой, уыйау дзы сæ цæстытæ нал исынц. Рæсугъдæй та, раст зæгъын хъæуы, рæсугъд у: гуырвидауц, хъазхъуыр. Йе 'рфгуытæ сынты базырты хуызæн сæнт-сауæй сæхи уæлæуæз систой. Æмæ уæд йе 'нгас та? Йемæ фемдзаст дæ – «зæрдæниз» дыл бафтдзæн. Цал æмæ цал лæппуйы фæнды уыимæ базонгæ уæвын! Алыхуызон æфсæнттæ скæнынц: кæй хос фæхъæуы, кæй кæсæнцæстытæ, кæй цы... Емынæйæ фæстæмæ цы нæ бацагурдзысты, ахæм нæй. Къулбадджытæ! Искуы ма хæдзары чызг уынджы æнахуыр адæймагимæ базонгæ вæййы! Стæй, иу лæппуйы куы уарзай, уæд ма иннæмæ та цæмæн хъуамæ дæ хъус дарай!

Уыцы чызгæн та йæ сусæг хуры хай йæ комкоммæ ног агъуысты цæры. Кæд нæма базонгæ сты, уæддæр алы райсом рудзынгæй ракæсы, йæ мидбылты фæлмæн бахуды, роялы цур æрбады æмæ музыкæйы диссаджы зæлтæ зæрдæйы уидæгтæ нызмæлын кæнынц... Чызг афтæ æнхъæлы, цыма йæ лæппу дæр уарзы, фæлæ йæ фæнд зæгъын йæ бон нæу æмæ йæ фæндырдзагъдæй архайы... Цалдæр хатты дидинджытимæ дæр рацыди, фæлæ сæ, æвæццæгæн, балæвар кæнынмæ йæ ныфс нæ бахаста. Чызг иу мæйы фæстæ йæ куыст ныууадздзæн – институтмæ цæуы. Æмæ ныр куынæ базонгæ уой, уæд ма кæд? Лæппу иу хатт ныфсхаст куы разынид! Изæры ацæуиккой киномæ. Хуыцаубоны парчы, цады бæлæгъы бадгæйæ, атезгъо кæниккой. Лæппу йын кæсид æмдзæвгæтæ. Азарид ын рæсугъд зарæг. Стæй бæлæгъ нызмæлид. Сахъгуырд йæ цæстырухсæн донмæ ныххауынæй фæтæрсид æмæ йæм фæлæбурид...

Чызгæн йæ сусæг уарзон æваст йæ хъуыдытæ фескъуыдта. Уый дидинджыты бастимæ йæ уæлхъус февзæрди. Чызг йæ цæстытæ ауужрста... Цæй фын æмæ цæй æндæр! Лæппу йæм йæ мидбылты бахудти. Чызджы цæсгом асырх, йæ буар ныддыз-дыз кодта...

– Чызг, сывæдæг уæм нæй?

Уый бамбæрста, лæппу æфсæрмы кæй кæны æмæ афтæ уымæн кæй райдыдта. Цы дзуапп ын раттаид, уый нæ зыдта æмæ æваст афарста:

– Æмæ дæхи хъæуы сывæдæг?

– Нæ, мæхи нæ хъæуы! Бахатыр кæн, дысон мын... лæппу райгуырди.

## СЫЗГЪÆРИН САХАТ

Зæронд лæг æмæ лæппу базонгæ сты Сау денджызы был, фæлладуадзæн хæдзары. Зæронд æдзухдæр ауионы бадтис, дохтырты амындмæ гæсгæ йын хурæй ныццæвынæй тас уыд. Йæ фарсмæ змисыл йæхи хурмæ тавта лæппу æмæ йæм лæмбынæгæй хъуыста. Зæронд арæх фæсивæды фыдкой кодта æмæ æппæлыд йæхи фæлтæрæй.

Лæппу æндыснæгæй сади, æмæ йæ дохтыртæ денджызмæ нæ уагътой. Æмæ-иу бон-изæрмæ хистæры таурæгътæм хъуыста. Иу бон зæронды фарсмæ æртæ æрыгон чызджы æрбадтысты. Уый фæстæ уыдонæй лæппуйæн хъаст кæнын райдыдта: «Худинаг, амæлæт сын нæу? Æрдæгбæгънæгæй лæгты цурмæ куыд æрбацыдысты? Бынтондæр фехæлдысты фæсивæд».

Лæппу нал хъуыста зæрондмæ, фæлæ чызджытæй иумæ ныккаст. Чызг фефсæрмы æмæ йæхи кæсагау донмæ фехста. Лæппу дæр фестади, йæ фæдыл ныггæпп кæнынмæ хъавыд, фæлæ дохтырты фæдзæхст йæ зæрдыл æрбалæууыд, æмæ та зæронды размæ раздæхт.

Уæдæй фæстæмæ лæппу æмæ чызг æдзух аивæй кæрæдзимæ кастысты. Лæппуйы фæндыди чызгимæ базонгæ уæвын, фæлæиу æм хæстæг куы бацыд, уæд-иу уый денджызмæ йæхи баппæрста.

Иу æнтæф бон та зæронд лæг ныхмæ дзурын райдыдта: «Рæстæг фесæфти, адæм иууылдæр цæстфæлдахджытæ фестадысты. Дысон дын хилдасæнмæ бауадтæн, мæ сæрыл ма цы дыууæ хилы аззади, уыдон, зæгъын, ачъепп кæнон. Иу сомихаг лæппу мын уадидæгæн мæ сæр гæнгæлыйы цъарау асыгъта æмæ мæ æртæ сомы бадомдта. Зæгъын, цæй тыххæй? Æртæ сомы, æнæхъæн сæр куы адасай, уæд уымæн куы фидынц, мæнæн та, зæгъын, мæ сæры æртæ цыппæрæм хайыл хъуын нал ис, æмæ дын сомæй фылдæр нæ ратдзынæн. Уый уæддæр ныллæууыд,

æз, дам, дын дæ сæры фæзуат нæ бардзынæн, коса сæр дæр, дам, сæрыл нымад у. Æмæ мæ цалынмæ дыууæ сомы айста, уæдмæ мæ нæ ныууагъта...»

Лæппу фыццаг лæмбынæг хъуыста, фæлæ йæ уарзон чызджы денджызы ленкгæнгæ куы ауыдта, уæд зæронды фæурæдта æмæ афарста:

– Булавкæ дæм нæй?

– Цæмæн дæ бахъуыд?

– Мыййаг мæ денджызы æндыснæг куы æрцахса, уæд мæ къах фæрæхойдзынæн æмæ æдасæй раленк кæндзынæн...

– Ленк кæнын фæнд ма скæ, исты дыл æрцæудзæн...

– Дæ хорзæхæй, булавкæ мын авæр...

– Ныры фæсивæдæй ма хистæрмæ чи хъусы! – загъта зæронд, йæ цъындайыл цы булавкæ уыд, уый æвæндонæй рафтыдта æмæ йæ лæппумæ хъуыр-хъургæнгæ радта:

– Айс, æрмæст-иу æй ма фесаф!

– Ма тæрс, мæ фыды хай. Мæхæдæг куы сæфон, уæддæр булавкæ былмæ раппардзынæн, – стæй йæ сахат йæ цонгæй райхæлдта æмæ йæ зæрондмæ радта.

Зæронд бафиппайдта, лæппу чызджы фæстæ аленк кæнынмæ кæй хъавы, уый æмæ хъуыр-хъуыр байдыдта: «Зæххыл цыдæриддæр фыдбылызæй ис, уыдон сылгоймаджы фæдыл баст сты. Ныр æй денджызы æндыснæг куы 'рцахса, уæд ын булавкæ цы æххуыс фæуыдзæн? Йæхæдæг дæр фесæфдзæн æмæ мæ булавкæ дæр...»

Уæдмæ лæппу чызджы фæцæйæййæфта, фæлæ чызг дардæйдарддæр ленк кодта. Куы нал зындысты, уæд зæронд скатай. Йæ бынатæй куыд фестад æмæ денджызы былмæ куыд бацыд, уый зонгæ дæр нал бакодта. Лæппуйыл исты куы æрцæуа, уымæй старсти. Стæй йæ къухты сызгъæрин сахат хуры тынтæм цæхæртæ акалдта. Зæрондæн йæ зæрдæ тыхджын гуыпп-гуыпп скодта, æмæ йæ сæры фæзынди æбуалгъ хъуыды: «Лæппуйыл, мыййаг, исты куы 'рцæуа, уæд... Уæд сызгъæрин сахат... мæн у. Æмæ йæ мæнмæ радта, уый та чи зоны? Чи йæ федта?..»

Уæдмæ лæппу æмæ чызг фæстæмæ раздæхтысты. Былгæронмæ сæ бирæ нал хъуыдис, афтæ стыр уылæн æрбацыд, æмæ чызг йæ бынæй нал фæзынд, стæй та лæппуйы дæр анорста. Зæронд йæ цæстытæ ныдджыгъгъытт кодта, фæзындзысты ма æви нал, зæгъгæ. Æрбацыдисты дыккаг, æртыккаг уылæн, фæлæ чызг

æмæ лæппуйæн сæ кой, сæ хъæр дæр нал уыд. Зæронд лæг фæстæмæ фездæхти, сахат йæ риумæ нылхъывта... Тыххæй дыууæ къахдзæфы ракодта æмæ йæ цæстытæ атартæ сты... Уый æрчъицыдта фæлладуадзæн хæдзары. Йæ уæлхъус лæууыд æрыгон дохтыр æмæ йын зæрдæтæ ‘вæрдта:

– Мæ фыды хай, ма тæрс, ницы дын уыдзæн. Æрмæст хурмæ мауал рацу... Мæнæ дæм дæ чызг æмæ дæ лæппу дæр æрбацыдысты...

Зæронд лæг уаты къуымтыл йæ цæстæнгас ахаста æмæ лæппуйы бурдзалыг чызгимæ дуаргæрон лæугæ ауыдта. «Кæд фын уынын!» – загъта йæхинымæр. Йæ «хъæбултæ» йæм бахудтысты. Чызджы къухы – адджын доны авг, лæппуйы къухы – апельсинтæ, ноджы йæ цонгыл –сызгъæрин сахат...

Зæронд лæг æй йæ булавкæйы тыххæй афæрсинаг уыд, фæлæ фефсæрмы, йæ зæрдæ æнхъызæнау сфæлмæн æмæ йæ цæссыгтæ нал баурæдта...

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

## АРГЪÆУТТÆ

### ÆНГУЫРСТУАН

Раджыма-раджы царди ‘мæ уыди лæг æмæ ус. Уыди сын дыууæ чызджы; хистæр чызг – сидзæр, дыккаг та – фыдыусы чызг.

Фыдыус æппындæр нæ уарзта лæджы чызджы, йæ мойæн рагæй дзуры, фесаф æй, зæгъгæ. Æмæ ма куыд нæ! Сидзæр чызг уыди рæсугъд, хæрзконд, алцæмæ арæхстджын, зонджын. Фыдыусы чызг та æнæбаст куырисау, фыдуынд, æнæарæхст, къулбадæг.

Мад уыдта, адæмы каст сидзæр чызгмæ кæй у.

Иу бон, лæг сæхимæ куы нæ уыд, уæд скодта чысыл, тынг чысыл доныфых хъæбынтæ. Иуы мидæг цæвæрдта æнгуырстуан. Уыцы гуыл нывæрдта бæлвырд тæбæгъы.

Ус афтæ дзуры:

– Чызджытæ, цæй-ма, гуыл ныхъуырынтæй ахъазæм. Чи нæ фылдæр гуылтæ аныхъуырид кæддæра?

Æртæ тæбæгъы æрæвæрдта фынгыл. Фыдбылызы гуыл – чызджы тæбæгъы. Мад æмæ чызг зыдæй февнæлдтой хæрынмæ. Сидзæр чызг, мæгуыр, йæ тæбæгъ нæма фæкъахыр кодта, афтæ гуыл йæ хъуыры фæбадт. Адыдагъ бандоныл. Мад æмæ йæм чызг фæлæбурдтой, уæлмæрдтæм æй сдавтой, аныгæдтой йæ кæронæй.

Уæлмæрдмæ хæстæг царди къулыбадæг ус. Æппæтдæр федта æмæ зыдта. Куыддæр фыдгæнджытæ рацыдысты, афтæ ус чызджы ракъахта, сæхимæ йæ æрхаста.

Раст уыцы рæстæг хъæуыл айхъуыст: «Паддзахы фырт йæ балцæй ссæуы, йæ фæндаг ацы хъæуыл кæны».

Къулыбадæг ус уый куы айхъуыста, уæд чызджы дариты сфæлыста, хурбадæнмæ йæ радавта. Куыд нæ фæцуда, афтæ йæ сарæзта, йæ къухы йын хуыйæндаг бакодта, цыма хæрдгæ-хуыдтæ кодта, уыйау. Йæхæдæг йæ размæ сбадт.

Паддзахы фырт йæ фæсдзæуинтимæ сæ рæзты куы фæцæй-цыд, уæд ауыдта чызджы. Йæ бæхæй æргæпп кодта, йæ фæсдзæ-уинтæм афтæ дзуры:

– Бирæ бæстæты фæхаттæн, бирæ чызджытæ федтон, фæлæ ацы чызджы рæсугъдæн нæ федтон чызг. Мемæ йæ хонын.

Къулыбадæг ус йæ размæ рауад, йæ сæрæй ныллæг акуывта æмæ афтæ загъы:

– Нæ кадджын паддзахы бындар! Мæ чызг нырма æрыгон у, куы не суа дæу аккаг.

Паддзахы фырт афтæ загъы:

– Бахатыр кæн, нæ мады хай, фæлæ дæ чызджы нæ ныууадз-дзынæн.

Уæд ын ус афтæ загъы:

– Хорз, разы дæн дæ фæндоныл, æрмæст иу дзырдæй: мæхи дæр мын ахон йемæ. Истытæ йын ацамонон фыццаг бонты. Гъе стæй – уæ амонд æмæ уæхæдæг.

Паддзахы бындар ницы ныхмæ загъта, йæ бæхыл абадт.

Сызгъæрин къарет хæстæг бацыди хурбадæнмæ. Ус арæхст-гай рахуыдта чызджы, сбадын æй кодта къареты. Афардæг сты паддзахы хæдзармæ. Цалдæр бæхджыны разæй аивгъуыдтой, хабархæсджытæ. Сæ бацыдмæ чындзæхсæв йæ тæккæ цыренил уыди. Къарет æрлæууыди дуармæ. Рахызтысты къулыбадæг ус æмæ чызг. Чызг ахæм рæсугъд уыди, æмæ адæм сæ фыр дисæй дзыххæлиуæй баззадысты.

Чызджы йæ уаты къуымы слæууын кодта. Ус йæ размæ æрбадт.

Æризæр. Чындзæхсæвы дзолгъо кæртæй нал хъуыст. Æрталынг.

Къулыбадæг ус чызджы æргом къулмæ сарæзта, йæхæдæг къулæмбæрзæны фæстæ бамбæхст.

Паддзахы фырт бацыд уатмæ. Кæсы, æмæ чызг къулырдæм, афтæмæй лæууы. Дзуры йæм рæвдаугæ хъæлæсæй:

– Раздах мæм дæхи, æфсæрмы ма кæн.

Чызг къæрттæй цъула нæ кæны. Æгæр-æгæр æм куы дзырдта, уæд рамæсты, æз куыдз дæн, æви мæ цæуылнæ хъуыды кæныс, загъгæ, æмæ чызгæн йæ фæсонтæ мæсты хафт ныккодта. Чызджы хъæлæсæй æнгуырстуан схаудта, йæ дзыгъал-мыгъул пъолыл ссыди. Чызг сулæ-фыд, йæ уазал хид фемæхст йæ ныхæй, йæ тæнуадултæй. Фæцæй-хауд æмæ йæм ус фæлæбурдта. Лæппу фыр дисæй фæгуыбыр кодта. Пъолыл агуры, цы дзыгъал-мыгъул уыди уый, загъгæ. Æнгуырстуан фелвæста сынтæджы бынæй, йæ къухы йæ дары.

Чызг йæ цæст ахаста уаты къуымты. Ауыдта æнæзонгæ ус æмæ лæппуйы æмæ афтæ зæгъы:

– Кæм дæн? Кæм ис дада?

Ус æй сабыртæ кæны. Лæппу йын дон адардта. Сынтæджы йæ æрæвæрдта. Йæ уд йе ʻмуд куы ʻрцыдис, уæд æй ус афтæ фæрсы:

– Радзур-ма, куыд уыди абон, цы ми кодтай?

Чызг радзырдта, доныфых хъæбынтæ куыд ныхъуырдтой, уый ма кæй хъуыды кæны, стæй ницыуал бамбæрста.

Къулыбадæг ус та афтæ радзырдта:

– Æз федтон, фыдыус æмæ йæ чызг æй куыд анығæдтой, уый. Æрхастон æй нæхимæ. Ахæм куыст ын уымæн бакодтон, æмæ зыдтон, йæ хъуыры æнгуырстуан кæй ис æмæ уый уарзон лæппуйы къухы цæфæй кæй схаудтаид. Ныр та, мæ хур, бар уæхи, фæнды уæ – цæрут. Чызг – хорз чызг, кæд мæгуыр, сидзæр у, уæддæр. Кæд дæ нæ фæнды, уæд æй ахондзынæн.

Паддзахы фырт афтæ зæгъы:

– Ацы чызг мæн у! Ничи йæ акæндзæн мæ хæдзарæй. Кæд дæу дæр фæнды, уæд немæ цæр, бар дын ис!

Ус афтæ зæгъы:

– Бузныг! Мæхи къæс мæм хуыздæр кæсы.

Паддзахы фырт фондз бæхджыны æмæ иу æнæифтыгъд бæхимæ араст зæронд лæджы хæдзармæ.

Адæм куы ауыдтой, паддзахы фырт фондз барæгимæ зæронд лæджы хæдзары раз æрлæууыд, уæд æрæмбырд сты. Хæдзарæй рауади зæронд лæг.

Бæхджынтæ æргæппытæ кодтой сæ бæхтæй, зæронд лæгæн ныллæг акуывтой. Адæм дисæй мардысты: «Кæс-ма, кæс, паддзахы фырт йæхæдæг кувы зæрондæн».

Паддзахы фырт афтæ дзуры йæ фæсдзæуинтæм:

– Ракæнут усы!

Бауадысты мидæмæ, радавтой фыдыусы. Паддзахы фырт радзырдта хабар сæрæй кæронмæ. Усы бæхы къæдзилмæ бабастой йæ дзыккутæй. Зæронд лæджы семæ акодтой. Фыдыусы чызджы ныууагътой кæугæ æмæ ниугæ.

Фыдыусы æнæифтыгъд бæх фæралас-балас кодта хъæдтæ æмæ дуртыл. Баззади ма дзы æртхутæгтæ.

Афтæ фæзæгъынц: зымæгон хур бон мит куы ферттивы, уæд, дам, уый уыцы усы æртхутæг вæййы.

# ÆХСÆРЫ КЪÆЦÆЛ ÆМÆ КАЛМЫ БÆЛАС

Цардис фыд æмæ фырт. Фыд базæронд, æруатон, базыдта, бирæ цæрæнбон ын кæй нал ис, уый. Уæд иуахæмы фæдзырдта йæ фыртмæ æмæ йын загъта:

– Æз мæ царды хорздзинадмæ нал æнхъæлмæ кæсын, мæ цæрæнбонтæ æрцыбыр сты, цæуын ме 'цæг бæстæмæ. Мæ фæстæ хæдзар дарын æрæнцайдзæн де уæхсчытыл. Фæлæ дæ мулк, фæллойцухæй нæ уадзын. Æрмæст цард иухуызон нæ хæссы. Цы вæййы, куыд вæййы, куы фæтыхсай, куы фæмæгуыр уай, уæд мын иу æрдхорд цæры сыхаг хъæуы, æмæ йæм-иу фæцу. Уый дын бацамондзæн, дарддæр дæ куыд цæрын хъæуы, цæмæй дæ тыхстдзинæдтæй, дæ мæгуыр цардæй фервæзай, уый тыххæй.

Фыд амарди. Лæппу баззад йæ бинойнагимæ. Бирæ азтæ нæ рацыд йæ фыды амарды фæстæ. Фæлæ цард тæбæгъы донæй уæлдай нæу – чердæм фæкъул уыдзæн, уый бæрæг нæй.

Уæд иуахæмы фæтыхстис, фæмæгуыр. Уыцы рæстæджы йæ зæрдыл æрбалæууыд йæ фыды фæдзæхст, сыхаг хъæуы йын æрдхорд кæй уыдис, уый, æмæ йæ бацагуырдта.

Йæ фыды æрдхорд ыл тынг бацин кодта. Лæппу йын йæ хабæрттæ фæкодта. Уæд ын йæ фыды æрдхорд загъта:

– Ацу, æмæ-иу дæ фæндагыл цы ссарай, уый демæ ахæсс. Стæй ма дын фæдзæхсын: ацы ныхæстæ куыд никæмæн зæгъай, афтæ, дæ бинойнагæн дæр æй ма схъæр кæнай!

Лæппу йын уый тыххæй дзырд радта æмæ йын хæрзбон загъта.

Цæуы сæхимæ йæ фæндаг-фæндаг. Уæд сæмбæлд æхсæры къæцæлыл, систа йæ йæ къухмæ, йæ фæндаг дарддæр дары. Æмæ та кæсы æмæ – калмы мард. Систа йæ æхсæры къæцæлыл æмæ сæ тилгæ хæссы. Бахæццæ йæ хæдзары дуармæ. Æркæстытæ кодта æхсæры къæцæл æмæ калмы мардмæ. Уæд загъта, адон мын мæ цардæн цы феххуыс уыдзысты, æмæ сæ баппæрста йæ цæхæрадоны къуыммæ.

Дыккаг бон кæсы: æхсæры къæцæл æмæ калмы мард кæдæм баппæрста, уым диссаджы рæсугъд бæлас æрзадис. Афтæ рæсугъд уыд, æмæ йæ аивдзинадмæ лæг кæсынæй не 'фсæсти. Бæласы æнахуыр рæсугъды кой айхъуыст æнæхъæн комбæсты, сыхаг кæмттыл дæр. Цыдысты йæм уынæг цымыдисæй.

Лæппу хæснаг кодта æрбацæуджытимæ. Цæвиттон, чи йæ базона, цы бæласы мыггаг у, уымæн-иу стыр хæснаг ныббаста. Фæлæ-иу æй ничи базыдта æмæ та-иу фембылд сты. Хæснаг таиу рамбылдта лæппу, бæласы хицау. Хъæдты дæр-иу фæзылдысты ахæм бæлас агурæг, къалиутæ дæр-иу æрхастой æд сыфтæртæ, фæлæ уыцы бæласимæ нæ иу кодтой, нæ хæццæ кодтой.

Цард цыди, фарн йемæ хаста. Уыцы хæснæгтæй кæй æмбылдта, уыдонæй лæг хъæздыгдæр фæцис. Уыцы рæстæджы цымыдис цæуджытæй иу тынг фембылд ис. Йæ фæллойы фылдæр хай лæппуйы баисты. Тынг мæт кодта йæ фæллойы сæфтыл æмæ сфæнд кодта цыфæндыйæ дæр лæппуйы усимæ балымæн кæнын. Фæстагмæ уый йæ къухы бафтыдис. Йе 'взаг æм аскъæрдта. Зынаргъ лæвæрттæ йын кæны, аивæй йемæ фембæлы. Фæстагмæ йын ской кодта, уæ цæхæрадоны цы рæсугъд бæлас зайы, уый цы хуыйны, зæгъгæ. Ус уый тыххæй ницы зыдта, фарста-иу йæ лæджы, фæлæ йын æй хъæр нæ кодта æмæ йæ ныхъхъуытты уагъта. Ныр æй йæ лымæн хæзгул куы бафарста ацы бæласы тыххæй, уæд йæ лæджы зæрдиагдæрæй фæрсы, нæ бæлас цавæр у æмæ цы хуыйны, уымæй. Æппынфæстаг ын æй схуыдта цавæрдæр бæласы мыггаг. Ус дыккаг бон фехъусын кодта йæ лымæнæн бæласы «ном».

Усы лымæн æрбацыд уыцы номимæ рамбулынæнхъæл, фæлæ та фембылды ис. Базыдта, лæг усæн барæй кæй нæ хъæр кæны бæласы æцæг ном æмæ усæн загъта:

– Уый бæласы æцæг ном нæу. Ау, дæ лæгыл дæ бон нæ цæуы? Бавдæл æмæ тæргæйттæ кæн, хæдзар æвæгæсæгæй æдзæллагмæ цæудзæни. Лæг дын уæд лæгъстæмæ фæуыдзæн æмæ дын æй æппынфæстаг зæгъдзæн. Æрмæстдæр уыцы ном æз дæ лæджы дзыхæй мæхи хъустæй куыд фехъусон, афтæ. Уый тыххæй та бакæн афтæ: цы 'хсæв дын æй зæгъынмæ хъава, уæд мæнæн фехъусын кæн. Мæн бамбæхс ахæм ран, уæ ныхас мæм куыд хъуыса.

Ус æцæгдæр афтæ бакодта, хæдзармæ йæ хъус нал дардта, тæргæйттæ кодта, йæ цæгатмæ-иу афардæг. Иу дзырдæй, мыдыкъусы хуызæн хæдзар æвæгæсæгæй æдзæллагмæ цыд. Лæгæн дзырдта:

– Цæй цардæмбал дын дæн æз! Ныр фынддæс азы цæрæм иумæ, æмæ мын дæ зæрдиаг ныхас никуы ракодтай, дæ хæдзары дæллаг галау, хæрæгау кусын, афтæмæй. Æгæрыстæмæй дæ нæ бæласы номæй фæрсын, æмæ мын уый дæр никуы схъæр кодтай.

Лæг хæдзары æдзæллагдзинадмæ кæсын куы нал фæрæзта, уæд ын фæстагмæ лæгъстæмæ фæцис. Уæддæр нывæрзæн здахаг у. Æмæ йын ныфс бавæрдта, æртæ боны фæстæ йын æй кæй зæгъдзæни. Бæрæг уыд, кæцы изæр уыдзæн, уый. Ус дыккаг бон фехъусын кодта йæ лымæнæн нысангонд изæр. Лæг сусæгæй сæмбæлд уыцы бон, æмæ йæ ус бамбæхста, сæ ныхас æм куыд хъуыстаид, ахæм ран.

Баизæр. Фæсахсæвæр лæг раздæр схуыссыдис, уый фæстæ ус йæ лæджы фарсмæ йæхи æруагъта. Цинтæ йыл кæны, рæвдауы йæ, цыма йæ рагæй нал федта. Æрфæлмæн æй кодта. Стæй æрæджиау загъта:

– Зæгъ мын æй, цавæр бæлас у æцæгæй, уый!

Уæд ын æй лæг æппынæрæджиау схъæр кодта:

– Уыцы бæлас у, мæ бæлон, æхсæры къæцæл æмæ калмы бæлас.

– Хъæрдæрæй ма йæ зæгъ, – сдзырдта ус, – нæ дæ æмбарын.

Лæг æй дыккаг хатт загъта хъæрдæрæй.

– Гъер æрцæр! – загъта лæг. – Æндæр ма мæ исты агурыс!?

– Ницы, мæ къона, – дзуапп радта ус æмæ йæ лæджы æрбахъæбыс кодта. Усы лымæн бамбæрста æххæстæй лæджы ныхæстæ æмæ аивæй, æнæ сыппæй дуары æдде фæцис æмæ йæ хæдзармæ афардæг.

Æртыккаг бон æрбацыди хæснаг кæнынмæ, стыр хæснаг та скодта. Уæд ын хæснаггæнæг, йæ усы лымæн, загъта:

– Кæд æз хæснаг рамбулон, уæд баныхас кæнæм, æз æртæ хатты мæ къух дæ хæдзары цæуыл æрæвæрон, уыдон мæн, – æмæ дзуры дарддæр, – ныр та дын зæгъын: дæ бæлас у æхсæры къæцæл æмæ калмы бæлас.

Лæг фæджих ис, хорзæгау нал фæцис.

Амбылдтай, зæгъгæ, загъта æмæ йын скодта æртæ боны æмгъуыд. Бамбæрста хæдзары хицау, йæ хабар хорз кæй нæу, уый. Дис кодта йæхинымæр: чи йын æй загътаид? Мæт кодта, йæ фæллой, йæ хъæздыгдзинæдтæ йæ къухæй кæй хаудзысты. Уæд та йæ зæрдыл æрбалæууыд йæ фыды æрдхорд. Дыккаг хатт æм фæцыдис æмæ та йын йæ царды хабæрттæ радзырдта, йæ бæлас ын кæй базыдтой æмæ æмбылды кæй кæны, уый. Фыды æрдхорд бамбæрста: «Ай мæ ныхас кæмæндæр загъта». Æмæ йын афтæ:

– Æнхъæлдæн, ме 'рдхорды лæппу, мæ фæдзæхст мын нæ

сæххæст кодтай, мæ ныхæстæ кæмæндæр загътай.

Лæппу ныхъхъус и, зæхмæ кæсгæйæ, бамбæрста, кæй фæрæдыд, йæ усæн йæ ныхас кæй загъта, уымæй. Дарддæр æй йæ фыды æрдхорд фæрсы:

– Цы ‘рцыдис, уый æрцыд, фæлæ ма мын зæгъ: дæ хæснаг, дæу чи рамбылдта, уыимæ цæуыл у?

Лæппу йын загъта:

– Æртæ хатты йæ къух цæуыл авæра мæ хæдзары, уыдон уыдзысты уый.

Фыды æрдхорд ахъуыды кодта æмæ йын уæд афтæ бацамыдта:

– Уæдæ бавдæл æмæ дæ асинтæ ракал æмæ сæ фæстæмæ скæн, самай сæ афтæ, лæг дзы æнæ æрæнцойгæнгæйæ, æнæ къух æвæргæйæ куыд нæ схиза.

Лæппу уыцы хъуыдыйыл сразы. Арфæ ракодта йæ фыды æрдхордæн, хæрзбон ын загъта æмæ йæ хæдзармæ æрцыд. Йæ фыды æрдхорд ын куыд бацамыдта, афтæ йæ асинтæ ракалдта æмæ сæ сарæзта, куыд ын загъта, афтæ.

Рамбулæг лæг йе ‘мгъуыды бон æрцыд æмæ фæзынди лæппуйы дуармæ. Йæхимидæг хъуыды кодта: йæ хæдзарыл, йæ усыл æмæ йын йæ хæзнаты чырыныл мæ къух æрæвæрдзынæн.

Уæд бахызти кæртмæ, бадзырдта лæппумæ. Чысыл фæстæдæр æм уый дæр дыккаг уæладзыгæй ракаст, йæ сины сæртыл хæцгæйæ.

– Дæ бон хорз! – загъта æрбацæуæг.

– Æгас цу!

Уæд æм рамбулæг дзуры:

– Мæ хæснагмæ æрбацыдтæн ме ‘мгъуыдмæ, куыд дзырд уыдыстæм, афтæ.

– Æгайтма сæмбæлдтæ! – æрдзырдта йæм лæппу. – Рахиз уæлæмæ, æз мæ ныхасæн хицау дæн, мæ дзырд нæ сайын.

Рамбулæг бацыд асинтæм. Иу асиныл (къæпхæныл) йæ къух æрæвæрдта æмæ схызти, фæхизы цыппæрæм асинмæ дæр. Фæлæ йыл йæ къух куы æрцæйæвæрдта, уæд æм лæппу æрхъæр кодта:

– Æгъгъæд, хорз лæг! Æртæ хатты къухæрæвæрдыл уыдыстæм ныхас.

Уæд æм рамбулæг уæлæмæ сдзырдта:

– Ау, уый та куыд? Нырма мæ къух куы ницæуыл æрæвæрдтон дæ хæдзары?

Уæд æм хæдзары хицау дæлæмæ дзуры:

– Уый та куыд зæгъыс? Ау, куыд нæ æрæвæрдтай? Асинтæ мæ хæдзары асинтæ не сты? Æртæ асины къахы раппар æмæ сæ ахæсс!

Рамбулæг ма йæм хæлиудзыхæй скасти, фæлæ ницы сдзырдта. Базыдта йæ рæдыд. Кæцæй ма раппæрстаид асины къæхтæ, цæмæн æй хъуыдысты, æмæ афтидæй йæ хæдзармæ афардæг.

Лæппу баздæхти хæдзармæ. Æфсæн бел сырхзынг скодта æмæ фæдзырдта йæ усмæ. Æрцахста йæ, цæджындзмæ йæ ныббæстытæ кодта. Ус хъæр кæны, æрдиаг кæны:

– Цы мын кæныс, цы дын кодтон, цæуыл мæ марыс!

– Фендзынæ йæ ныртæккæ, дзæгъæлдзых ус-бирæгъ, мæ сусæг ныхæстæ мын адæмæн куыд хъæр кæнын хъæуы, уый!

Лæг ын йæ буар сыгæмттæ, сбæгънæджытæ кодта æмæ йын йе ‘рбадæнтæ, йæ фæрстæ тæвд æфсæн белæй судзы. Ус æрдиаг кæны, арвмæ асинтæ æвæры:

– Ницы загътон, ницы уыдтæн. Ныууадз мæ!

– Ау, куыд нæ уыдтæ! Уæдæ чи уыдис дæу йеддæмæ!?

Ус исдугмæ нæ састи, ныр лæгъстæмæ фæци:

– Ныууадз мæ, фæрæдыдтæн! Никуыуал дын зæгъдзынæн дæ ныхæстæ, мæ тæригъæд фæхæсс!

– У, æнаккаг! Сымахæн тæригъæд кæнын нæ хъæуы, æууæнк уыл нæй!

Лæг ма йæ уæддæр сыгъта тæвд белæй: хъæуы ма дæ – нал. Стæй йæ уæд ныхъхъуытты уагъта. Ус ма хъæр кодта, мæ тæригъæд дæ уыдзæн, зæгъгæ. Лæгæн та дзырд радта, куыд никуыуал схъæр кæндзæн йæ сусæг, зæрдиаг ныхæстæ. Афтæмæй та баззадысты цæргæйæ. Фæлæ лæг уæдæй фæстæмæ йæ бинойнагмæ каст æндæр цæстæй.

Афтæ сты фыдæлты таурæгътæ. Хатт ахæм хъуыддæгтæ вæййы лæг æмæ усы ‘хсæн.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты – номдзыд нывгæнæг*
***Гасситы Хсары** куыстытæ.*

*Гасситы Хсары сфæлдыстадон тых æмæ гармони нæм разындысты æххæстæй. Фæлæ нывгæнæджы уд раздæрау баззади сабийау цардцыбæл æмæ æнæхинæй – дис æмæ табу кæны дунейы сусæгтæн, æмбисонды нывтæн. Уый иудадзыг у ныфсхаст, йемыдзаг у рухсæй, æвæлмæцгæйæ цæуы фæндагыл.*

***Витали Пацюков***

*Гасситы Хсарæн дæр Бетховенау йæ бон у зæгъын: «Цард у трагеди. Æгас цæуæд цард!» Æмæ йын уый аразгæ ныхас нæ уаид. Суанг ын йæ бинонты царды æвирхъау уавæртæ чи нæ зоны (йæ фыды йын большевикон сæркъуыртæ амардтой 1938 азы, йæ мады та йын ахæстоны бакодтой, лæппуйæн йæхиуыл сбадти адæмы знаджы ном. – Ред.), уый дæр бафиппайдзæн, йæ аивад царддых æмæ ныфсдæттæг кæй у, уый.*

***Вильям Мейланд***



*Мад.*



*Ветеран.*



*Бибо.*



*Чындздзон чызг.*



*Зымæг.*



*Хæрæг.*

Зæрингуырдтæ.





Изæрмилтæ.



*Нана рудзынджы цур.*



*Бонрæфты.*



*Æхсæв Ручъы.*



*Никъо æмæ Маргаритæ.*




*Хъахъхъӕнӕг зӕд.*




*Къамбецтӕ.*



*Бирæгътæ.*



*Армукъамæ.*



*Фæтæген уæйгæнæг.*



*Тæрккъæвдайы размæ.*

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

# ТЛАТТЫ ХОХ

*(1880–1932)*

*Тлатты Данелы фырт Елмæрза (Хох у йæ литературон фæсномыг-псевдоним) райгуырдис Æрыдоны 1880 азы 17 октябры. Данел уыд иттæг гæрзарм лæг: хъæдæрмæгæй арæзта алы мигæнæнтæ, хæдзары дзауматæ...*

*Хох ахуыр кодта сæ хъæуы райдиан скъолайы, стæй та Æрыдоны семинары. Дины чингуытæй уæлдай тынг зæрдæргъæвдæй касти философон, публицистон æмæ аивады тыххæй фыст уацмыстæ. Уый фæрцы йæ дунембарынад зынгæ фæхъæздыгдæр.*

*Иу афæдзы бæрц ахуыргæнæгæй бакуыста Зæронд Бæтæхъойыхъæуы. Скъолатæм цæстдарæг инспектор æй иуахæмы ахуырдзаутæн революцион гимн «Марсельезæ» амонгæйæ баййæфта. Æвæстиатæй йæ феддæдуар кодтой.*

*1905 азы Хох сси Дерпты университеты юридикон факультеты студент. Ам базонгæ Гæдиаты Цомахъимæ. Литературæйы йæ хъарутæ ‘взарын дæр уæд райдыдта.*

*Æвадат уавæрты кæд цард, уæддæр 1910 азы йæ ахуыр кæронмæ ахæццæ кодта æмæ горæт Семипалатинскы æвдакатæй кусын райдыдта. Раст ын уæд Коцойты Арсен журнал «Æфсир»-ы ныммыхуыр кодта йæ новеллæ «Кæмæ æнхъæлмæ касти Нæртон Рæсугъд». Афæдзы фæстæ та Дзæуджыхъæуы хицæн чиныгæй рухс федта йæ мифон радзырд «Фын».*

*Æвдакатæй кусгæйæ рохуаты нæ уагъта сфæлдыстад дæр, суанг ма дунеон литературæйæ дæр тæлмац кодта, фæлæ 1918 азы йæ фатерыл арт схæцыд, æмæ уый амæддаг баисты йæ бирæ тухитæ, уыдонимæ Александр Дюмайы роман «Æртæ мушкетеры» тæлмац дæр.*

*1926 азы Тлатты-фырт сыздæхт йæ райгуырæн Ирмæ. Раздæр уыд хуымæтæг æвдакат, стæй сси æвдакатты коллегийы сæрдар. Уæдмæ йыл æртæфстысты йæ уæззау царды уавæртæ, рæуджыты низæй æрсад æмæ 1932 азы 13 июлы амарди.*

*Кæд, Тлатты Хох йæ радзырды цы царды æууæлты тыххæй фыссы, уыдон æцæг дæр мыггагмæйы фантастикæ æмæ утописты, дзæгъæл сæнттæ, уæд та-иу рæстæгæй-рæстæгмæ зæрдæрисгæйæ исчи зæгъдзæн: «Мæ бæстæй, мæ адæмæй // Мæ зæрдæ нæ кæны рухс».*

# ФЫН

*Кæсын, Сæрæби, алырдæм дунемæ,*
*Мæ бæстæй, мæ адæмæй*
*Мæ зæрдæ нæ кæны рухс.*
*Цы цæрын, уый цæрын æрмæст мæ фыны.*
*Фæлæ фынтыл дæр æууæнк нæй –*
*Уайтагъд та фехъал вæййын.*

Æфсæст, æнæмæт адæймаг фын нæ уыны. Фынтæ мæгуыр, æххормаг, мæт бирæ кæй ис, уый уыны. Цы хуызæн фын нæ федтон æмæ цы хуызæн фынтæ нæ уынын, фæлæ уæддæр ныры фынæй диссагдæр никуы федтон. Ныронг цы фæцардтæн, уый мæм мæ фыны раз ницы кæсы...

Æдзух æххормаг, мæтгæнаг кæй дæн, уый мын цавæрдæр тых бамбæрста, æвæццæгæн, æмæ сфæнд кодта мæн бафсадын, мæ мæт, мæ сагъæстæ фесафын...

Айфыццаг та мыл фыд заман скодта... Цыма мыл искуы хуыздæр заман уыди! Дыууæ боны, хæринаг цы ад кæны, уый нæ базыдтон... Цыма иннæ бонты æфсæст вæййын! Хуысгæ ма куыд кодтон, афтæ мын райсомæй мæ дуар æххуырст чызг æрбахоста, дуар, зæгъы, бакæн, самовар цæттæ у. «Æнæрай скæн дæ самоварæй, кæд дзы цы кæнын дæ хъарм донæй, ай мæм куы нæ цайгæрдæг, сæкæр, дзул ис, уæд!» – загътон хъæрæй, мæстыйæ. Цы загътон, уый мын цæмæй æмбæрста хуырым уырыссаг чызг. Цы гæнæн уыди, бакодтон дуар, æрбахаста самовар, стъолыл æй æрæвæрдта æмæ ацыди. Ницыуал мæ хъæуы ныр, дæ самовары хорзæх мæ куы уа, уæд, зæгъгæ, дуар ныггуыпп кодтон йæ фæстæ. Рудзынгæмбæрзæн райгом кодтон æддæмæ акæсыны тыххæй. Диссаджы рæсугъд райсом уыди: хур мæ рудзынгмæ йæхи саразта; цæмæн æй бахъуыдтæн, йæ рухс тынтæй мæ бафсадынмæ хъавыди – нæ зонын. Цъиутæ алырдыгæй уасыдысты. Адæм дыууæрдæм хъæлдзæгæй рауайбауай кодтой: чи цыди базармæ, чи базарæй; иу дзырдæй, алчи йæ сихоры кой кодта. Мæнау исчи уыди! Мæ бон нал уыд уынгмæ, адæммæ кæсын æмæ мæ рудзынг фæстæмæ бамбæрзтон. Мæхи цæхсадтон, мæ дзауматæ скодтон... Дзаума та кæм уыди, фæлæ мын уæддæр дзаумайы хуызæн цыдæртæ уыди. Æрбадтæн стъолы раз иу-дыууæ ныхасы бакæсыны тыххæй. Сыдæй мæлгæ кодтон, уæддæр ма мæ мæ экзамены мæт уыди.

Мæ самовар афтæ пæртт-пæртт кодта, æмæ дзы мæхицæн старстæн, ныртæккæ ме 'ккоймæ куы æрбагæпп кæна, уымæй. Цай цымгæ нæ кодтон, афтæмæй йæ дзæгъæлы хъизæмарæй мардтон алы изæр, алы райсом.

Кæсын чиныджы, æмæ цы? Иу ныхас мæ сæрмæ нæ цæуы. Дзырды кæронмæ нæма ахæццæ вæййын, афтæ мæ мæ ахсæн сриуыгъы: «Афтид голлаг хъен нæ лæууы», – банцай! Мæ фырмæстæй, мæ фыртыхстæй афтæ ныццавтон мæ чиныг дуарыл, æмæ цъаргай ныххæлиу ис уаты. Аннæрдыгæй мæ самовар: цыма барæй нал æнцади йæ пæртт-пæрттæй, цыма мæ мæстæй мардта, уыйау мæм кæсын байдыдта. Фæхæцыдтæн ыл, зæххыл æй нытътъæпп кæнон куыд загътон, афтæ ахъуыды кодтон: «Ай мæхи куы сафын. Кæйдæр дзаума ныммур кæн, стæй йæ уæд фид». Ныууагътон æй.

Мæ тыхстæй мæ цæстытæ доны разылдысты. Æрбадтæн та. Алы хъуыдытæй мæ сæр байдзаг ис...

Хъуыды кæнын байдыдтон мæ мæгуырдзинады тыххæй. «Тынг хорз уаид, æппындæр бон куы нæ кæнид, уæд æдзухдæр æхсæв уаид, æмæ хуысс æмæ хуысс, ма дæ хæринаджы мæт уæд, ма æндæр», – загътон мæхинымæр.

Мæ хъуыдытæ мæ мæ Иры бæсты балæууыын кодтой. Цæмæн дæн ахæм фыдраны, афтæ 'намонд? Гъеныр мæ бæсты адæм хъæздыг куы уаиккой, уæд æз ам ахуыр кæнынмæ кæдæм рацыдтæн? Сыдæй мæлин искæй бæсты? Ахæм уынгæг ран уымæн дæн, æмæ мæ бæстæ, кæцæй рацыдтæн, уый мæгуыр, æнамонд у, – дзуапп радтон мæхицæн. Æмæ цæмæн стæм мæгуыр, æнамонд? Искæй аххос нын у, æви нæхи аххос? «Æз дæн мæгуыр, иунæг, æнамонд уый тыххæй, æмæ райгуырдтæн чысыл, армыдзаг адæмы 'хсæн.

Мæ зæрдыл æрлæууыд стыр зонджын грекъаг Демокриты ныхас. Демокрит загъта: «Ницыйæ æппындæр ницы рацæудзæн». Ницы ницы кæй у, ницыйæ исты кæй нæ рацæудзæн, ницы кæддæриддæр ницæмæй кæй баззайдзæн, уый раст у! Ау... æмæ... æз... мах... ирон адæм ницы стæм? Ахæм хъуыдытимæ æмæ сагъæстимæ æнæнхъæлгæйæ ме стъолы цур бафынæй дæн.

Мæ фыны мæм цавæрдæр тых фæзынди. Адæймаг уыд, маргъ, сырд, уымæн ницыуал зонын. Куы йæ бафарстон: «Цавæр дæ, цы дæ, кæдæм мæ хоныс?», уæд мын загъта: «Æз дæн Дунейы Тых; цом, æз дæ дæ бæстæм фæхæццæ кæнон, кæд дæ дæ мæгуыр-

дзинад, дæ сагъæстæ, де ‘ххормаджы хъарæг ферох уаиккой».

– Цыдæриддæр дæ, цæуын дæ фæстæ, стыр бузныг дæ уыдзынæн, ацы зындоны цардæй мæ куы фервæзын кæнай, уæд. Фæлæ дын зæгъын: фæндаггагæн мæм ницы ис, æгæр мæгуыр, кæрдзыны къæбæры джиранка цæмæй балхæнон, уый мæм куы нæ ис, уæд ардыгæй уырдæмы фаг мæнмæ кæм ис, – зæгъгæ, дзуапп радтон Дунейы Тыхæн.

– Æхца дæм куы уаид, уæд уаис æфсæст, дæ чиныджы кой йеддæмæ дæ æндæр мæт нæ уаид, – загъта Дунейы Тых æмæ мын мæ къухтыл рахæцыди. Ракодта мæ горæты кæронмæ.

Горæты кæрон, быдыры лæгъзы лæууыди стыр науы хуызæн.

– Уыныс, мæнæ нæ уæрдон, – фæхудгæйæ загъта Дунейы Тых. – Нæ уæрдоны ном у аэроплан, кæнæ тæхгæ машинæ; сбаддзыстæм уым, сисдзæн нæ бæрзонд, арвæй зæххы ‘хсæн цæргæсау тæхдзыстæм æмæ схæццæ уыдзыстæм цæстыфæныкъуылдмæ дæ бæстæм.

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, бацыдыстæм тæхгæ машинæйы хуылфмæ, сбадын мæ кодта дзæбæх...

– Гъе ныр раст кæнæм, – зæгъгæ мæм дзуры Дунейы Тых. Кърант иуырдæм фездыхта, æмæ аэроплан йæхи уæлæмæ систа. Уæлæмæ-уæлæмæ цæуæм, фæлæ мæнæн мæ уд мæ мидæг нал уыд. Фыртæссæй мæ зыр-зыр цыди.

– Цы кæныс? Цæмæй тæрсыс? Дæ хъæздыгдзинад, дæ бынтæ зæххыл, мыййаг, куы нæ баззадысты. Цæуыл æмæ кæуыл мæт кæныс, мæтгæнæг дыл куы нæ ис, уæд? – тызмæггомау мын загъта ме ‘мбал Дунейы Тых. Афтæ бæрзонд тахти нæ аэроплан, æмæ мæм зæхх чысыл къорийы йас йеддæмæ нал зынди. Афтæ тагъд тахтыстæм, æмæ нæ зыдтон, иу ран лæууын, размæ, фæстæмæ цæуын, уый.

– Гъеныр схæццæ стæм, – дзуры мæм ме ‘мбал.

Аэроплан размæ нал, фæлæ бынмæ йæхи сындæггай æруагъта. Æппын ницы базыдтон, кæдæм схæццæ дæн, уымæн.

– Дæлæ уыныс стыр арты хуызæн алырдыгæй? Уый у дæ бæсты хъæутæй иу, сæ тæккæ стырдæр. Уым ахсæв бафысым кæндзыстæм. Хъæуы ном фыццаг заманы хуынди нæртон тыхджын Созырыхъойы хъæу, фæлæ йын ныр æндæр ном ис, – радзырдта мын афтæ ме ‘мбал Дунейы Тых.

– Æмæ цæй рухс у уый? Сыгъд у æви цы? – дис кæнгæйæ, бафарстон ме ‘мбалы.

– Сыгъд нæу, фæлæ электрон цырæгъты рухс у. Уынгтæ алырдыгæй дзаг сты ахæм цырæгътæй (фанартæй). Изæрдалынг куы фæвæййы, уæд сæ иу ранæй æваст ссудзынц, æмæ бæстæ ныррухс вæййы боны хуызæн, – загъта та Дунейы Тых.

Иуæй, уыцы ныхæстæм хъусгæйæ, иннæмæй, хъæуы рухсмæ кæсгæйæ, афтæ ныджджих дæн, æмæ нæ базыдтон, нæ аэроплан зæххыл стыр хæдзары раз куыд æрлæууыди, уый, цалынмæ хъæр мæ хъустыл нæ сæмбæлди: «Уазджытæ – Хуыцауы уазджытæ, мидæмæ рацæут!», – зæгъгæ, уалынмæ. Замманай сахъ фæсивæд нæ цингæнгæ, хъæлдзæгæй, худгæйæ мидæмæ бахуыдтой. Арæзт стыр уазæгдоны бадти зæронд лæг, газет йæ къухы, афтæмæй. Куы нæ ‘рбауыдта, уæд сыстади, «æгас цæут» нын загъта, сбадын нæ кодта йæ разы, йæхæдæг дзуры кæстæртæм:

– Уазджытæ фæллад сты æмæ сын исты хæринаг, хуыссын афон у ныр.

Йе цавæр стæм, цы стæм, кæдæм æмæ кæцæй цæуæм, уый тыххæй нæ фæрсæг нæ уыд. Уалынмæ нын рахастой алыхуызон хæринаг, æз ма цæмæдæр æнхъæлмæ кастæн, фæлæ дзы уый нæ уыд. Арахъхъы бæсты нуæзтам тæнæг къуымæл æмæ уазал хæххон суар. Цалынмæ хæрд фестæм, уалынмæ йæ дзыхæй дзырд никæмæн ссыди. Зæронд лæг сыстади æмæ нæм дзуры:

– Хуыссын афон у ныр, хабарæй уæ нæ фæрсын, хабæрттæ уын нæ дзурын, фæллад стут.

Схуыссыдыстæм. Райсомæй та баиу стæм фынджы уæлхъус. Ныр ме ‘мбал Дунейы Тых мемæ нал уыди, уый мæ бынтондæр ферох. Чысыл мæхинымæр стыхстæн, æфсæрмæй уыд, цæмæй уыд, уымæн мæхæдæг дæр ницы зыдтон. Мæхинымæр тыхсын, уый мын зæронд лæг куы бамбæрста, уæд мæм худгæйæ дзуры:

– Мæ хуры чысыл! Де ‘мбал дæм зындзæн. Чи дæ, цы дæ, дæ иунæджы царды хабæрттæ мын иууылдæр фæдзырдта де ‘мбал. Бафæдзæхста мын, нæ царды хабæрттæ дын куыд фæдзурон, афтæ. Мемæ ныхас кæнынмæ, бафæрсынмæ æфсæрмы ма кæн: зæрондæй, лæппуйæ та цы хъауджыдæр ис! Лæджы азтæй фæрсын нæ хъæуы, æрмæст, дам, азтæй хистæр у, фылдæр фæцардис, айдагъ уый тыххæй лæгæн аргъ, æгъдау дæттын нæ хъæуы. Уыйиу нæ фыдæлты заманы уыди, сырдты цард куы кодтой, ахуыргонд куы нæ уыдысты, кæстæртæ хистæрты раз тæссæй ризгæ куы кодтой, кæрæдзи куы ‘ргæвстой, уарзондзинад, кусын циу,

уый куы нæ зыдтой, уæд. Лæджы зонын хъæуы дыууæрдыгæй: æппæты фыццаг, базон, ахæм æмæ ахæм лæг йæхи куыд уарзы, йæхицæн йæ цæст куыд æмæ цас уарзы, афтæ иннæтæн дæр уарзы æви нæ, уый фæстæ базон: ахæм æмæ ахæм лæг куысты, фыдæбон кæныны мидæг йæ цард, йæ зæрдæйы рухс уыны æви нæ. Иу дзырдæй, куыстуарзон у æви нæу. Уыцы дыууæ раныл чи хæцы царды мидæг, уый махмæ хуыйны «лæг». Махæн нæ цард афтæ арæзт у уарзондзинадыл æмæ кусыныл. Нæ, æмæ лæг, иуæй, уарзгæ нæ кæны, иннæмæй, кусгæ, – уымæн кад, аргъ, æгъдау нæй, фæнды зæронд уæд, лæппу, сылгоймаг.

Цалынмæ ныхас кодта цытджын зæронд, уæдмæ мæ цæстытæ йæ цæсгомæй нæ райстон. Йæ хъæлдзæг, цардхуыз цæсгом мæм афтæ дзæбæх фæкасти, æмæ нал æфсæстæн йæ уындæй. Йæ фæлмæн зæрдиаг ныхæстæм хъусгæйæ, мæ зæрдæ срухс ис, йæ алы ныхас дæр мæ буары иннæрдæм уади.

«Тæхуды, æмæ мын искуы ахæм хистæртæ куы уыдаид», – загътон, ныуулæфгæйæ, мæхинымæр. Цыма мæхи æмгаримæ бадтæн æмæ уымæ хъуыстон, уыйау мæм касти. Мæхи нал баурæдтон æмæ бафарстон зæронды, сæ фæсивæд куыд кæсынц, куыд ахуыр кæнынц скъолайы, адæм иууылдæр чиныджы зонынц æви нæ, мæн хуызæн мæгуыртæ сæм ахуыр кæнынц æви нæ... Иу дзырдæй, фæндыд мæ базонын, цæй руаджы у сæ уарзондзинад, сæ куыстуарзон.

– Махмæ йæ бон никæмæн у æнæ ахуыр кæнгæ, – загъта зæронд лæг. – Алы лæг дæр хъуамæ арвита йæ сывæллоны скъоламæ. Нæ, æмæ уый нæ кæны, уæд ыл æвæрынц стыр стъраф (ивар), цалынмæ йæ лæппу, йе йæ чызг скъоламæ цæуын нæ байдайа, уалынмæ. Фæлæ нæм стърафгонд ничи цæуы, уый тыххæй, æмæ алчидæр æмбары ахуыр кæныны пайда, æнæ ахуырæй цард кæй нæ ис ныры рæстæджы, уый. Уымæ гæсгæ нæ бæсты иу æнахуыргонд лæг нæй, нæй дзы, газет чи нæ кæсы, ахæм дæр. Скъолаты тыххæй ма фехъусдзынæ, фендзынæ сæ дæхæдæг, фæлæ уал ныр цом æддæмæ æмæ фен бæстæ, адæмы, – загъта зæронд æмæ сыстади. Сыстадтæн æз дæр æмæ рацыдтæн йæ фæстæ.

Цавæрдæр бæрæгбон уыди. Кæд райсомæй тынг рауарыди, уæддæр иу цъыфы мур уынгты нæ уыди. Уынгтæм акæсгæйæ, лæджы зæрдæ дзæбæх кодта, уынгтæ уыдысты раст, сыгъдæг, рæсугъд, дурæй конд, сæ фæрсты – къанæуттæ, былтыл –

бæлæстæ сагъд, бæлæсты бын та – бадæнтæ. Кусгæ бон кæй нæ уыди, уымæ гæсгæ уынгты, бадæнтыл уыди бирæ адæм. Чысыл лæппутæ, газеттæ уæйгæнджытæ, «балхæнут» хъæргæнгæ, газет куы иу, куы иннæмæ бадавынц: адæм сыл алырдыгæй хæлæф кæнынц. Адæммæ уыцы каст кодтон, æмæ дзы иу мæхи *хуызæн* фыддзард, мæгуырхуыз, бæгънæг нæ федтон. Чысылæй, стырæй уыдысты хъæздыг, хæрзхуыз, арæзт. Сæ каст иууылдæр мæнмæ скодтой; цыма мæм фæзынынмæ æнхъæлмæ кастысты, уыйау мын, сæ рæзты цæугæйæ, æгъдау, салам лæвæрдтой. Стыр диссаг мæм фæкасти сæ уæздандзинад. Стырдæр дис та ууыл фæкодтон, æмæ дзы иуы фарсыл дæр цыргъаг – хъама, дамбаца – нæ федтон.

– Иууылдæр афтæ æнæ гæрзтæ вæййут? Исчи уын нæ уадзы гæрзтæ дарын, æндæр афтæмæй куыд цæуиккат? – дисгæнгæйæ бафарстон зæронды.

– Æмæ цы кæнæм мах гæрзтæй? Цæмæн нæ хъæуынц? Гæрзтæ цы сты, цæмæн хъæуынц, уый махмæ æмбаргæ дæр нæ кæнынц, – тынгдæр фæдисгæнгæйæ загъта зæронд.

– Ау, куыд ницæмæн хъæуынц гæрзтæ? Мæнмæ гæсгæ, æнæ гæрзтæ ныры заманы цæрæн нæй, уый тыххæй æмæ алкæй дæр йæхи, йæ фосы хъахъхъæнын хъæуы хуыснæджытæй, абырджытæй, – тынгдæр дисгæнгæйæ та загътон æз.

Зæронд лæг мын уыцы сахат дзуапп нæ радта. Уæлдæр куы ссыдыстæм, уæд ныллæууыди, йæ къухæй мын-иу стыр хæдзæрттæм бацамыдта æмæ загъта:

– Мæнæ дын, мæ хур, нæ гæрзтæ, нæ хъама, нæ дамбаца æмæ не 'ндæртæ.

Уыдон уыдысты скъолатæ: лæппуты æмæ чызджыты скъолатæ, гимназтæ, техникæйы, зæххы, хъæды куыст кæныны скъолатæ.

– Ды мæ, мæ хур, фæрсыс гæрзты тыххæй, давды, абырджыты, хи æмæ фос хъахъхъæныны тыххæй, – загъта зæронд. – Махмæ давд нæй, нæй нæм хуыснæг, абырæг, ахæм митæм никæй æвдæлы: нæ фос æхсæвæй, бонæй хизынц быдыры æнæ гæсæй. Тас никæмæй æмæ ницæмæй у. Æз дын комкоммæ зæгъон: уыцы зæронд бадæн, æмæ нæ зонын, не 'хсæн искуы давд, мард æрцыди, уый. Æрдæбон дын куыд загътон, махæн нæ царды фæндаг у æрмæст кæрæдзийы уарзын æмæ кусын, хи сыгъдæг фæллойæ цæрын. Ды та мæ цæмæйты фæрсыс, уыдон кæд æмæ кæд уыдысты!

Уыцы митæ уыдысты нæ фыдæлты фыдæлты æмæ уыдоны фыдæлты заман. Уыцы заман мах, зæрæдтæ, аргъæутты æрæййæфтам, фæлæ сын ныр нæ сывæллæттæ, нæ фæсивæд ницы æмбарынц...

Адæм уыцы рæстæджы мыггæгтыл дих кодтой. Иу мыггагæйиу исчи искæй хъуамæ ницæй йе истæй тыххæй амардтаид... Дыууæ мыггаджы-иу туджджынтæ сысты. Мард-иу кæмæй фæци, уыцы мыггаг иннæ мыггаджы – марæджы мыггаджы – æддæмæ ракæсын нал уагъта. Куыстмæ нæ, фæлæ сын уынгмæ, аргъуанмæ, сæ сывæллæттæн скъолатæм цæуæн дæр нал уыди. Иу лæджы марды тыххæй-иу æгас мыггаг искæй хæдзæртты уазæгуаты æмбæхстæй бадти. Бафæрс-иу, цæмæн афтæ кæнут, цы уын кодтой æгас мыггаг, марæгæн йæ фыд, йæ мад, йе 'фсымæртæ, уæд дын загътаиккой: «Æгъдау афтæ амоны, æмæ хъуамæ мах нæ туг райсæм, нæхиуыл хъуамæ худинаг ма ныууадзæм, æгъдаумæ гæсгæ нæ хъуамæ æфсæрмы кæной марæгæн йæ мыггаг, йæ хæстæджытæ». Стæй-иу сæ фидауын кодтой адæм, хъæубæстæ. Æмæ сæ куыд фидауын кодтой, æнхъæлыс? Ома, мæнæ адæм æфсымæртæ сты, кæрæдзи марын æмæ æфхæрын тæригъæд у, кæрæдзи уарзын хъæуы, уый нæй; фæлæиу марæджы хæдзар бафидæд туг, ома, æрхонæд æгас дзыллæйы, иу-æртæ-цыппар боны сæ схæссæд, бафидæд сыгъдæг æхцайæ 600–1000 сомы; саразæд марды номыл бæх 300–500 сомы аргъ, стæй йын ныссадзæд цырт. Адæммæ-иу уыцы митæ, тæрхонтæ хорз кастысты.

Кæд-иу дыууæ туджджыны кæрæдзийæн ницы кодтаиккой, уæддæр-иу сæ адæм кæнæ сусæгæй, кæнæ æргомæй кæрæдзийыл ардыдтой, фидис сын-иу кодтой... Ахæм мийæ махмæ ницы ис. Зонæм, иууыл иу æмхуызон кæй стæм, уый: уымæ гæсгæ, уарзæм нæ кæрæдзийы, æххуыс кæмæн хъæуы, уымæн æххуыс кæнæм. Уымæн дын загътон, мæ хуры чысыл, скъолатæ нæ хæцæнгæрзтæ сты. Цардимæ хæцæм нæ ахуырдзинадæй, нæ кусынæй, кæрæдзи уарзынæй. Æнæ ахуырæй нæм лæгæн баззайæн нæй. Йæ бон кæмæн нæ вæййы стыр скъоламæ ацæуын, уыдоны тыххæй не 'хсæн æхца ис, æмæ нæм уымæ гæсгæ æнæ фæндаг ничи баззайдзæн. Махæн нæ цард нæ кæрæдзийы хорздзинады тыххæй у: «Иу – æппæты тыххæй, æппæт – иуы тыххæй».

Фæстаг ныхæстæ зæронд лæг загъта хъæрдæрæй, хъæлдзæгæй.

Йæ сывæллоны цæсгом æмæ йын йæ худгæ цæстытæ куы ауыд-тон, уæд мæм цыма йæ цæсгомæй хуры тынтæ æрбакастысты, уыйау фæци мæ зæрдæ. Йæ фæстаг ныхæстæ «Иу – æппæты тыххæй, æппæт – иуы тыххæй» мæ буары ацыдысты. Нал баурæдтон мæхи фырцинæй æмæ, мæ цæстысыг калгæйæ, йæ хъуыры ныттыхстæн æмæ загътон:

– Дæ уазæг кæнын мæхи. Дæ хорзæх мæ уæд æмæ мæ уемæ цæрын, ахуыр кæнын, кусын уадзут. Æз дæн иунæг, æнамонд, ардыгæй ничердæмуал фæцæуинаг дæн, стæй, кæдæм фæцæ-уон, уый дæр нæ зонын.

– Мæ хуры чысыл, – загъта зæронд, – æгайтма дæ фæнды мах бæсты цæрын. Ды иунæг, сидзæр куы хонис дæхи: кæй бауарз-дзыстæм дæуæй тынгдæр! Махимæ ды сидзæр, иунæг, æнамонд нæ уыдзынæ. Акæс дæ алыварсмæ: иууылдæр ныййарджытæ, де 'фсымæртæ, дæ хотæ. Цæр, кус, ахуыр кæн æгъдаумæ гæсгæ, æрмæст дæхи тыххæй нæ, фæлæ иннæты тыххæй дæр. Зон, адæм хорз, хъæздыг куы уой, уæд ды дæр хорз æмæ хъæздыг уыдзынæ, уый тыххæй æмæ ды дæр адæмæй дæ; нæ адæм мæгуыр сты, уæд ды дæр мæгуыр дæ, уый тыххæй æмæ адæмæй дæ. Лæгæн йæ уæнгтæй иу куы рисса, уæд æгас буар дæр риссы, буар куы рисса, уæд алы уæнг дæр риссы. Афтæ сты адæм дæр. Рох дæ ма кæнæд нæ дуджы ныхас: «Иу – æппæты тыххæй, æппæт иуы тыххæй»; уарз æппæты, алкæй дæр, дæхи куыд уарзыс, афтæ; дæхицæн дæ цæст куыд æмæ цас уарзы, афтæ уарзæд æппæтæн дæр.

Уый дæр ма дын зæгъын: нæ цард цы 'гъдæуттыл лæууы, уыдоныл чи нæ цæуа, ома, чи нæ куса, чи нæ ахуыр кæна, уымæн махмæ бынат нæй, чифæнды уæд.

Фырцинæй, цæйау фæзæгъынц, – мæ зæрдæ уæрыккау ка-фыди, куы базыдтон, бынтондæр ам баззайдзынæн, уæд. Ны-хас куыд кодтам, афтæ нæм хъæлдзæгæй, худгæйæ иу чысыл лæппу æрбазгъордта æмæ нæм фæйнæ стыр гæххæтты листы авæрдта. Гæххæтты уыди ахæм фыст: «Райсом 8 сахатыл изæрæй театр «Фарн»-ы хъаздзысты ног ныффыст драмæ «Худина-джы бæсты – мæлæт хуыздæр».

– Мах тынг сахуыр стæм театрыл æмæ æнæ уый æппындæр нæ зонæм, – загъта зæронд. – Театр у нæ дыккаг скъола. Уым уынæм хорз æмæ рæсугъддзинады ныв, уынæм дзы афтæ нæ сахъæттæ æппæт дæр. Бирæ нæ цух нæ кæны театрмæ цæуынæй, цæуынц иууылдæр ус уæд, лæг уæд – кæд тых никæуыл ис,

уæддæр. Райсом хъаздзысты «Худинаджы бæсты – мæлæт хуыздæр», æмæ уæд фендзынæ, куыд цæуынц адæм, уый. Фæлæма мын зæгъ, мæ хур, «Худинаджы бæсты – мæлæт хуыздæр» куыд æмбарыс? – фæхудгæйæ мæ бафарста зæронд. Æнхъæл кæм нæ уыдтæн, афтæ мæ бафæрсдзæн зæронд, уымæ гæсгæ фыццаг фефсæрмы дæн дзуапп раттын, стæй фæхъæбатыр кодтон мæхи æмæ загътон:

– Амæлын хуыздæр у, цæйнæфæлтау лæгыл худинаджы, æгады ном сбада, ома амæлын хуыздæр у, цæйнæфæлтау мын исчи мæ бæх, мæ гал тыхæй байса æмæ фидиссаг фæуон, кæнæ мын сæ, хуысгæ куыд кæнон, афтæмæй исчи адава. Фæлтау амæл, цæйнæфæлтау лæгыл зарæг скæной.

Мæ дзуаппыл зæронд лæг афтæ тынг ныххудти, æмæ æваст фестъæлфыдтæн, стæй мæхинымæр мæсты дæр адæн.

– Афтæ кæй зæгъдзынæ, мæ хуры чысыл, уый зыдтон, – зæгъгæ, мын худгæйæ загъта зæронд. – Æз дын æрдæбонсарæй уый куы дзурын: махмæ давæн, ницæй тыххæй марæн нæй. Уыцы митæ кæддæр нæ фыдæлтæм уыдысты. Уым адавын, амарын, тыхæй байсын уыдысты кад æмæ ном... Æрдæбонсарæй дæр дын ахæм æвзæрдзинæдты тыххæй уымæн нæ кой кæнын, æмæ нæм не сты. Махмæ æвзæр, худинаг цы у, уый фыццаг рæстæджы хорздзинадыл нымад уыди; фыццаг рæстæджы хорздзинад цы хуыдтой, уый та махмæ æвзæрдзинад у

Кæд нæ фыдæлтæ бынтондæр æвзæрдзинадыл хæст уыдысты, кæд се 'нахуыр æмæ се 'нæмбаргæдзинадмæ гæсгæ талынджы цардысты, уæддæр сæм иукъорд ахуыргонд, скъолаты бакаст адæм уыди. Лæг банхъæлдтаид, уыцы скъолайы бакаст адæмæн, фылдæр кæм æмбарынц æмæ зонынц, уымæ гæсгæ сæ зæрдæ рисдзæнис се 'нæмбаргæ адæмы митыл æмæ ахуыр кæндзысты ног цардыл, ног æгъдæуттыл. Фæлæ цы? Уыдонæн дæр сæ зонд уæлдай нæ уыди талынг адæмы зондæй. Талынг адæммæ кад æмæ ном цы касти: давын, тыхæй исын, абырæг цæуын. Уыцы æвзæрдзинæдтæ ма тыхджындæр кодтой адæмы 'хсæн уыцы æрдæгахуыртæ. Чингуытæ фыстой, æрра хъæбатырдзинадыл ахуыр кодтой æнæуый дæр ардыд адæмы. Иу чиныг дзы æрæййæфтам мах фыццаг адæмæй. Чиныгæн йæ сæр афтæ у: «Худинаджы бæсты – мæлæт хуыздæр». Чиныджы сæрмæ гæсгæ адæймаг банхъæлдтаид, цыма уыцы рæстæджы, æцæг худинаг циу, уый æмбæрстой, уыйау. Чыныгфыссæг йæ

чиныджы стауы адæмы бынгæнæг абырæг Хъырымы. Хъырым адæмæн бæх, гал нæ уагъта, ницæй тыххæй мæгуыр адæмы цагъта. Хъырымы нæ хъæуы закъон, æгъдау, æфсымæр, æрдхорд... Хъырым агуырдта бынтон сæрибардзинад; мах цавæр сæрибар цард æмбарæм, ахæм нæ, фæлæ, æвзæрдзинад кæнынмæ йæ бар йæхи куыд уыдаид, афтæ. Уыцы чиныджы Хъырым иу ран афтæ дзуры йæхинымæр: «О сæрибар цард. Цы бирæ дæ фæцагуырдтон æмæ дæ цæй æрæджиау ссардтон». Банхъæлдзынæ, Хъырым адæмы дзæбæхдзинады тыххæй йæхицæн зынтæ аразы. Бæх адавынæй æмæ бæхы тыххæй лæг амарынæй æддæдæр Хъырым нæ цыди. Уыцы чиныг æппæты фыццаг куы рацыди, уæд диссаг уыди фæсивæдмæ кæсын. Æнæуый дæр, æвзæрдзинадмæ гæппæввонг лæугæйæ, фæсивæд æвзæр кæндтыты сæхиуыл Хъырымы ном æвæрдтой, æмæ «Хъырым дæн», зæгъгæ, стыр фæндæгтыл бадтысты мæгуыр адæмы фос исыны тыххæй. Кæд цыфæнды хорз чингуытæ фыстой уыцы рæстæджы ахуыргонд адæм, уæддæр иу ранæй, æвзæрдзинад стыхджын кæнын йеддæмæ, адæмæн пайда нæ радтой. Сæ чингуыты давыны, марыны æмæ гæрзты тыххæй йеддæмæ ницы фыстой, фæлæ мæнæ адæмæн æвзæр æгъдауы бæсты хорз æгъдауы ныв ратт, уый нæ кодтой...

– Раст дын куы зæгъон, мæ хур, – загъта та зæронд лæг, – уæд мæнæн нæ фыдæлты коймæ мæ зæрдæ рисгæ кæны. – Худинаджы лæг, мæ хур, махмæ уыцы лæджы хонынц, йæ митæ, йæ цард худынæн кæнæ кæуынæн йеддæмæ кæмæн ницы сты; кусынæн чи у, фæлæ кусгæ чи нæ кæны, ахуыр чи нæ кæны, уарзынæн зæрдæ кæмæн ис, фæлæ уарзгæ чи нæ кæны; иу дзырдæй, пайдайы лæг чи нæ у, хорздзинадæн размæ, рухсмæ цæуынæн цæлхдур чи лæууы.

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, иу стыр, æнахуыр конд агъуысты размæ бацыдыстæм. Уый уыди театр. Йæ конд иннæ хæдзæртты хуызæн нæ уыди, фæлæ æндæр хуызæн, иуæй, стыр мæсыджы хуызæн уыди, иннæмæй та – аргъуаны.

Театрæн йæ дуары сæрмæ фыст: «Театр “Фарн”. Театры фарсмæ чингуытæ æмæ газетты кæсæндон. Уырдæм цыдысты адæм газет бакæсынмæ, хабар фехъусынмæ, кæрæдзиимæ баныхас кæнынмæ. Бирæ адæм уыди газет кæсæндоны æмæ театры цур бæлæсты бын. Алырдыгæй адæм къордтæ кодтой æмæ зæрдиагæй цæуылдæр ныхас кодтой. Куы бафарстон, цæмæн

афтæ æмбырд сты адæм æмæ цæуыл афтæ æнæвдæлон ныхас кæнынц, уæд мын загъта зæронд:

– Абон хъæуы æвзæрст лæгты æмбырды бон у. Алы дæс хæдзарæн дæр ис æвзæрст лæг. Уыцы æвзæрст лæгтæ иумæ æрæмбырд вæййынц æмæ кæнынц хъæуы хъуыддæгтæ: æмбырды алы æвзæрст лæг дæр дзуры йæ дæс хæдзары номæй. Æмбырдмæ куы фæцæуынц, уæд æвзæрст лæгтæ раздæр баныхас кæнынц сæ сæвзарджытимæ.

Исты хъуыддæгтæ куы бакæнынц, уæд дæр та афтæ: алчи йæ дæс хæдзарæн фехъусын кæны хабар; æвзæрст лæгтæ сæ сæвзарджыты зæрдæмæ куы нæ цæуой, зæрдиагæй куы нæ кусой хъæуы пайдайæн, уæд сæ уайтагъд аивынц. Абон та се 'мбырды бон у æмæ, мæнæ куыд уыныс, раздæр ныхас кæнынц.

Хъæуы 'хсæнмæ æвзæрст чи 'рцæуы, уый йæ удæй бацæуы исты хорздзинад скæныныл æмæ уый равдисыныл адæмы 'хсæн. Æхсæнмæ æвзæрст цæуынц кæддæриддæр растдæр, æнæгæдыдæр æмæ тынгдæр ахуыргонд адæм. Æвзæрст лæгтæ се 'хсæн хистæрæн сæвзарынц иуы; уыцы лæг, «æмбырды хистæр», хъуыддæгтæ 'взаргæйæ, кæсы, цæмæй дзæгъæл ныхас мачи кæна, фæлæ алчидæр дзыллæйы пайдайæн, кæрæдзимæ хъусгæйæ, йæ рад куы 'рцæуа, уæд. Æмбырды бонмæ ма къуыри кæнæ дыууæ къуырийы куы вæййы, уæд æмбырды хистæр æвзæрст лæгтæм, алкæмæ дæр хицæнæй, арвиты гæххæтты фыстæй, цы хъуыддæгты тыххæй дзурдзысты æмбырды, уыдон. Фыстæй куы райсы алы æвзæрст лæг, цы хъуыддæгтæ кæндзысты, уыдон, уæд алчи йæ дæс хæдзары æрæмбырд кæны æмæ сын фехъусын кæны: «Ахæм æмæ ахæм хъуыддæгты тыххæй дзырд уыдзæн. **Сымахмæ та куыд кæсы?**» Дæс хæдзарæй æвзæрст лæг бауынаффæ кæны раздæр, байхъусы йæ сæвзарджытæм æмæ алы хатт цæттæйæ 'рцæуы æмбырдмæ.

Хъуыддæгтæ аразæг æмбырд йеддæмæ ма нæм ис хъæуыхицæуттæ. Хъæуыхицæутты 'взарæм нæхуыдтæг не 'хсæнæй. Хъæуыхицауæн кæд йæ бон бирæ нæу хъæуы æхсæн, уæддæр уый хъуамæ уа тынг ахуыргонд æмæ раст лæг. Æвзæрст лæгты æмбырды æвастæй хъæуыхицауæн йæ бон ницы бакæнын у. Хъуыддæгтæгæнæг, æмбырд ын цы зæгъой, уый кæны, æндæр ницы. Хъæуыхицау æмбырды æвастæй исты хъуыддаг куы бакæна æмæ уый тыххæй куы нæ фехъусын кæна æмбырдæн, иу дзырдæй, йæхи куы нæ сраст кæна, уæд æй уайтагъд аивынц,

стæй хъуамæ судмæ дæр лæвæрд æрцæуа. Нæ фыдæлты рæстæджы дæр-иу уыди хъæуыхицæуттæ, æвзæрст лæгты æмбырдтæ. Æмæ-иу куыд кодтой хъæуы хъуыддæгтæ? Лæджы цæмæн æмæ кæдæм æвзарынц, уымæн ницы æмбæрстой. Хъæуы хъуыддæгтæм куыдфæнды цæстæй кастысты. Æвзæрст лæг йæ сæвзарджыты зонгæ дæр нæ кодта. Æмбырдмæ цæугæйæ сæ раздæр ничи зыдта, цæуыл дзурдзысты, уый. Æрцыдысты-иу расыгæй, фæхъæр-иу кодтой, кæрæдзиимæ-иу ныххылтæ уыдаиккой æмæ-иу хъуыддæгтæ уымæй ахицæн кодтой. Лæг дзы йæхицæй, йæхи зондæй ницы загътаид, мæнæ ацы хъуыддаг, мæнмæ гæсгæ, афтæ ‘мæ афтæ бакæнын хъæуы зæгъгæ. Уый нæ, фæлæ-иу исчи загътаид: «Мах разы стæм». Æмæ-иу ууыл хъуыддаг ахицæн и. Бафæрс сæ-иу, цæуыл разы стут, зæгъгæ, уæд дын загътаиккой: «Æмæ-гъа, загътой æмæ цы уыди?!» Хъæуыхицау хъæуты паддзахæй уæлдай нæ уыди. Цы йæ фæндыд, уый-иу кодта... Налатдæр, æнæхатырдæр чи уыди, уыдон та-иу хъæуыхицæуттæ кодтой. Æвзæрст лæгты æмбырдæн хъæуыхицауы раз йæ бон ницы уыди. Уый уымæн уыди, æмæ алчидæр хъæуы хъуыддагмæ куыдфæндыйы цæстæй касти. Уый не ‘мбæрстой æдылытæ, æмæ алчидæр хъæуæй кæм у, уым хъæуы хъуыддаг хи хæдзары хъуыддаг у. Хъæуы хъуыддæгтæм куыдфæндыйы цæстæй кæсыны азарæй уыцы заманы хъæутæ æдзæллагмæ ‘рцыдысты, æвзæрдзинады йеддæмæ æндæр ницæй фæндагыл арæзт уыдысты.

Адæммæ хæстæг куы бацыдыстæм, уæд мын иууылдæр салам радтой. Иууылдæр сæ цæстытæ мæнмæ сарæзтой, цыма мын тæригъæд кодтой, цыма сын мæ царды хабæрттæ зындгонд уыдысты, уыйау мæм фæкасти. Сæ уындæй, иуæй, мæ зæрдæ рухс кодта, аннæмæй та, æфсæрмы кодтон, æгæр мæм кæй кастысты, уымæй. Кæд мæ хъæддаг хонынц, зæгъгæ, ахъуыды кодтон мæхинымæр. Куы мæ бафарстой, чи дæн, уæд сын ме ‘мбал зæронд радзырдта мæ хабæрттæ. Адæм, цыма æппын сæ хъустыл дæр никуы ‘рцыди ахæм хабæрттæ, уыйау фесты.

– Ныр абонæй фæстæмæ, хорз адæм, не ‘фсымæр, нæ уазæг немæ цæрдзæн, ныронг иунæг æмæ сидзæр чи уыди, мæт бирæ чи кодта æмæ мæтгæнæг кæуыл нæ уыди.

Иу лæджы хуызæн æрыхъуыстой адæм уыцы ныхасмæ.

– Ме ‘фсымæртæ, – загъта та зæронд адæмæн. – Мах æхсæн мæгуыр нæй, уый тыххæй æмæ нæ зонд у кусыныл, фыдæбон

кæныныл арæзт; нæй не ‘хсæн мæгуыр, иунæг, уый та уымæн, æмæ нæ мадæлты хуылфæй гуырæм уарзондзинадимæ, уарзондзинад нæ кæрæдзийыл бийгæ цæуы. Нæй не ‘хсæн мæгыр, иунæг, сидзæр, уый тыххæй, æмæ нæ дзырд, нæ куыст нæ райгуырынæй нæ амæлынмæ ахæм у: иу – æппæты тыххæй, æппæт – иуы тыххæй. Нæй не ‘хсæн мæгуыр, уый тыххæй, æмæ иууылдæр стæм ахуыргонд, ахуырдзинадмæ бæллæм, ахуырдзинады рухсмæ мыггагмæ нæхи тындздзыстæм!

Цæудзыстæм æмæ цæудзыстæм размæ, æнусмæ тындздзыстæм нæхи æнусон хуры рухсмæ, уарзондзинады хурмæ!

Уыцы ныхæсты фæстæ мын адæм арфæ ракодтой, æмæ сæ фылдæр ацыдысты тæрхондонмæ. Мæн зæронд æндæр уынгты акодта. Уынгтæ сæ рæсугъдæй, сæ сыгъдæгæй кæрæдзийæн бар нæ лæвæрдтой.

Иу ран мын зæронд лæг фенын кодта хъæуы банк, банчы фарсмæ – æгас хъæуы дукани. Дукани йæхæдæг уыди иу-цыппар – фондз хæдзары йас.

Дуканийы тыххæй мын зæронд радзырдта афтæ:

– Махмæ алы хъæуæн дæр ис хи дукани. Кæд алы уынджы дæр ис дуканитæ, уæддæр уыцы дуканитæ иугай лæгты, мыййаг, не сты, фæлæ сты иу дуканийы хæйттæ. Адæм æлхæнынц, цы сæ хъæуы, уый. Хъæуы дуканийы асламæй ис хорз товар; дукани цы пайда кæны, уый фæстæмæ адæммæ сæхимæ цæуы, уый тыххæй æмæ æгас хъæуæн иумæ у. Иугай лæгтæн дæр ис сæхи пайдайæн дуканитæ кæнæн, фæлæ хъæуæн йæхицæн дукани куы уа, уæд ма цæмæн балхæна æндæр ран?! Фыццаг рæстæджы, ахæм дуканитæ цы сты, уый æмбаргæ дæр нæ кодтой. Иугай лæгтæ-иу сæхи пайдайæн дардтой дуканитæ, уæй кодтой æвзæр товар, зынаргъ дзаумайæ-иу дыууæ-æртæ аргъы истой, адæмы царм стыгътой дуканигæстæ. Адæм фосæй уæлдай кæй ницы ‘мбæрстой, уымæ гæсгæ мæгуырмæ цыдысты. Банк æмæ дукани куы федтон, уæд мæ зæронд ракодта хъæуы кæронмæ – хъæуы кæрон лæгъзы уыдис æгас хъæуы рынчындон.

– Рынчын нæм йæ хæдзары нæ сæйы, – загъта зæронд, – фæлæ ам, рынчындоны. Ам сæм ис хорз зылд, ис сын хорз хæринаг; хæдзары та тынг зын у рынчынмæ зилын. Стæй низтæ сæ фылдæр хæцгæ кæм сты, уым рынчынæй хъахъхъæнын хъæуы æнæнизты. Рынчынмæ йæ тæккæ ногыл зылд куы нæ уа, уæд уый фæстæ зын дзæбæхгæнæн у. Фыццаг рæстæджы-иу рынчын

цалынмæ мæлыныл ныллæууыди, уæдмæ йын хос нæ кодтой. Сæ хосгæнджытæ та дæсны устытæ уыдысты. Дæсны ус-иу фæрсæггаг æхца райста, загъта-иу: рынчынæн аххосаг у, æмæ йын æргæвдын хъæуы нывонд фыс кæнæ гал. Ахæм æдылы миты азарæй-иу рынчын æнæ хостæй амарди, хæдзар та дæсныты фæдыл, цы мæгуыр уыди, уымæй мæгуырдæрмæ цыди. Махмæ ахæм дæснытæн сæ кой дæр нæй, чиныджы бакаст дохтыртæ æмæ фелсыртæ йеддæмæ... Лæг фæрынчын ис, уæд æй уыцы сахат бахæццæ кæнæм рынчындонмæ. Ахуыр кæй стæм, нæхимæ дзæбæх кæй зилæм, уымæ гæсгæ не 'хсæн æнæ адзалæй бирæ нæ мæлы.

Фыццаг рæстæджы-иу алы æвзæр низтæ, хæцгæ низтæ адæмы æрцыбыр кодтой. Афтæ уый тыххæй уыди, æмæ адæм сæхимæ зилын нæ зыдтой, се 'нæниздзинад хъуыды дæр нæ кодтой.

Рынчындонæй мæ зæронд лæг акодта тæрхондонмæ, дæс хæдзарæй лæгтæ хъæуы хъуыддæгты тыххæй æмбырд кæм уыдысты, уырдæм. Мæ зæрдæ барухс ис, адæмы хъуыддагыл бадгæ, куыстыл куы федтон, уæд. Хъуыддаджы лæгтæ бадтысты æнцад, рæсугъд, алкæмæн йæ гæххæтт, йæ фыссæн йæ разы. Рæсугъд стыр агъуысты астæумæ æввахс бæрзонд бадæныл бадти æмбырды хистæр, йæ фарсмæ – хъуыддæгтæ фыссæг. Æвзæрст лæгтæ дзырдтой радыгай сабыр, æнцад. Йæ рады-иу чи нæ дзырдта, стæй йæ дзырд хъуыддагыл кæмæн нæ цыди, фæлæ-иу æддæдæрты чи ахæцыди, уый-иу хистæр баурæдта. Æвзæрст адæмты йеддæмæ ма уым уыди бирæ адæм, æнæуый адæм, суанг чысыл лæппуты онг. Æнæуый адæмæн, ома, хъусынмæ чи цæуы, уыдонæн сæ бынæттæ уыдысты хицæн, бæрзонд, цармæ хæстæг, æмæ уырдыгæй бынмæ кастысты æмæ хъуыстой хъуыддаггæнджытæм.

Куы бафарстон мæ зæронды, æнæуый адæм кæнæ чысылтæ та ам цы ми кæнынц, цæмæн сæ уадзынц, уæд мын зæронд загъта:

– Махмæ стыр кад у хъæуы 'хсæн, дзыллæйы пайдайыл кусын. Алы адæймаг дæр йæхи æмбарынхъом куы фæвæййы, уæд йæхи цæттæ кæны куыстмæ. Алчидæр зæгъы: «Тæхуды, æмæ æз дæр исты хорздзинад, хорз хъуыддаг куы бакæнин мæ адæмы, мæ дзыллæйы 'хсæн». Æмæ кæддæриддæр æвзæрст цæуынц адæмæн сæ зонджындæртæ, сæ тынгдæр ахуыргæндтæ.

Чысылтæ та нæм уымæн цæуынц, æмæ хъуамæ раздæр ахуыр кæнын байдайой кусыныл. Лæг йæ сывæллонæй йæ зæрдæмæ цы хъуыддаг райса, уый йын ферох кæнæн нæй, уымæ гæсгæ бирæтæ хонынц сæ фыртты æмбырдмæ ныхæстæм хъусыны тыххæй. Фыццаг рæстæджы чысыл лæппуйæн нæ, фæлæ лæглæппуйæн дæр нæ уыд хъуыддаджы ‘мбырдмæ бацæуæн; æввахс дæр сæ нæ уагътой хъуыддаджы ранмæ. Зæронд лæг-иу, иу дзырдæй, азтæй хистæр, цыфæнды æдылы æмæ зианы ныхас куы кодта, уæддæр-иу кæстæрæн, кæд зонджындæр уыди, уæддæр нæ уыди дзурæн. Сæхи, сæ митæ-иу æдылы ныхасæй раст кодтой: «Хистæрæн, зæгъы, йæ фындз амæрз, стæй йæ уæд зондæй бафæрс». Уый не ‘мбæрстой, æмæ зонд хистæрæй кæстæры сæрыл нæу, стæй хъуыдджы мидæг азтæй хистæр æмæ кæстæр нæй.

– Уæд уæм лæппутæ та устытæ куыд курынц? Чызгыл уæм ирæд цас фидынц? – тагъдгомау афарстон зæронды.

– Ирæд та цы хоныс? Цæй тыххæй бафида лæппу чызгыл æхца, сылгоймаг фос куы нæ у, мыййаг, уæд æй цы ‘гъдауыл æлхæной æмæ уæй кæной? Цыма нæ хъæддаг фыдæлты рæстæджы цæрыс, уый ныхæстæ кæныс, – фидисгæнгæйæ загъта зæронд. – Мах æхсæн сылгоймагæй, нæлгоймагæй хъауджыдæр нæй. Нæлгоймæгтæ нæм куыд ахуыр кæнынц скъолаты, афтæ ахуыр кæнынц сылгоймæгтæ дæр. Иу ран, æцæг, сылгоймæгтæн сæ бар къаддæр у лæгтæй, хъæуы æхсæны хъуыддæгтæм сæ кæй не ‘взарæм, уый тыххæй. Æмæ уый ницы кæны: сылгоймæгтыл стыр куыст æвæрд ис – афтид сывæллæттæ хæссын æмæ уыдон хъомыл кæнын, йæхи æмæ дзыллæйы пайдайæн, уымæй стырдæр ма куыст цы ис! Цыдæриддæр нæлгоймаг кусы, уый сылгоймаг дæр, æххæст ма йæ хъæуы хъуыддæгты дæр куы бафтауиккам, уæд ма сывæллæтты та чи хæссы?

Махмæ чызджы, йæхи нæ бафæндгæйæ, моймæ тыхæй раттæн нæй. Тыхæй цы чызджы раттай, уый цы цард фендзæн?! Чызг хъуамæ йæхæдæг сæвзара йæхи зæрдæмæ гæсгæ къай æмæ уымæ ацæуа. Лæппу дæр афтæ. Чызг æмæ лæппу кæрæдзи куы бауарзой, уæд лæппу йæхæдæг сæхимæ фехъусын кæны йæ хабар, фехъусын кæны афтæ чызджы хæдзары дæр. Ус курыны хъуыддаджы махмæ æцæгæлон адæмæй минæвæрттæ нæй. Ахæм хъуыддаджы чызг æмæ лæппу сæ кæрæдзи хуыздæр зонынц æмæ сæ сæхи бар уадзын хъæуы.

Ændær хуызон митæ-иу уыди фыццаг рæстæджы. Уым чызгмæ, иу дзырдæй, сылгоймагмæ, фосы цæстæй кастысты. Чызг æмæ лæппуйæн сæ кæрæдзийы фенæн нæ уыди. Чызг æмæ лæппу уынгты ацыдысты – уæд фесæфтысты адæмы цæсты. Ирæд дзы уыди 500–1000 сомы онг. Фылдæр чи райстаид, ома, фылдæр аргъ кæмæн ныккодтаид йæ фос-чызг, уый уыди адæмы 'хсæн кадджын, хорз мыггаг! Лæппу-иу уыйбæрц куы бафыста, уæд-иу хæдзар афтидæй баззади. Иу мæй дзæбæх ацардаиккой ус æмæ лæг, стæй-иу цард фехæлди. Бахæринаг сыниу нал уыди, æмæ та загъд æмæ над стынг сты хæдзары. Хæдзары-иу куы ницыуал уыди, уæд та-иу лæг давын, тыхæй исын байдыдта. Цардæн уым йæ кæронгæрон дæр нæ уыди, фæлæ дзы уыди хъизæмар сæ райгуырынæй сæ амæлынмæ.

Æваст фестадтæн быдыры хуымты 'хсæн. Алы хортæм акæсгæйæ, адæймаджы зæрдæ дзæбæх кодта. Æмæ дзы цы хор конд нæ федтон! Быдыры хуымты 'хсæнты уыди стыр къанаутæ къахт, къанаутæ донæй седзаг... Хуымы зæхх конд кæм нæ уыди, иу дзырдæй, зæрæстоны зæхх цы уыди, уымæй дзаг уыди фаджысæй. Быдыртæм, хуымтæм акæсгæйæ бæрæг уыди, дæсны адæм сæ кæй кусынц, уый.

– Зæхх фыццаг заман хъæздыгдæр уыдаид, зылд æм куы уыдаид, – загъта зæронд лæг. – Фыццаг заман хортæй нартхор йеддæмæ ницы кодтой. Иу ран-иу зæхх куы бакодтой, уæд-иу, цалынмæ йæ тых бынтон басасти, уæдмæ йæ нæ уагътой. Уый не 'мбæрстой, æмæ зæхмæ зылд куы нæ уа, уæд мæгуыр кæй кæны. Мæнæ нæ зæхх смæгуыр, гъемæ нын уый тыххæй хор нал зайы, зæгъгæ, дын нæ загътаиккой. Фæлæ-иу загътой: «Хор нын нал зайы, адæмы сæфт æрцыд!» Ноджы хъæд æнæвгъауæй цагътой. Уый не 'мбæрстой, æмæ бæстыл хъæд куы нæ уа, зæхмæ хъæдæй уымæл куы нæ цæуа, уæд зæхх ницыуал дætты; стæй хъæд куыд къаддæргæнгæ цæуы, афтæ дæттæ дæр сысгæ цæуынц. Иу дзырдæй, æнæ хъæд дон нæй, дон куы нæ уа, уæд та бæстыл цард нæй, уый тыххæй æмæ æнæ дон зæхх ницы у.

Мах нæ ахуыры, нæ куысты руаджы хуыртæ дæр зæхх скодтам. Фыццаг æппын кæм ницы зади, уым ныр хор тауæм. Хус рæстæг куы вæййы, уæд, цæмæй хуымтæ ма фесæфой, уый тыххæй мæнæ ацы къанауты дон ауадзæм. Иу стыр их, кæнæ ахæм æндæр исты тых ма 'рцæуæд хортыл, уыййеддæмæ мах нæ куысты руаджы хуымтæ сæфын нæ бауадздзыстæм. Иу ран

хуымтæ куы бакæнæм, уæд иннæ ран та зæхх улæфгæ кæны; зæххæн йæ тых къаддæр кæнын нæ бауадздзыстæм, уый тыххæй æмæ йæм зилæм, фаджыс æм ласæм æмхуызонæй...

Нæ фосы хæссæм таугæ кæрдæгæй. Иу, фылдæр – дыууæ дæсæтинæй фылдæр хæдзары нæ бахъæудзæн, уый тыххæй æмæ таугæ кæрдæг зайы тынг хорз, бæзджын, стæй йæ кæрдæм дыууæ хатты алы сæрд дæр. Кæрдæг афтæ бирæ æрæмбырд вæййы, æмæ ма йæ уæлдай дæр баззайы иннæ азмæ.

Фыццаг рæстæджы ахæм митæй ницы кодтой, хоры мыггагæй æрмæст нартхор тыдтой, æмæ уый дæр кусын нæ зыдтой... Нартхор-иу куы фесæфти, куы не 'рзади, уæд-иу стонгæй мардысты. Мах алы хоры мыггаг дæр кæнæм. Иу хор куы нæ æрзайа, – иннæтæ æрзайдзысты. Иумæ æмсæфт куыд фæкæндзысты хортæ!

Иу иннæйы фæллоймæ нæ бавналдзæн, хуымтæм йæ фос ничи бауадздзæн, иу дзырдæй, знаггад ракæнæн нæй не 'хсæн... Дæхæдæг мæнæ уыныс, – загъта зæронд, – ацы хорты рæсугъддзинад!

Æмæ куыд нæ уыдысты рæсугъд! Цыма дзы фосы нæ, фæлæ лæджы къах дæр никуы 'рлæууыд, уыйау уыдысты.

Лæгъз быдыры, сыгъдæг уæлдæф улæфгæйæ, мæ алыварсмæ куы акастæн, уæд федтон чысыл дæрддзæф æндæр хъæутæ; хъæутæ мæм кастысты горæтты хуызæн; фæлæ хъæутæ сты, уый та чи зыдта. Куы бафарстон зæронды, уæд мын радзырдта афтæ:

– Уыдон дæр хъæутæ сты, мæнæ нæ хъæуы хуызæн. Æцæг, мах хъæу стырдæр у, адæм дзы фылдæр цæры. Махмæ, куыд федтай, алы хъæуы дæр цард афтæ у: кусынц, ахуыр кæнынц, кæрæдзи уарзынц, иу дзырдæй, архайынц размæ, рухсмæ цæуынмæ. Кæд хъæутæ-хъæутæ цæрæм, кæд нæ буæрттæ хицæн сты, уæддæр нæ уд, нæ зæрдæ, нæ уынаффæтæ иу сты; нæ кæрæдзи нымайæм, нæ кæрæдзи хъахъхъæнæм, зонæм иууылдæр, тых, хъару иудзинады, кæрæдзийы æмæ нæ бæсты уарзондзинады кæй ис, уый.

Цæмæй нæ бæсты иудзинады æмæ уарзондзинады тых тыхджындæрæй-тыхджындæр кæна, уый тыххæй нæм фондз азæй фондз азмæ ис стыр бæрæгбон. Уыцы бæрæгбон хуыйны «Адæмы бæрæгбон». Чысыл уæд, стыр уæд, уыцы бонмæ æрæмбырд вæййынц алы хъæутæй тынг бирæ адæм. Бæрæгбонмæ бирæтæ

сæхи сцæттæ кæнынц исты ныхас ракæнынмæ. Дзурæг лæгтæ, алчи йæ хъæуы номæй, фехъусын кæнынц, уыцы фондз азы хъæуы цы ми бакодтой, ома: сæ алы куыстæй дæр цас размæ ацыдысты адæм алы хъæуы. Дзурæг адæм сидынц адæммæ сæ кæрæдзи уарзыны, ахуыр кæныны, кусыны, иудзинады тыххæй.

Тынг хъæлдзæг вæййы уыцы рæстæджы махмæ. Адæмы хъæлдзæгæн, цинæн нæ вæййы кæрон. Сæ кæрæдзиимæ куы баныхас кæнынц, афтæ æмæ нæ афтæ цæрын хъæуы фидæнмæ, уæд алчи хъæлдзæгæй ацæуы йæ хæдзармæ.

Бæрæгбонтæ, бæрæг рæстæджытæ фыццаг заман дæр уыди, фæлæ-иу куыд уыдысты? Ома мæнæ бæрæгбоны руаджы æрæмбырд уæм æмæ хъуыддаджы пайдайы ныхас бакæнæм, уый нæ, фæлæ-иу кусарт акодтой, хæрд-нуæзт сцæттæ кодтой, æрæмбырд-иу сты, «Хуыцауæн кувæм», зæгъгæ, æмæ-иу арахъхъ нуазын байдыдтой. Æнæ арахъхъæй кувгæ дæр нæ кодтой... Махмæ арахъхъ нæй. Лæджы сæр дзæгъæл цы нуæзтæй кæна, лæгыл низ цы нуæзт æфтауа, уымæн махмæ бынат нæй. Махæн нæ нуæзт – сыгъдæг дон, хæххон суар кæнæ та къуымæл.

Зæронд лæгмæ хъусгæйæ дис кæнын йеддæмæ мæ бон цы уыди!.. Кæддæр иунæг уыдтæн, æххормаг, уый мæ бынтондæр ферох ис. Цыма ам райгуырдтæн æмæ зæронд лæджы къухы схъомыл дæн, уыйау мæм касти.

Быдырæй хъæуы, фысыммæ цы хæдзары æрлæууыдтæн, уый раз куыд фестадтæн, уый нæ базыдтон. Æз афтæ ‘нхъæлдтон, æмæ ацы стыр хæдзар зæронд лæджы у, фæлæ æдде къулыл куы бакастæн ставд фыстытæ, уæд базыдтон, æрмæст бæлццæтты тыххæй, уыд. Къулыл уынджырдæм уыди ахæм фыст: «Ацы уазæгдон у бæлццæтты, уазджыты тыххæй: цæхх, кæрдзын, хи ирхæфсынæн – газеттæ, чингуытæ». Хæдзары, бæлццæтты тыххæй зæронды бафæрсынмæ куыд хъавыдтæн, афтæ ме ‘мбал Дунейы Тых йæ тæхгæ машинæимæ – аэропланимæ – мæ уæлхъус æрбалæууыди.

– Цæугæ куыд æркодтай, афтæ фæстæмæ фæцæуын дæр хъæуы. Цом, æз дæ фæстæмæ фæхæццæ кæнон, – зæгъгæ мын тызмæггомауæй загъта Дунейы Тых.

– Æз ардыгæй – мæ бæстæй – ничердæм цæуын, стæй цæмæн æмæ кæдæм цæуон, уæлдайдæр демæ, – зæгъгæ, дзуапп радтон.

Æмæ куыннæ загътаин афтæ: бынтондæр мæ ферох ис, искуыцæй сæфтыдтæн ардæм, уый.

– Æз дæн Дунейы Тых, мæн æвастæй зæххыл, дунейыл ницы цæуы! Цом фæстæмæ, раджы дын у нырма ам цæрын, – загъта хъæрæй æмæ мæ тыххæй сбадын кодта тæхгæ машинæйы.

Мæ цæстысыг донау калди, аэроплан куы фезмæлыди, уæд. Афтæ уæлиаумæ нæ systa, æмæ мæм зæхх æппындæр нал зындис. Æваст Дунейы Тых афтæ хъæрæй ныххудти, æмæ дзы мæхицæн старстæн. Худы æмæ мæм дзуры:

– Мæгуыры зæрдæ фынтæй дзæбæх, хъаст мæ-иу ма ракæн, иунæгæй, æххормагæй та куы баззайай, уæд. Æппын ницы, фæлæ дæ фыны уæддæр ацæрын кодтон, тынг зын дын уыдзæн чысыл фæстæдæр, куы райхъал уай, уæд. Æнæуый хъизæмар цард йеддæмæ кæй ницы федтай, уый зонын. Дæ фыны дæр уæдæ ма ацæрай!

Уыцы ныхæсты фæстæ Дунейы Тых æваст аэроплан фæфæлдæхта æмæ йæхæдæг фæтары ис. Мæнæн фыртæссæй мæ хъæр, мæ ниуын ссыди, аэроплан куы рахауди бынмæ, уæд. Цалынмæ уыцы бæрзондæй зæхмæ хауд, уæдмæ мæнæн мæ уд мæ мидæг нал уыд. Гъе, ныр æрхаудзæн, зæгъгæ, æмæ лыстæг пырх ныууыдзыстæм æз дæр æмæ аэроплан дæр, афтæ ма иу хъæр ныккодтон: «Фæдис, мæлын!» Æмæ æваст фехъал дæн.

Цы дзæбæх ацардтæн мæ фыны, цы дзæбæх федтон мæхи, мæ адæмы, мæ бæсты, ныр та цы уынын, цы хъусын?!

Тæхуды, æмæ куынæуал райхъал уыдаин, ацы царды бæсты.

# АРВИСТОН

## КИТАЙАГ ЗОНДЫЛÆГТЫ НЫХÆСТÆЙ

♦ Адæймаджы æрдзон миниуджытæн ивæн нæй, хъысмæтæн ивæн нæй.

***Чжуан-цзы.***

♦ Амонд бумбулийæ рогдæр у. Бæллæх зæххæй уæззаудæр у. Йæ иувæрсты ацæуæн нæй.

***Чжуан-цзы.***

♦ Дæ уд æгъатыр куы уа, дæ зæрдæ та гуырымыхъхъ, æнæхсæст, уæд дын иу хъуыддаджы дæр ницы бантысдзæни. Дæ уд сабыр, æвæлмаст куы уа, хиуыл хæцын куы фæразай, уæд дæм амонд йæхæдæг æрцæудзæни.

***Хуан Цзычен.***

♦ Бирæ чи зоны, уый мадзура у, бирæ чи дзуры, уый та ницы зоны.

***Лао-цзы.***

♦ Алцыдæр базонон, зæгъгæ, чи хъуыды кæны, уый зонджын нæу.

***Чжуан-цзы.***

♦ Кæсынæй бæрц чи нæ фæзоны, уый фæстаджырдæм скъуымых вæййы. Ахæм адæймаджы истæмæй куы бафæрсай, уæд дын дзуапп ратдзæн искæмæй æфстау ист ныхæстæй.

***Сюй Сюэмо.***

♦ Æрыгон лæппу чингуытæ кæсы, цыма мæймæ арф дзыхъхъæй кæсы, уыйау. Рæстæмбис кары лæг чингуытæ кæсы, цыма мæймæ сæ кæртæй кæсы, уыйау. Зæронд лæг чингуытæ кæсы, цыма террасæйы бады æмæ мæйæ йæ зæрдæ райы, уыйау. Чи куыд бæрзонддæр ран ис, уыйас арфдæр æмбары чингуыты фыстытæ.

***Чжан Чао.***

♦ Мах нæ цæстытыл æууæндæм, фæлæ сыл æуузæнк нæй. Мах нæ зæрдæйыл бауузæндæм, фæлæ нæ уый дæр куы фæсайа, уымæй тæссаг у. Уæдæ уæ зæрдыл бадарут, ахуыргæнинæгтæ: адæймаджы базонын тынг зын хъуыддаг у!

♦ Мæйдары дæхицæй æлгъитынæй иу гыццыл сойын цырагъ ссудзын æнцондæр у.

♦ Ахуыргæнæг загъта: «Æуузæнк кæуыл нæй, ахæм адæймагимæ исты хъуыддаг кæнæн куыд ис? Уæрдонæн сæмæн куы нæ уа, уæд ыл цæуæн куыд ис?»

♦ Хорз æфсæйнагæй зæгæлтæ нæ кæнынц – зонджын никуы бабæлдзæни салдат суæвынмæ.

***Конфуций.***

♦ Цæмæй адæмы размæ хонай, уый тыххæй сæ фæстæ цу.

♦ А дунейыл донæй фæлмæндæр æмæ лæмæгъдæр ницы ис, фæлæ йæ бон у æппæты хъæбæрдæр буаргъæд байсафын.

***Лао-цзы.***

♦ Йе ‘мбал кæсæгты хуызæн уæвын кæй нæ фæфæнды, уый йæхи раппары былмæ æмæ амæлы. Йе ‘мбал тигрты хуызæн уæвын кæй нæ фæфæнды, уый хæхтæй сахармæ æрцæуы æмæ уым къалатимæ бахауы. Зонджын иннæ адæмæй ницæмæй хицæн кæны, уымæ гæсгæ йын йæ размæ цæлхдуртæ æвæрæн нæй.

***Трактат «Гуань Инь-цзы»-йæ.***

♦ Уæртджынхæфсы рагъыл хъуынтæ ма агур, тæрхъусы сæрыл та сыкъатæ.

***Чайнаг зонды ныхæстæй.***

♦ Адæймаджы базонын æнцон нæу. Фæлæ, æнцонæй кæй базонай, уыцы адæймаг уый аккаг нæу, цæмæй йæ зонай.

***Чень Цвижу.***

♦ Кадмæ, хъæздыгдзинадмæ æмæ хицауы бынатмæ тырныны хъуыдытæй дæхи куы ссæрибар кæнай, æрмæстдæр дын уæд бантысдзæни царды æнаив, æлгъаг митæй фервæзын. Царды дыл хæс кæй ис, хæрзгæнæг æмæ дæ адæмуарзон уæвын кæй хъæуы, уыдæттыл куы нал хъуыды кæнай, æрмæстдæр уæд æрлæудзынæ зонды фæндагыл.

***Хун Цзычен.***

♦ Ницæйаг адæймæгтæй æппæлæн ныхæстæ хъусыны бæсты сын фæлтау се 'фхæрæн ныхæстæм хъус. Уæздан лæгмæ нымады дæр кæй нæ дæ, уый уыныны бæсты йын фæлтау йæ уайдзæфтæм хъус.

***Хун Цзычен.***

♦ Зондджын лæг йæ дзых æхгæдæй дары – зоны: сойын цырагъ дæр йе 'взаджы аххосæй басудзы.

***Чжуан-цзы.***

♦ Зондджын уæвынæй хъæбатыр уæвын æнцондæр у. Æцæг курдиаты хицæуттæй фысджытæ дзæвгар фылдæр сты.

***Чжан Чао.***

♦ Ницы мæ хъæуы, зæгъгæ, ахæм зондыл чи ныххæцыд, уый у, фыдбоны фæстæ цы æнæбын цъæх арв разыны, уый æнгæс.

***Хун Цзычен.***

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Мæн фæнды, цæмæй нæм стыр фыдракæндты тыххæй, уыимæ коррупцийы тыххæй дæр, марыны тæрхон хæссын райдайой, Китайы куыд у, афтæ! Мæн фæнды, цæмæй æнæфсис чиновниктæн, æхсæнады буарыл джыбытау чи ныддæвдæг æмæ йын йæ туг чи цъиры, уыдонæн сæ нымæц дзæвгар фæкъаддæр кæнæм!

* * *

Нæ экономикæ афтæ арæзт у: зыд æмæ кæрæф кæуыл бахæцыд, уыцы бизнесментæ уæрæсейаджы баххуырсыны бæсты фæлтау мигранты баххуырсдзысты. Гастарбайтерæн æртæ хатты къаддæр бафид, кæнæ та йын æппындæр ма бафид – иу æртæ мæйы гуыбыны хардзыл фæкусы, стæй бизнесмен миграцион кусæндонмæ фæхабар кæны, æмæ æххуырстыты бæстæйæ асурынц. Æвирхъау, цыфыддæр æнæфсисдзинад – уый у бæллæхтæн сæ уидаг. Стæй, цы дзырддаг у, хицауады фантас-

тикон æбæрнондзинад. Мæнæн тынг зын бамбарæн у, алы аз дæр бæстæйæ фæсарæнтæм 200 миллиард доллæрæй фылдæр цæмæн аивылы, уый! Европæйы ахæм заууаты уавæрæн уæвæн нæй! Зæгъæм, Австрийы цæрæгæн æндæр бæстæйы йе 'хцатæ æфснайыны бар нæ дæттынц. Куы йæ базоной, уæд стыр ивар бафиддзæн. Афтæ у Германы дæр. Махмæ та? Цыдæриддæр дæ фæнды, уый кæн! Нæ олигархтæ фæсарæнты уыйбæрц æхцатæ райстой кредиты, æмæ сæ нымайын хъæуы астрономион нымæцтæй. Афтæ уæвæн дæр ис, æмæ сын сæ хæстæ паддзахадæн фидгæ æрцæудзæн. Уый нын нæ индустри æппары тæссаг уавæрмæ.

***Эдуард Володарский,***
*АиФ, 2012, № 24*

* * *

Æппынæдзух хъусæм: «Америчы хуызæн!..», «Америчы куыд у, афтæ!..» Хуыцау нæ бахизæд, Америчы куыд у, уымæй! Уым бындурон цæрджытæй, зæгъæн и, ничиуал баззади!

Китайы куыд у, уый дæр махæн нæ бæззы – гæртамхорты дзы æхсгæ кæнынц. Махæн ахæм æгъдау куы сæвæрай, уæд нæ адæмы цыппæрæм хай цагъд æрцæудзысты! Стæй чи? Нæ хъæздыгдæртæ. Францаг æгъдæуттæ дæр нæм æвæрæн нæй. Æрæджы сæ автоинспекци президенты æрурæдта, йæ машинæ æгæр тагъд кæй скъæрдта, уый тыххæй. Махмæ ахæм хъуыды искæй сæры куы фегуыра, уæд æй æвæстиатæй æррадонмæ аласдзысты! Махмæ президенты бауромын Зæххы къорийы зылд бауромынæй уæлдай нæу. Уæвгæ та нæм афтæ кæсы, цыма нæ Зæхх сыдзмыдзы зилы!

Хицауад Удальцов æмæ Навальныйæ геройтæ сарæзтой. Уыдон та хицæуттæй маммтæ сарæзтой. Паддзахадон Думæйы депутаттæ та, митингты æгъдаухалджыты карздæр æфхæрæм, зæгъгæ, ахæм уынаффæйыл кæй схъæлæс кодтой, уымæ гæсгæ сæхицæй сарæзтой хъазæнхъултæ.

Уæдæ цæмæй æхсæнад æнцад-æнцойæ цæра, уый тыххæй цы скæнын хъæуы? Кæй кой ракодтам, уыдоны се 'ппæты дæр, стæй се 'мдзæхдонты бирæуæладзыгон хæдзæрттæм батæрæм, рухс, газ æмæ сæм дон мауал уадзæм. Кæд зымæг уа, уæд хъармгæнæнтæ дæр бауромæм. Æхсæвæй-бонæй рудзгуыты бын

гæрæхтæ кæнæм, стæй хъæрахст сисæм: «Спасите!» Ноджы-иу цæлхъзард нылласæм: «Мы наш, мы новый мир построим!..»

Æртæ боны фæстæ (Пугачевæйы зарæг уæ зæрдыл æрлæууын кæнут – «Три счастливых дня было у меня...») æфсæн дуарæхгæнæнтæ ралас, æмæ консенсус-бадзырд – цæттæ. Ома иумæйаг æвзаг ссардзыстæм, кæй самондджын кодтам бирæуæладзыгон хæдзæртты, уыдонимæ...

*АиФ, 2012, № 24*

# ЛЕВ ТОЛСТОЙЫ ÆМБИСÆНДТÆ

## ЦЪИАХЫ ЛÆППЫН

Адæмæй чи фæлыгъд æмæ иппæрдæй чи цард, иу ахæм лæг хъæды ауыдта æнахуыр ныв: уари фыдызгъæлы кæрдих æрбахаста, акъабæзтæ йæ кодта æмæ йæ цъиахы лæппынæн дæтты.

Лæг дисæй амард, уари кæйдæр лæппыны кæй æфсæста, ууыл æмæ йæхинымæры загъта: «Цъиахы лæппын Хуыцауы фæрцы нæ фесæфдзæни. Диссаг у, Хуыцау уарийы искæй сидзæры хæссыныл кæй сахуыр кодта, уый. Æвæццæгæн, Хуыцау æппæт цæрæгудты дæр дары, мах та æрмæст нæхи мæт кæнæм. Амæй фæстæмæ хæринагыл нал батыхсдзынæн. Иугæр Хуыцау æппæт удтæн дæр дæтты, уæд дзы æз дæр рохуаты нæ баззайдзынæн».

Уыйадыл лæг хъæды астæу æрбадт æмæ уæлæмæ нал стад, æрмæст Хуыцаумæ куывта. Æртæ боны ‘мæ æртæ ‘хсæвы донхоры хъæстæ нæ фæци. Æртыккаг бон афтæ слæмæгъ, æмæ йæ къух сисын дæр нал фæрæзта. Фырлæмæгъæй йæ хуыссæг æрцахста æмæ бафынæй. Æмæ йæ фыны федта иу зæронд лæджы. Цыма йæм æрбацыд æмæ йын загъта: «Дæхицæн къæбæрамал цæуылнæ кæныс? Афтæ ‘нхъæл дæ, æмæ дæ митæ Хуыцауы зæрдæмæ фæцæудзысты. Фæлæ рæдийыс – тæригъæды цæуыс. Хуыцау Дуне афтæ скодта, æмæ хъуамæ алы уд дæр йæхицæн цæрæнхостæ амал кæна. Уарийæн бацамыдта цъиахы лæппыны хæссын, уымæн æмæ æнæ уарийы æххуысæй лæппын байсæфид. Дæуæн та дæ бон у дæхи дарын. Ды Хуыцауæн фæлварæнтæ кæнынмæ хъавыс. Уымæй тæригъæды цæуыс. Райхъал у æмæ кусын райдай».

Лæг райхъал æмæ раздæры цардæй цæрын райдыдта.

## ÆМХУЫЗОН ХÆЙТТÆ

Иу къупецæн уыди дыууæ фырты. Хистæры бирæ уарзта æмæ йæ бынтæ уымæн ныууадзинаг уыди. Мад тæригъæд кодта кæстæрæн æмæ йæ лæгæн дзырдта, дæ бынтæ куыд уардзынæ, уый, дам, дæ цотæн ма ма зæгъ: фæндыд æй, фырттæм æмхуызон хæйттæ цæмæй æрхауа, уый. Къупец ын йæ фæндыл сразы.

Иу хатт мад рудзынджы цур бадт æмæ куыдта. Иу бæлццон йæ цуры æрлæууыд æмæ йæ бафарста, цæуыл кæуыс, зæгъгæ.

Ус загъта: «Куыд нæ кæуон, мæ фырттæ мын æмхуызон адджын сты, фæлæ сæ фыд ныццæхгæрмæ æмæ иуæн æппæт дæр ныууадзынмæ хъавы, иннæмæн та – ницы. Æз ын ныллæгъстæ кодтон, ма тагъд кæн дæ бынтæ уарынмæ, цалынмæ кæстæрæн исты мадзал не ссарон, уæдмæ. Фæлæ мæм æхца нæй, æмæ нæ зонын, цы чындæуа, уый».

Бæлццон ын афтæ: «Дæ мастæн хос ис: бавдæл æмæ дæ фырттæн зæгъ, æппæт бынтæ дæр, зæгъ, баззайдзысты хистæрæн, кæстæрæн та – ницы. Гъемæ сæм æмхуызон хæйттæ æрхаудзæни».

Кæстæр фырт куы базыдта, ницы йæм æрхаудзæн, уый, уæд æцæгæлон бæстæм ацыд æмæ сахуыр кодта. Уый фæрцы алцæмæ дæр арæхсын байдыдта. Хистæр фырт та йæ фыды цур бадт æмæ ницæуыл сахуыр – зыдта, хъæздыг кæй уыдзæн, уый.

Фыд куы амард, уæд хистæр фырт ницæмæ арæхстис, йæ бынтæ бахордта. Кæстæр та æцæгæлон бæстæйы фæгæрз зондæй æмæ къухæй архайыныл æмæ стыр бынтæ скодта.

## УАРГЪ

Дыууæ лæджы фæндагыл цыдысты æд уæргътæ. Иу йæ уаргъ йе ‘ккойæ нæ иста, иннæ та-иу æрлæууыд, йæ уаргъ-иу зæххыл æрæвæрдта æмæ-иу йæ фæллад уадзынмæ æрбадти. Фæлæ йæ йæ уаргъ алы хатт дæр йе ‘ккоймæ исын хъуыд. Æмæ бынтондæр бастади. Йæ уаргъ зæхмæ чи нæ иста, уый та къаддæр бафæллад.

## САГ

Саг цæугæдонмæ йæ дойны суадзынмæ бацыди. Доны йæхи куы ауыдта, уæд йæ сыкъатыл цинæй амарди, куыд парахат æмæ къабузджын сты, уый йын иттæг æхцон уыд, фæлæ йæ

къæхтæм куы ‘ркаст, уæд сæ йæ зæрдæ нæ барухс: «Æгæр лыстæг æмæ лæмæгъ сты». Уалынджы дын йæ цуры Домбай куы февзæрид æмæ йæм куы ‘рбагæпп ласид. Саг тыгъд быдыры лидзынтæ систа. Домбайæ адард ис, фæлæ хъæдмæ куы бахæццæ, уæд йæ сыкъатыл къалиутæ тыхсын байдыдтой, æмæ йæ Домбай рацахста. Саг йæ мæлæт куы базыдта, уæд йæхинымæры загъта: «Æдылы куыннæ дæн, æдылы! Лыстæг æмæ лæмæгъ кæй хуыдтон, уыдон мæ ирвæзын кодтой, цинæй кæуыл мардтæн, уыдон та мæ мæлæты дзæмбытæм баппæрстой!»

## КАЛМЫ СÆР ÆМÆ КЪÆДЗИЛ

Калмы къæдзил калмы сæримæ фæбыцæу, разæй сæ чи хъуамæ цæуа, уый фæдыл. Сæр загъта: «Дæуæн разæй цæугæ нæу, нæ дын цæстытæ ис, нæ хъустæ». Уæд къæдзил афтæ: «Уыйхыгъд мæм хъару ис, размæ дæ схойын. Куы мæ бафæнда, уæд бæласы зæнгыл æртыхсдзынæн, æмæ ды дæ бынатæй змæлгæ дæр нал фæкæндзынæ!» Сæр ын дзуапп радта: «Кæд дæ афтæ фæнды, уæд ахицæн уæм!»

Къæдзил сæрæй йæхи ратыдта æмæ размæ бырыныл фæци. Æвиппайды зæххы скъуыды ныххауд æмæ бабын.

## ЗÆРОНД ДАДА ÆМÆ ЙÆ ФЫРТЫФЫРТ

Дада тынг базæронд. Йæ къæхтæй цæуынæн нал уыд, йæ цæстæй нал уыдта, хъусæй нал хъуыста, йæ дæндæгтæ азгъæлдысты. Æмæ-иу хæргæ-хæрын йæ комдзаг йæ дзыхæй рахауд. Йæ фырт æмæ йæ йæ чындз фынджы уæлхъус бадын нал уагътой, пецы фæстæмæ-иу ын сихор бахастой. Иуахæмы та йын къусы хæринаг æрæвæрдтой. Уый йæм куыддæр æнарæхст æвнæлд фæкодта, къус йæ къухæй æрхауд æмæ асасти. Чындз зæронды загъды бын фæкодта, нæ къустæ, нæ тæбæгътæ, дам, нын радыгай фæсастай. Ырæй фæстæмæ, дам дын сихор тæгæнайы кæндзынæн. Зæронд лæг арф ныуулæфыди, фæлæ дзургæ ницы скодта.

Иуахæмы лæг æмæ ус уаты бадтысты æмæ ауыдтой: сæ фырт зæххыл цыдæр фæйнæджытимæ архайы. Уæд æй фыд фæрсы: «Мишæ, цы ми кæныс?» Фырт ын афтæ: «Баба, тæгæна кæнын,

тæгæна. Ды æмæ мæ мад куы базæронд уат, уæд уын-иу хæринаг уыцы тæгæнайы ныккæндзынæн».

Лæг æмæ ус кæрæдзимæ бакастысты æмæ скуыдтой. Худинаг сæм æркасти, зæронд лæджы кæй æфхæрдтой, уый. Уæдæй фæстæмæ-иу æй фынджы уæлхъус æрбадын кодтой, стæй йæм зылдысты, куыд æмбæлы, афтæ.

## ЛÆГ ÆМÆ ДЖИТЪРИТÆ

Иу лæг кæйдæр цæхæрадонмæ джитъритæ давынмæ бацыди. Джитъриты цурмæ бабырыд æмæ йæхинымæры дзуры: «Голладжы дзаг дзы ахæсдзынæн æмæ сæ ауæй кæндзынæн. Æхцайæ карк балхæндзынæн. Карк мын æйчытæ æрæфтаудзæни, къуыртты сбаддзæн æмæ мын бирæ цъиутæ рауадздзæни. Цъиуты схæсдзынæн, ауæй сæ кæндзынæн æмæ хъыбыл балхæндзынæн. Схæсдзынæн æй, æмæ мын хъыбылтæ ныззайдзæни. Хъыбылты ауæй кæндзынæн æмæ дзы ефс балхæндзынæн. Ефс мын байрæгтæ ныззайдзæни. Схæсдзынæн сæ æмæ сæ ауæй кæндзынæн. Хæдзар балхæндзынæн æд цæхæрадон. Цæхæрадоны джитъритæ ныссадздзынæн, хорз хъалагъуртæ баххуырсдзынæн, мæ цæхæрадон мын хъахъхъæндзысты. Мæхæдæг иуварс ацæудзынæн æмæ сæм ныхъхъæр ласдзынæн: «Гъе-гъе-гъей, хорз хъахъхъæнут!»

Лæг йæ хъуыдыты афтæ арф аныгъуылд, æмæ дзы ферох, кæйдæр цæхæрадоны кæй ис, уый. Гъемæ дын хъæлæсыдзагæй куы ныхъхъæр кæнид: «Гъе-гъе-гъей, хорз хъахъхъæнут!» Цæхæрадонгæстæ йæ фехъуыстой, рагæппытæ ластой æмæ йæ саунад скодтой.

# ИУАХÆМЫ

## «АЛКÆМÆН НÆ...»

Иу лæгæн йе 'хца адавдæуыд, æмæ кæуыл æмбæлд, уыдонæн се 'ппæтæн дæр хъаст кодта:

– Абонæй æвзæрдæр бон никуыма уыд.

– Алкæмæн нæ, – дзуапп ын радта давæг.

## ТÆФÆРФÆС

Къæрных кæйдæр хæдзармæ бабырыди, бирæ фæракъах-бакъах кодта, фæлæ дзы ницы ссардта, фыссæнгæрзтæй дарддæр. Куы цыди, уæд къулыл ныффыста:

«Иттæг хъыг мын у, афтæ мæгуыр æмæ гæвзыкк кæй стут, уый».

## ЙÆХИ АРГЪЫЛ

Къæрных хæрæг адавта æмæ йæ базармæ аласта уæй кæнынмæ. Фæлæ йын æй уым адавтой. Уый фæстæ йæ йæ зонгæтæ фæрсынц:

– Цасыл ауæй кодтай хæрæг?

– Йæхи аргъыл. Пайда дæр мын ницы ‘рхаста, зиан дæр.

## ИУ ÆХСÆВМÆ СУРС

Æрыгон лæппу йæ фыны федта, цыма йæ зæдтæ зындонмæ бакодтой, дæлимонты къухмæ йæ радтой, уыдон та йæ пиллон арты баппæрстой. Лæппу афтæ тынг фæтарст, æмæ райсомæй куы райхъал, уæд йæ сæр дæр, йæ зачъе дæр урс-урсид адардтой, раст цыма цыппарыссæдзаздзыд зæронд лæг уыд. Йæхиуæттæ, йæ зонгæтæ йæ афтæмæй куы федтой, уæд æй нал базыдтой.

## ХИЦАУЫ НЫХАС

Иу лæг базары бадт æмæ физонæг хордта. Йæ размæ æндæр лæг æрбацыд æмæ йæм дзуры:

– Мæнæн дæр ма дæ физонæгæй авæр, тынг æххормаг дæн.

Физонæджы хицау ын афтæ:

– Бауырнæд дæ, ай мæ физонæг нæу. Мæ хицау мын æй радта æмæ мын карзæй загъта, мæ бæсты, дам, æй бахæр. Йæ фæдзæхст ын куы нæ сæххæст кæнон, уæд мæ бафхæрдзæн.

## КУЫ СЫСТЫР УА...

Иу фæлдурæджджыныл сывæллæттæ дуртæ æхстой. Уый алыгъд æмæ фæндагыл ауыдта сылгоймаджы æд сывæллон. Фæлдурæджджын сабийыл йæхи андзæрста æмæ йæ саунад скодта. Мад фæрсы фæлдурæджджыны:

– Хуыцау дын æй ма ныббарæд! Цы дын кодта мæ саби?
Лæг ын дзуапп радта:
– Æ, дзæгъæлхæтæг! Ацы æнаккаг куы байрæза, уæд мæ уæртæ дурадзагъдæй чи суры, уыдонæй фыддæр фæуыдзæн!

## ФЫДДÆР ДЗЫ ЧИ ИС?

Иу æдылыйы бафарстæуыд:
– Эмесы Сахары (рагон сахар Сирийы. – Ред.) цал æррайы ис?
Æдылы сын дзуапп радта:
– Æрратæ дзы тынг бирæ ис, æмæ сæ банымайын мæ бон нæу. Æрра чи нæу, ахæмтæ дзы цал ис, уый базонын уæ кæд фæнды, уæд уын сæ банымайдзынæн, уымæн æмæ хæрз чысыл сты.

## «БÆРÆГБОНЫ ÆРБАЦÆУДЗЫНÆН...»

Хъæздыг лæджы хæдзармæ иу æрра æрбацыди. Хъæздыг ын дзулы къæбæр лæвæрдта. Æрра йæ нæ райста. Куы цыд, уæд фысымæн афтæ:
– Бæрæгбоны уæм æрбацæудзынæн – уæд уæм, чи зоны, дзидза дæр разына.

## ЦÆМÆН?

Иу лæг ахæм хабар ракодта. Рынчындонмæ, дам, бацыдтæн æмæ дзы федтон, æррайы куыд сбастой, уый. Æз, дам æм ме 'взаг фелвæстон, стæй йæм мæ цæстытæ ныдздзагъыр кодтон. Уый, дам, арвмæ йе 'ргом сарæзта æмæ дзуры: «Табу дын уа, не Скæнæг! Ай цы хабар у? Ацы дохтыртæ иу æррайы сæрибарæй ауадзынц, иннæйы та бæтгæ скæнынц?»

## ФÆДЗÆХСТ ÆВГЪÆДГÆСÆН

Иу фæлдурæджджынæн йæ ус ардта. Лæг æвгъæдгæс усмæ бацыд æмæ йын лæгъстæтæ кæны:
– Дæ хорзæхæй, чызг мын ма ралас. Лæппу мын ралас, æмæ дын æз динар* ратдзынæн.

---

* Динар – сызгъæрин æхца.

## СÆРЫ РЫСТÆЙ ИРВÆЗÆН

Иу ӕдылы йӕ кӕрчытӕ ӕмӕ цъиуты тыххӕй афтӕ дзырдта:
– О мӕ дуду дзибатӕ! Тӕхудидӕгӕй, мӕ бинонтӕй исчи куы фӕрынчын уаид ӕмӕ йын сымах куы аргӕвдин. Кӕд, уӕ цъахцъахӕй цы сӕрниз райстон, уымӕй фервӕзин!

## «КÆЙОНГ ХЪУЫСЫ МÆ ХЪÆР?..»

Иннӕ ӕдылы быдыры фӕцӕйзгъордта ӕмӕ йӕ хъӕлӕсыдзаг хъӕр кодта. Цы кусыс, зӕгъгӕ йӕ куы бафарстой, уӕд сын уый афтӕ:
– Мӕ хъӕр кӕйонг хъуысы, уый базонын мӕ фӕнды...

## «ЙÆ ФÆЛЛАД УАЛ СУАДЗА...»

Ӕдылыдзӕфӕй йе 'мбӕлттӕ куырдтой, дӕ саргъ, дам нын иучысыл авӕр. Уый сын ахӕм дзуапп радта:
– Бауырнӕд уӕ, ацы саргъӕй нырма ныр ӕрхызтӕн. Иу сахат бафӕразут, стӕй уын ӕй ратдзынӕн. Йӕ фӕллад суадза, мӕгуырӕг...

Цъары фæрстыл:

*2. Бинонтæ.*

*3. Æртæ дидинæджы.*

*4. Кадæггæнæг.*

* * *



| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |



* * *

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна, уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

*Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны, стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.*

*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 16.08.12. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 264. Цена свободная.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247